



**Unemployment
Insurance**



Asirans Chomaj Yon Tiliv ki Bay Enfòmasyon pou Moun ki Fè Reklamasyon

Oktòb 2017



Yon Divizyon Depatman Travay Eta New York

Depatman Travay Eta New York se yon patwon ak yon founisè pwogram ki Bay Posiblite Egalego pou Tout Moun. Gen èd ak sèvis oksilyè ki disponib pou moun ki andikape depi yo fè demann lan. Se Depatman Travay Eta New York ki bay tiliv sa a. Li gen ladan enfòmasyon jeneral sou dwa ou, responsabilite ou ak avantaj ou anba lwa Eta New York pou Asirans sou Chomaj. Enfòmasyon yo pa la pou eksplike tout dispozisyon lalwa.

Avi Enpòtan

Ou gen obligasyon pou li tiliv sa a. Tiliv la eksplike kijan Asirans Chomaj fonksyone, epitou li fè ou konnen dwa ou ak responsabilite ou yo. W ap jwenn repons pou anpil nan kesyon ou ka genyen nan tiliv sa a. Si ou pa jwenn repons pou kesyon ou nan tiliv la, tanpri ale nan sitwèb nou nan www.labor.ny.gov, sitou Kesyon Moun Poze Souvan yo. Nan paj prensipal nou, chwazi “Get Unemployment Assistance” (Jwenn Èd pou Chomaj) epi answit “Frequently Asked Questions” (Kesyon Moun Poze Souvan).

Tiliv sa a disponib tou nan lòt lang sa yo tou:

- | | |
|------------------|-----------|
| • Albanè | • Italyen |
| • Arab | • Koreyen |
| • Bangalè | • Polonè |
| • Chinwa | • Ris |
| • Fransè | • Panyòl |
| • Kreyòl ayisyen | |

Si ou gen yon kesyon espesyal, epi si lang ou pa endike nan lis anwo a, rele nimewo (888) 209-8124. Peze nèf epi n ap fè ou jwenn yon entèprèt

Enfòmasyon sou ID NY.gov:

Pou ou kapab fè yon reklamasyon sou entènèt, pou voye yon mesaj sekirize ban nou, pou enskri pou depo dirèk ak plis, ou dwe louvri yon kont nan NY.gov sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Pou jwenn plis enfòmasyon sou NY.gov, gade paj 3 tiliv sa a: “*Fason pou kreye ID NY.gov ou.*”

AVI KONSÈNAN LWA SOU PWOTEKSYON ENFÒMASYON PÈSONÈL

Lwa Eta New York (seksyon 94(1) (d) Lwa Fonksyonè Piblik New York) egzije nou pou fè ou konnen nou dwe pran enfòmasyon pèsònèl nan men ou pou ou kapab patisipe nan pwogram Asirans Chomaj. Si ou pa ban nou enfòmasyon nou mande yo, nou ka gen pou bay refi pou avantaj Asirans Chomaj ou.

Nan sèten kondisyon epi si lalwa bay otorizasyon, nou ka voye enfòmasyon nou pran yo ba patwon ou (yo) ak ba plizyè ajans leta ak ajans federal pou yo verifye travay ou ak kalifikasyon ou pou avantaj yo. Sa ka gen ladan itilizasyon sistèm enfòmatik ki konpare enfòmasyon nou jwenn yo avèk enfòmasyon ki nan lòt baz done; pa egzanp, lis moun yo anboche pa twò lontan epi yo konsève nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York.

Ou gen dwa pou revize enfòmasyon sou ou nou konsève nan Depatman Travay Eta New York, sof si lalwa ba ou egzanpsyón. Nou fè verifikasiyon woutin nimewo anrejistremet etranje nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Depatman Sekirite Teritwa Etazini pou nou kapab detèmine si yon moun kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Sa obligatwa dapre Lwa Federal 1986 konsènan Refòm ak Kontwòl Imigrasyon.

Otorizasyon nou pou mande enfòmasyon pèsònèl ou lè ou fè yon reklamasyon dapre Atik 18 Lwa Eta New York se yon otorizasyon nou jwenn nan Atik 18 Lwa Travay Eta New York pou Avantaj Leta Regilye ak Pwolonje, Chapit 85 Tit 5 Kòd Etazini pou Konpansasyon Federal Sivil ak Militè ak Chapit 68 Tit 42 Kòd Etazini pou Èd pou Chomaj akòz Katastwòf.

Kontakte Nou

Tou reklame avantaj Asirans Chomaj pa semèn (konfime pou avantaj yo) oswa tcheke kondisyon peman avantaj yo:

- **Sou entènèt:** Ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin.
- **Telefòn:** Rele nimewo **(888) 581-5812**, sistèm telefòn otomatize Tel-Service nou an, 24 sou 24, 7 jou sou 7.
- **Moun ki itilize TTY/TDD (moun ki gen twoub pou tandem): (877) 205-3119**
- **Itilizatè Relè Videyo:** Si ou itilize yon Sistèm Relè Videyo oswa lòt kalite sèvis relè, kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo **(888) 783-1370**.

Pou aplike pou avantaj yo (fè yon reklamasyon) oswa pou poze sèten kesyon sou reklamasyon ou:

- **Sou entènèt:** Ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin.
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou depi lendi jiska vandredi, ant 8 a.m. ak 5 p.m. nan nimewo **(888) 209-8124**. Gen entèprèt ki disponib pou pifò lang yo; peze nèf pou jwenn yon entèprèt.
- **Moun ki itilize TTY/TDD:** Rele yon operatè relè nan nimewo **(800) 662-1220** epi mande operatè pou rele nimewo **(888) 783-1370**.
- **Itilizatè Sèvis Relè Videyo:** Si ou itilize yon Sistèm Relè Videyo oswa lòt kalite sèvis relè, kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo **(888) 783-1370**.
- **Mesaj sekirize:** Konekte sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi klike sou ikòn anvlop ki anlè adwat paj-ekran My Online Services (sèvis mwen sou entènèt).

Pou kreye oswa itilize ID NY.gov:

- Ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin.
- **Ou bezwen èd?** Rele Depatman Sant Kontak Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m. lendi jiska vandredi. **Peze 2** pou pale avèk yon reprezantan nan Sant Kontak Depatman Travay.

Èd pou kat debi - Sèvis Klyantèl KeyBank:

- Rele nimewo **(866) 295-2955**

Pou jwenn fòm 1099-G ou:

- **Sou entènèt:** Konekte nan kont ou sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Nan paj My Online Services, klike "Unemployment Services" (sèvis pou chomaj) epi answit klike sou bouton "Payment and Tax withholding Options and View/Print 1099G" (chwa peman ak dediksyon pou taks epi wè/enprime 1099G).
- **Telefòn:** Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* nou epi fè chwa pou jwenn fòm 1099-G ou.

Liy Dirèk pou Rapòte Fwod nan Asirans Chomaj

- Rele nimewo **(888) 598-2077**

Lòt Resous:

- Vèsyon odyo tiliv sa a: <http://labor.ny.gov/ui/claimantinfo/Claimant-Handbook-Audio.shtm>
- Kesyon Moun Poze Souvan sou Asirans Chomaj: <http://labor.ny.gov/ui/faq.shtm>
- Pou jwenn enfòmasyon sou Salè Minimòm \$15 dola Eta New York, ale sou sitwèb: www.labor.ny.gov/minimumwage
- Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram Konje Familyal peye Eta New York, ale sou sitwèb: www.ny.gov/paidfamilyleave

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

15 Kesyon Prensipal Moun Poze Souvan sou Asirans Chomaj

1

K. Kilè m ap resevwa premye peman mwen? Mwen te aplike pou avantaj Asirans Chomaj depi plis pase yon semèn epi mwen pa tande anyen. Kisa mwen ta dwe fè?

R. Li pran twa a sis semèn apati moman ou depoze reklamasyon ou jiska lè ou resevwa premye peman ou, paske nou dwe revize aplikasyon pou avantaj ou yo, epitou nou dwe travay sou aplikasyon an. Ou p ap resevwa avantaj yo pandan peryòd tan sa a. Si nou jwenn ou kalifye, w ap resevwa nenpòt semèn aryere avantaj nou dwe ou ansanm avèk premye peman ou.

Pandan tan sa a, gen de bagay ou ta dwe fè:

- Ranpli epi retounen nenpòt kesyonè, epitou retounen nenpòt koutfil ou resevwa nan Depatman Travay touswit; epi
- Kontinye reklame avantaj yo chak semèn toutotan ou p ap travay epi ou satisfè kondisyon yo pou kalifye. Si nou jwenn ou kalifye pou avantaj yo, n ap peye ou nenpòt semèn aryere nou dwe ou.

2

K. Èske “reklamasyon avantaj yo chak semèn” oswa “konfirmasyon pou avantaj yo” se menm ak “aplikasyon pou avantaj yo” oswa “depoze yon reklamasyon?”

R. No. “Aplikasyon pou avantaj yo” oswa “depoze yon reklamasyon” vle di aplike pou avantaj Asirans Chomaj: ou depoze yon reklamasyon pou Asirans Chomaj, ki sanble avèk lè ou fè yon reklamasyon avèk yon konpayi asirans. Ou ban enfòmasyon sou tèt ou, sou patwon ou ak sou fason ou te pèdi djòb ou, epi nou deside si ou satisfè kondisyon yo pou resevwa avantaj Asirans Chomaj. Ou kapab aplike pou Asirans Chomaj swa sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov oswa rele gratis nan nimewo (888) 209-8124. Pifò moun aplike sou entènèt.

Tanpri gade kesyon 3 (apre) pou jwenn yon definisyon “reklame avantaj chak semèn” oswa “konfime pou avantaj yo.”

3

K. Kisa “reklame avantaj yo chak semèn” vle di? Epitou, kisa, “konfime pou avantaj yo” vle di?

R. “Reklame avantaj yo chak semèn” ak “konfime pou avantaj yo” vle di fason ou fè Depatman Travay konnen ou toujou nan chomaj, pare pou travay, epi kapab travay, ap chèche yon djòb, epi ou bezwen avantaj Asirans Chomaj. Ou fè sa chak semèn swa sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin oswa depi ou rele liy telefòn gratis Tel-Service nou nan nimewo (888) 581-5812.

Lè ou reklame avantaj yo chak semèn, n ap poze ou yon seri kesyon. Li enpòtan pou reponn avèk serye, lè w ap konfime nan Depatman Travay pou repons ou yo vrè ak kòrèk. Se rezon sa a ki fè pwosesis la rele “konfirmasyon pou avantaj yo.”

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

4

K. Mwen te resevwa yon avi pou mwen patisipe nan yon reyinyon nan Sant Karyè Eta New York lokal mwen, men mwen pa t kapab/pa t ale. Kounye a avantaj mwen yo sispann. Kijan pou mwen mande pou yo kòmanse avantaj mwen yo ankò?

R. Premye bagay ou bezwen fè se, fas-a-fas, imedyatman ale nan Sant Karyè Eta New York ki endike nan avi ou pandan lè biwo louvri ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi. Ou pa bezwen yon randevou. Pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn,* paske yo pa kapab ede ou jouk apre ou ale nan Sant Karyè a. N ap kenbe avantaj ou yo apati semèn ou te rate randevou ou jouk nan semèn ou te ale nan Sant Karyè a.

Apre ou ale nan Sant Karyè a, w ap resevwa enstwiksyon pou reponn yon kesyonè sou entènèt. Reponn kesyonè a nan Sant Karyè a pou revizyon pi rapid oswa anvan 48 èdtan. N ap revize kesyonè a pou deside si ou kalifye pou resevwa avantaj yo pou semèn nou te kenbe yo.

5

K. Mwen t ap resevwa avantaj yo, men avantaj yo te sispann. Mwen pa t rate okenn reyinyon. Kisa k ap pase konsa? Èske mwen ta dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefòn?*

R. Pi souvan Depatman Travay te resevwa enfòmasyon ki ka afekte kalifikasyon ou pou avantaj yo. Enfòmasyon yo te ka soti nan ansyen travay ou, nan yon kesyonè ou te retounen, oswa ou te ka eseye konfime pou avantaj yo deyò Etazini (tanpri gade kesyon 8 la, anba la a). Lè sa pase, nou gen obligasyon pou mennen yon ankèt. N ap kenbe avantaj ou yo pandan n ap fè ankèt la.

Ankèt sa a kapab pran anpil semèn. Pa gen anyen ou kapab fè, sof reponn nenpòt kesyonè, mesaj, oswa koutfil nou san pèdi tan. Sant Reklamasyon nan Telefòn* pa kapab otorize peman avantaj yo pandan gen yon ankèt k ap fèt. Lè ankèt la fini, w ap swa resevwa tout avantaj nou dwe yo oswa w ap resevwa yon Avi Detèminasyon nou¹ pa lapòs.

Si nou te kenbe avantaj ou yo pandan **mwens pase senk semèn** epi ou pa t tandé anyen, pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Ankèt la toujou ap fèt. Men, si se te **senk semèn oswa plis** epi si ou pa t tandé anyen, ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou nan kont ou sou entènèt. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandid II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon. Ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* tou si se te senk semèn oswa plis.

Enpòtan: Pandan ankèt la ap kontinye, tanpri kontinye reklame avantaj yo chak semèn toutotan ou nan chomaj.

¹Pou objektif pwogram Asirans Chomaj, yon detèminasyon se yon non fòmèl pou yon desizyon Depatman Travay fè konsènan reklamasyon ou. Li enpòtan pou ou li, konprann ak konsève nenpòt avi ou resevwa nan men nou ki gen “detèminasyon” nan tit li.

6

K. Mwen te eseye reklame avantaj yo chak semèn, men sistèm telefòn nan p ap pèmèt mwen konfime. Mwen resevwa yon mesaj ki endike mwen dwe enskri sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa mwen dwe rele yon sèten nimewo telefòn. Kisa k ap pase konsa?

R. Depatman Travay te resevwa enfòmasyon ki montre ou te ka ap travay pandan ou te konfime ou pa t ap travay. Enfòmasyon sa yo ka soti nan yon patwon oswa yon lòt sous ki idantifye moun k ap eseye touche avantaj Asirans Chomaj yo pa kalifye pou resevwa. Pafwa, enfòmasyon sa yo montre ou t ap travay menmsi ou te vin nan chomaj pa twò lontan. Lè sa rive, Depatman Travay dwe konfime ou nan chomaj toutbon.

Pou rezoud sa, ou dwe ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi ou dwe swiv etap pou reklame avantaj Asirans Chomaj chak semèn. Pare ou pou bay lis tout dat ou te travay depi lè ou kòmanse reklamasyon ou. W ap bezwen bay non, adrès ak nimewo telefòn pou tout patwon ou te travay pou yo depi kòmansman reklamasyon ou. Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè, mete enfòmasyon sou travay ou pare epi rele nimewo (877) 280-4541.

7

K. Mwen te resevwa yon kesyonè nan Depatman Travay ki pa sanble konsène sitiyasyon mwen. Mwen panse mwen te fè yon erè lè mwen te konfime pou avantaj yo. Kisa pou mwen fè?

R. Retounen kesyonè a kanmenm. Ekri anlè oswa nan fen kesyonè a pou fè yo konnen ou panse ou te fè yon erè epitou bay detay ki apwopriye yo. Answit, retounen li nan mesaj sekirize. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize" pou jwenn enstwiksyon. Oswa, fakse li nan nimewo faks ki nan kesyonè a oswa voye li pa lapòs nan adrès ou jwenn nan kesyonè a. N ap revize oswa korije erè a si li apwopriye. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte ou nan telefòn oswa nan mesaj sekirize sou kont ou genyen avèk nou sou entènèt. Ou pa bezwen rele Sant Reklamasyon nan Telefòn;* yo p ap kapab rezoud kalite pwoblèm sa a.

8

K. Mwen bezwen vwayaje deyò peyi a. Kijan pou mwen reklame avantaj yo?

R. Si ou pral vwayaje pou vakans oswa pou rezon pèsonèl, ou pa kapab reklame avantaj yo pou moman ou ale a. Pou pwoteje dwa ou, ou **dwe kontakte** nou anvan ou vwayaje, menmsi w ap vwayaje pou chèche travay oswa pou fè yon entèvyou pou jwenn travay. Lè ou ban nou enfòmasyon sa yo anvan vwayaj ou, nou ka kenbe avantaj ou yo pou yon ti tan pandan ou deyò. Kontakte nou lè ou retounen pou kòmanse resevwa avantaj ou yo ankò. Ou dwe kontakte nou tou anvan ou vwayaje deyò zòn nòmal ou, menmsi ou pa kite Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Virgin. Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize" pou jwenn enstwiksyon. Ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan nimewo 1-888-209-8124. Sonje pou fè nou konnen dat vwayaj ou ak rezon pou vwayaj la.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Enpòtan: Pa eseye konfime pou avantaj yo pandan ou deyò Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Virgin pou nenpòt rezon. Gade Chapit 6 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “*Kijan pou mwen konfime pou avantaj yo*” pou jwenn plis enfòmasyon.

9

K. Kijan pou mwen tcheke istwa peman mwen ak/oswa kondisyon peman mwen?

R. Pou jwenn yon dosye konplè peman avantaj Asirans Chomaj ou, konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Nan paj-ekran My Online Services, klike sou “Unemployment Services” answit klike sou “View Payment History” (wè istwa peman).

Ou kapab rele liy Tel-Service nou tou nan nimewo (888) 581-5812. Swiv endikasyon yo pou tcheke istwa peman ou ak kondisyon peman ou.

10

K. Mwen te pèdi kesyonè/fòm/lèt Depatman Travay te voye ban mwen. Kisa mwen ta dwe fè?

R. Ou kapab mande yon lòt kopi kesyonè a/fòm nan/lèt la nan mesaj sekirize nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon. Oswa, ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

Enpòtan: Tanpri mande yon ranplasman san pèdi tan. Anpil enfòmasyon gen dat limit. Nou pa ajiste dat limit sa yo, menmsi nou bay yon ranplasman.

11

K. Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon konsènan avantaj mwen yo?

R. Toudabò, tcheke tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon. Gen repons nan tiliv sa a pou anpil kesyon nou te resevwa nan Sant Reklamasyon nan Telefòn*. Ou kapab tcheke FAQ yo tou -- Kesyon Moun Poze Souvan -- sou sitwèb nou nan <http://labor.ny.gov/ui/faq.shtm>

Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon.

Si ou dwe rele Sant Reklamasyon yo nan Telefòn,* tanpri konnen jou lendi ak jou apre yon jou ferye piblik se jou nou resevwa plis koutfil yo. Jou jedi ak vandredi gen mwens aktivite.

12

K. Mwen te resevwa yon desizyon (“detèminasyon”) pa lapòs nan Depatman Travay epi mwen pa dakò avèk li. Kisa mwen kapab fè?

R. Si ou pa dakò avèk nenpòt detèminasyon ki ba ou refi pou avantaj yo oswa ki afekte kantite lajan avantaj ou kapab resevwa, ou gen dwa pou mande yon odyans. Ou dwe fè demann ou nan 30 jou apre dat postaj ki sou detèminasyon an. Mande yon odyans sèlman si ou pa dakò. Men si ou pa dakò, mande yon odyans touswit. Sa ap pwoteje dwa ou. Odyans lan ap fèt devan yon Jij Lwa Administratif san patipri. W ap kapab eksplike siti�asyon an ba jij la epi jij la ka deside chanje detèminasyon an.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou kapab mande yon odyans nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon.

Si ou pa gen yon kont sou entènèt avèk nou, tanpri gade Chapit 3 tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon: “**Fason pou resevwa avantaj yo: PIN ou, ID NY.gov ou, depo dirèk ou ak kat debi ou**” pou jwenn enstwiksyon sou fason pou kreye youn.

Ou ka fè demann ou tou depi ou ranpli Fòm Demann Odyans Moun ki Fè Reklamasyon ki dèyè tiliv sa a. Ou kapab voye li pa lapòs nan adrès:

New York State Department of Labor
PO Box 15131
Albany, NY 12212-5131

Enpòtan: Ou dwe fè demann ou entènèt oswa pa lapòs oswa ou dwe tenbre li anvan 30 jou apre dat avi pou detèminasyon ou pa aksepte a. Si demann ou se apre 30 jou pase, ou dwe endike pou kisa demann ou anreta. Mete prenon ak non ou, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou, adrès postal ou nan moman an ak nimewo telefòn ou, dat postaj detèminasyon an ak rezon (yo) ki fè ou pa dakò avèk desizyon nou an nan demann ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis odyans lan ak kontestasyon an, tanpri gade Chapit 10 tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon: “**Pwosesis Odyans ak Kontestasyon**.” Videyo ki gen tit “**Preparing for your UI Hearing**” (**Fason pou Prepare pou Odyans UI ou**) ka itil ou tou. Pou wè li, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/ui-appeal> epi klike sou lyen ki anba ti “Learn About” (aprann sou) nan paj-ekran an. Epitou, tcheke Kesyon Moun Poze Souvan sou odyans yo sou sitwèb <http://labor.ny.gov/ui/claimantinfo/HearingProcess.shtm>.

K. Kijan pou mwen chanje metòd peman avantaj mwen?

13

R. Chanjman nan metòd kat debi pou adopte metòd depo dirèk oswa chanjman metòd depo dirèk pou adopte metòd kat debi kapab fèt sou entènèt, pou rezon sekirite. Reprezantan nou yo pa kapab fè sa pou ou. Konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi klike sou “Unemployment Services” nan paj-ekran My Online Services. Sa ap mennen ou nan paj-ekran Avantaj Asirans Chomaj sou Entènèt. Klike sou bouton “Payment and Tax Withholding Options and View/Print 1099G”. Swiv enstwiksyon yo pou chanje metòd depo dirèk oswa pou anile metòd depo dirèk epi pou resevwa avantaj ou yo nan kat debi. Si w ap chanje pou adopte metòd depo dirèk, sonje pou gen yon chèk toupre ou, paske w ap bezwen nimewo enpòtan ki nan chèk la. Sonje pou antre enfòmasyon kont kouran ou avèk presizyon epi enprime yon kopi paj Revizyon Enfòmasyon sou Depo Dirèk la pou dosye ou. Kite senk jou ouvrab pase pou chanjman yo vin anvigè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Chapit 3 tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon: “**Fason pou resevwa avantaj yo: PIN ou, ID NY.gov ou, depo dirèk ou ak kat debi ou**.”

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

14

K. Kijan pou mwen chanje adrès mwen oswa nimewo telefòn mwen avèk Depatman Travay?

R. Fason ki pi fasil pou chanje adrès ou ak/oswa nimewo telefòn ou se sou entènèt. Konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi klike sou “Unemployment Services.” Sa ap mennen ou nan paj-ekran Avantaj Asirans Chomaj sou Entènèt. Klike sou bouton “Claim Weekly Benefits” (reklame avantaj yo chak semèn), sa k ap mennen ou nan paj-ekran Peman Avantaj yo. Klike sou bouton “Continue” (kontinye) anba paj-ekran sa a, k ap mennen ou nan paj-ekran Reklame Avantaj yo chak Semèn. Klike sou bouton “Change Address/Telephone Number” (chanje adrès/nimewo telefòn) pou chanje adrès ou ak/oswa nimewo telefòn ou.

Ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* tou epi fè chwa nan meni an pou “PIN or Address Changes” (chanjman PIN oswa adrès) pou chanje adrès ou oswa nimewo telefòn ou.

Epitou, sonje pou chanje enfòmasyon kontakte ou avèk Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 (si ou resevwa avantaj yo nan yon kat debi) oswa nan bank ou (si ou itilize metòd depo dirèk).

15

K. Kisa mwen ta dwe fè si non mwen chanje?

R. Ou dwe voye yon lèt ban nou ansanm avèk dokiman legal (tankou yon kopi sètifikasi maryaj, dosye sètifye divòs, lòd sètifye tribinal oswa yon paspò Etazini ki valab epi ki pa ekspire, ki fèt sou non ou genyen an) ki verifye chanjman an non epi voye li pa lapòs nan adrès:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Ou kapab voye yon demann chanjman non tou nan mesaj sekirize nan kont ou sou entènèt. Konekte nan www.labor.ny.gov/signin. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: **“Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize”** pou jwenn enstwiksyon. Tache dokiman legal yo nan demann ou; nou pito fòma PDF.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Enfòmasyon sou onètete pèsonèl ak sou Asirans Chomaj

Onètete vle di egzakteman: fè bagay ki kòrèk. Lè ou se yon patisipan nan sistèm Asirans Chomaj, nou mande ou pou aji avèk etik, onètete epi avèk bon volonte.

Pifò moun ki aplike pou avantaj Asirans Chomaj fè bagay ki kòrèk. Yo vin p ap travay san se pa fòt yo, yo bezwen èd la pou yon ti tan pandan y ap chèche yon nouvo travay, y ap fè aktivite chèche travay, epi yo pare pou travay, yo vle travay epi yo kapab retounen nan travay.

Onètete vle di egzakteman: fè bagay ki kòrèk. Lè ou se yon patisipan nan sistèm Asirans Chomaj, nou mande ou pou aji avèk etik, onètete epi avèk bon volonte. Nou mande patwon yo, anplwaye leta ak piblik la pou yo aji avèk onètete. Lè nou tout aji avèk onètete, sa ede asire lajan disponib pou peye avantaj yo ba moun ki depannde Asirans Chomaj pandan yo p ap travay.

Divizyon Asirans Chomaj Depatman Travay ap travay avèk moun ki fè reklamasyon yo, patwon yo, piblik la ak lòt ajans federal ak ajans leta yo pou asire gen onètete nan sistèm Asirans Chomaj. N ap travay pou detekte epi elimine peman ki pa kòrèk yo (ki rele “peman anplis”) epi pou evite fwod lè nou itilize nouvo teknoloji, konparezon nan òdinatè kont anpil baz done epitou lè nou chanje règleman ak pwosedi yo pou anpeche moun ki chwazi fè bagay ki pa kòrèk.

Si ou te fè yon erè — pa egzanp, ou te resevwa avantaj ou pa ta dwe jwenn — nou kapab ede ou. Tanpri rele Sant Reklamasyon nan Telefon* nou oswa voye yon mesaj sekirize ban nou, menmsi ou pa sèten gen yon pwoblèm. Si ou pale avèk nou kounye a sa ap ede konsève dwa ou pou avantaj pase, prezan ak pidevan.

Enfòmasyon sou fwod nan Asirans Chomaj

Si ou fè espre pou bay fo enfòmasyon oswa pou sere enfòmasyon yo pandan ou aplike pou avantaj yo oswa pandan ou reklame avantaj yo pa semèn, ou fè yon fwod. Si ou fè fwod, w ap gen pou peye yon sanksyon lajan kach 15 poustan oswa \$100 dola (kèlkeswa sa ki pi gran an) nan peman anplis avantaj yo. Answit, w ap gen pou remèt lajan an epitou w ap pèdi fiti jou avantaj Asirans Chomaj ou. Answit, Depatman Travay kapab jwenn yon jijman kont ou pou nou kapab touche lajan peman anplis ou te resevwa nan fwod. Depi yo fè aksyon legal kont ou, yon jijman bon epi yo kapab itilize kont ou pandan ven (20) ane, epi yo ka pran lajan ou, ansanm ak yon pòsyon nan chèk peman ou ak/oswa kont labank ou. Epitou, yon jijman ka afekte eskò kredi ou epi li ka afekte posiblite ou pou lwe yon kay, pou jwenn yon djòb oswa pou jwenn lajan prete.

Si nou detèmine ou pa kalifye pou avantaj yo epi ou pa dakò avèk detèminasyon an, ou gen yon dwa pou yon odyans devan yon Jij Lwa Administratif san ou pa peye anyen. Si nan odyans lan yo jwenn ou te touche peman yo nan fwod, w ap gen obligasyon pou remèt lajan an. W ap gen pou peye yon sanksyon tou epitou w ap pèdi fiti jou avantaj ou yo. Si ou pa remèt lajan an, nou kapab jwenn yon jijman kont ou jan sa dekri anwo a.

Si ou aplike pou Asirans Chomaj oswa si ou reklame li nan fwod sa kapab lakòz ou tonbe anba sanksyon sivil ak amann, pouswit kriminèl epi menm prizon. Pa egzanp, si lajistik kondane ou pou yon deli, sanksyon yo se yon amann ki ka rive jiska \$500 dola, ou ka pase jiska yon ane nan prizon oswa amann ap prizon. Kondanasyon pou yon krim lakòz yon santans pi long nan prizon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou ta dwe konnen, dapre lwa federal, se yon krim pou chanje yon kat Sekirite Sosyal, vann li oswa fè yon fo. Zak sa a kapab lakòz ou peye yon amann oswa ou pran prizon.

Dis (10) pwoblèm ki pi komen k ap gen konsekans negatif sou avantaj ou yo

Men dis (10) bagay ki komen moun ki fè reklamasyon yo fè ki gen konsekans negatif sou avantaj yo:

1. **Ou reklame avantaj yo apre ou retounen nan travay.** Ou dwe sispann reklame avantaj yo nan premye jou ou kòmanse travay nan yon nouvo djòb, pa lè ou resevwa premye chèk peman ou.
2. **W ap travay pandan y ap touche avantaj yo,** menmsi ou te travay pou mwens pase inèdtan epitou menmsi ou pa t touche. **Nòt:** Ou gen pèmisyon pou fè travay volontè. Tanpri gade paj 22: "*Kisa pou mwen fè si m ap fè travay volontè?*" pou jwenn plis enfòmasyon.
3. **Ou travay pou "salè ki pa deklare" oswa ou travay "anba tab"** pandan w ap reklame avantaj yo.
4. **Ou fè yon fo deklarasyon oswa ou pa bay enfòmasyon yo nan Depatman Travay.**
5. **Ou eseye aplike pou Asirans Chomaj oswa ou reklame avantaj chak semèn (ki rele konfirmasyon pou avantaj) pandan ou pa nan Etazini, Pòtoriko, Zile Virgin oswa Kanada.**
6. **Ou bay PIN ou oswa idantifikasyon ak modpas NY.gov ou pou yon lòt moun yon fason pou moun nan kapab reklame avantaj yo pou ou.** Pa bay **okenn moun** – ni manm fanmi ou – PIN ou oswa idantifikasyon NY.gov ou oswa modpas ou. Nou konsidere sa kòm yon fwod. Ou ka tonbe anba sanksyon sivil oswa kriminèl si ou kite nenpòt lòt moun itilize ID NY.gov inik ou, modpas ou yo, oswa kat debi Asirans Chomaj ou. Si ou panse PIN ou, ID NY.gov ou, modpas ou oswa kat debi ou ka andanje, kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* imedyatman.
Sèl eksepsyon se si ou pa kapab antre PIN pa ou, ou ka jwenn yon moun ki pou antre li pou ou. Men, ou dwe avèk moun k ap ede ou a lè l ap antre modpas ou oswa PIN ou.
7. **Pa patisipe nan randevou ki obligatwa nan yon Sant Karyè.**
8. **Fè fo rapò pou fè konnen ou t ap chèche travay, lè ou pa t fè sa.** Tanpri gade paj 24 - 30: "*Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?*" pou jwenn enfòmasyon espesyal sou fason ou dwe chèche travay.
9. **Fè fo rapò pou fè konnen ou disponib pou travay lè ou pa kapab travay,** kit se akòz maladi, vakans, aranjman pou gadri oswa nenpòt lòt rezon. Ou pa kalifye pou avantaj yo nan nenpòt jou ou pa kapab oswa pa disponib pou aksepte travay imedyatman.
10. **Ou pa fè nou konnen vrè rezon ki fè ou te kite djòb ou.**

Si ou sispek yon moun ka fè fwod nan Asirans Chomaj, rapòte sa nan nimewo (888) 598-2077. Ou pa oblige fè konnen non ou nan plent lan.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Gid pou Kòmansman Rapid nan Asirans Chomaj

Kounye a ou fè yon reklamasyon pou avantaj Asirans Chomaj, Gid pou Kòmansman Rapid sa a se yon ti rezime sou enfòmasyon enpòtan ou ta dwe konnen. **Enpòtan:** Lè ou Gid Kòmansman Rapid sa a sa pa vle di ou li rès tiliv ki bay enfòmasyon yo. Ou responsab pou li tiliv sa a epi pou konprann enfòmasyon ki ladan li.

1

FASON POU REKLAME AVANTAJ YO CHAK SEMÈN (KI RELE “KONFIMASYON POU AVANTAJ YO” TOU)

Ou dwe reklame avantaj yo chak semèn ou nan chomaj epitou ou dwe chèche travay, **tankou pandan w ap tann avantaj ou yo kòmanse**. Metòd pou reklame avantaj Asirans Chomaj chak semèn rele konfirmasyon pou avantaj yo tou. Pifò moun fè sa jou dimanch pou semèn ki fini nan jou a. Pou objektif Asirans Chomaj, yon semèn kòmanse lendi epi li fini dimanch.

N ap poze ou yon seri kesyon lè ou reklame avantaj yo chak semèn. Pou evite fè fwod, ou dwe reponn tout kesyon sa yo avèk onètete.

Enpòtan: **Ou pa kapab reklame avantaj yo lè ou pa nan peyi a.** Si ou fè sa, konfirmasyon ou ap bloke epi n ap kenbe avantaj ou yo. Si ou eseye kontoune blokaj sa a, ou ka pèdi avantaj yo epi/ oswa ou ka pèdi fiti avantaj yo, epitou ka tonbe anba sanksyon sivil oswa kriminèl. Anvan ou kite, ou dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan nimewo (888) 209-8124 oswa ou dwe voye ban nou yon mesaj sekirize pou eksplike pou kisa w ap vwayaje epi pou di nou dat vwayaj la. Ou dwe kontakte nou tou anvan ou vwayaje deyò zòn nòmal ou, menmsi ou pa kite peyi a. Pou voye yon mesaje sekirize, konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Nan paj-ekran My Online Services, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat.

Enpòtan: **Pa bay okenn moun PIN ou oswa idantifikasyon NY.gov ou oswa modpas ou epitou kite okenn moun reklame avantaj yo pou ou.** Sa gen ladan madanm/mari ou, patnè ou, lòt moun enpòtan ak nenpòt nanm fanmi ou. Nou konsidere sa kòm fwod epi ou ka jwenn sanksyon ki grav, tankou prizon.

Sèl eksepsyon se si ou pa kapab antre PIN pa ou oswa non itilizatè ak modpas NY.gov ou, ou ka jwenn yon moun ki pou antre enfòmasyon sa yo pou ou. Men, ou dwe avèk moun k ap ede ou a lè l ap antre modpas ou oswa PIN ou.

Ou kapab reklame avantaj yo chak semèn:

- **Sou entènèt** sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Pifò moun jwenn fason sa a pi bon pou reklame avantaj yo chak semèn.
- **Nan telefòn, rele nimewo** (888) 581-5812 pou itilize sistèm Tel-Service nou. Moun ki itilize TTY/TDD yo, rele nimewo (877) 205-3119. Si ou itilize yon Sistèm Relè Videyo oswa lòt kalite sèvis relè, kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

2

FASON POU RESEVWA AVANTAJ YO

- **Tremye semèn konplè reklamasyon Asirans Chomaj ou se yon semèn atant san peye.** Ou pa kapab touche okenn avantaj pou peryòd atant sa a dapre lalwa. Si ou pa travay ditou pandan semèn sa a, oswa si ou pa resevwa yon semèn atant okonplè pou okenn lòt rezon, peryòd atant san peye a ap pwolonje nan pwochen semèn (yo). **Enpòtan:** Ou dwe toujou reklame kredi pou semèn atant ou epitou ou dwe satisfè tout lòt kondisyon pou kalifye pou Asirans Chomaj.
- **Anjeneral, li pran twa a sis semèn pou kòmanse resevwa avantaj ou yo paske nou gen pou revize aplikasyon epi travay sou li.** Men, li ka pran pi lontan si gen pwoblèm. Ou p ap resevwa avantaj yo pandan peryòd revizyon sa a. Si nou jwenn ou kalifye pou avantaj yo, n ap peye ou pou nenpòt semèn nou dwe ou lè ou resevwa premye peman ou. **Enpòtan: Kontinye reklame avantaj yo chak semèn ou p ap travay pandan n ap travay sou aplikasyon ou.**
- **Ou kapab resevwa avantaj yo nan depo dirèk nan kont labank ou oswa nan kat debi.** Nou pa bay chèk ankò pou avantaj Asirans Chomaj.

Si ou vle itilize **depo dirèk**, ou dwe enskri non ou pou sa sou sitwèb nou. Sa vle di ou dwe aplike pou reklamasyon ou sou entènèt epi ou dwe fè nou konnen ou vle itilize metòd depo dirèk lè ou aplike a, oswa ou dwe chanje pou adopte metòd depo dirèk nan kont sou entènèt si ou deja ap itilize yon kat debi. **Tanpri antre enfòmasyon labank ou avèk presizyon pou evite reta nan avantaj ou yo.** Si kont labank ou chanje, tanpri chanje enfòmasyon depo dirèk ou avèk nou pou evite reta nan resepsyon avantaj ou yo. **Tanpri sonje: Si ou te gen yon reklamasyon avèk nou anvan, pou pwoteksyon ou, nenpòt enfòmasyon depo dirèk ou te antre pou reklamasyon sa a p ap transfere nan yon nouvo reklamasyon.** Ou dwe enskri pou chwa depo dirèk la epitou ou dwe antre dènye enfòmasyon sou kont kouran ou chak dwa ou aplike pou yon nouvo reklamasyon.

Si ou vle resevwa avantaj yo nan **kat debi**, ou kapab aplike pou reklamasyon ou swa sou entènèt oswa nan telefòn, epitou ou kapab fè nou konnen ou vle itilize yon kat debi nan moman sa a. Men, si w ap resevwa avantaj yo nan depo dirèk epi ou vle chanje li pou itilize yon kat debi, ou dwe fè chanjman an sou entènèt. **Enpòtan: Si ou t ap resevwa avantaj yo anvan epi ou te gen yon kat debi, n ap bay avantaj ou yo nan menm kat la si kat la pa ekspire.**

3

LÒT ENFÒMASYON POU KONNEN

- Pou ou kapab fè yon reklamasyon sou entènèt, pou voye yon mesaj sekirize ban nou, pou enskri pou depo dirèk ak plis, ou dwe louvri yon kont nan NY.gov sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin.
- **Si avantaj ou yo sispann san eksplikasyon**, tanpri gade #4, #5, #6, ak/oswa #8 15 Kesyon Prensipal Moun Poze yo nan kòmansman tiliv sa a.
- **Si kat debi ou pèdi, si yo vòlè ou oswa si kat debi a domaje, ou dwe rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 epi t ap voye yon nouvo kat ba ou pa lapòs.** Tanpri pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn; yo pa kapab ranplase kat ou.
- **Ou ka pèdi avantaj ou yo si ou pa toujou dènye adrès ak nimewo telefòn ou.** Biwo Lapòs pa fè suivi pou kourye Asirans Chomaj. Gade paj 22 tiliv sa a pou jwenn fason pou chanje adrès ou ak/oswa nimewo telefòn ou.
- **Retounen tout kesyonè yo touswit** yon fason pou ou pa jwenn reta oswa refi pou avantaj ou yo. Voye yon kopi elektwonik kesyonè ou nan sistèm mesaj sekirize nou pou revizyon ak repons rapid. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**" pou jwenn enstwiksyon.
- **Si ou gen kesyon** apre ou li tiliv sa a, tcheke Kesyon Moun Poze Souvan sou sitwèb nou nan <http://labor.ny.gov/ui/faq.shtm>. Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou (Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**" pou jwenn enstwiksyon) oswa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nou yo nan nimewo (888) 209-8124.

Dènye chanjman enpòtan yo nan Asirans Chomaj

TANPRI LI: Enfòmasyon Enpòtan pou Moun ki Fè Reklamasyon k ap Touche Avantaj pou Chomaj nan yon Kat Debi

Pwogram Asirans Chomaj Depatman Travay Eta New York te chanje nan **sèvis Chase pou pran sèvis KeyBank** pou sèvis kat debi. Si ou gen kesyon sou yon kat debi KeyBank, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955.

Si ou itilize yon Kat Peman Dirèk Chase, kontinye itilize li jouk lè nenpòt lajan ou gen ladan fini. Lajan ki nan Kat Peman Dirèk Chase p ap transfere nan nouvo kat debi Key2Benefits ou.

Si ou gen kesyon sou yon Kat Peman Dirèk Chase, rele sèvis kliyantèl Chase nan nimewo (877) 221-1634. Nimewo sa a la **sèlman** pou kesyon sou kat Chase ou; pa rele li avèk kesyon sou tranzisyon nan kat Key2Benefits. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kat Key2Benefits, tanpri gade Kesyon Moun Poze Souvan sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Sa Ki nan Liv la

1. Kisa Asirans Chomaj ye?.....	1
2. Kijan pou mwen konnen si mwen kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj?	1
Ki kèk egzijans ki genyen pou mwen resevwa avantaj yo?	1
Ki kèk rezon k ap fè mwen kapab jwenn refi pou avantaj yo?	1
3. Fason pou resevwa avantaj yo: PIN ou, ID NY.gov ou, depo dirèk ou ak kat debi a.....	3
Fason pou Kreye Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN) ou	3
Fason pou kreye ID NY.gov ou	3
Fason pou kreye metòd peman ou.....	4
Depo dirèk.....	5
Fason pou anile depo dirèk	6
Kat Debi	6
4. Konbyen lajan m ap resevwa nan avantaj yo chak semèn?	8
Fason pou konprann “periyòd debaz”	8
Salè ki obligatwa pou kalifye pou avantaj yo	9
Fason nou kalkile pou santaj avantaj ou chak semèn	9
Kijan m ap konnen kisa pou santaj avantaj mwen ye?	10
Si salè ak/oswa patwon mwen yo pa nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou.....	11
Fason pou mande yon re-kalkil pou santaj avantaj ki baze sou yon Peryòd Debaz Altène	12
Konpansasyon travayè oswa avantaj ponpye volontè ak periyòd debaz	12
Fason pou itilize salè nan dènye trimès almannak pou detèmine yon reklamasyon	13
Fason pou mande yon re-kalkil pou santaj avantaj ki baze sou salè mwayen pa semèn.....	13
Lè ou pèdi djòb ou akòz move konduit oswa yon zak kriminèl.....	13
Pou santaj avantaj maksimòm ak minimòm chak semèn.....	14
5. Kilè mwen pral kòmanse resevwa avantaj yo?	14
Kilè mwen pral resevwa premye peman mwen?	14
Retounen kesyonè yo touswit.....	14
Sa pou fè si ou pèdi yon kesyonè.....	15
Semèn atant pou avantaj yo	15
Kijan pou mwen konnen lè m ap kòmanse resevwa avantaj yo?	15
6. Kijan pou mwen reklame avantaj yo chak semèn?	16
Kijan pou mwen resevwa avantaj mwen yo (reklame avantaj yo/konfime pou avantaj yo)?	16
Ou dwe reklame avantaj yo chak semèn poukout ou	16
Kisa pou mwen fè si mwen vwayaje deyò zòn mwen oswa deyò peyi a?	16
Fason pou reklame avantaj yo chak semèn sou entènèt	17
Fason pou reklame avantaj yo chak semèn nan telefòn.....	17
Lè pou reklame avantaj yo chak semèn	18
Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou reklame avantaj yo chak semèn?	18
Kisa pou mwen fè si m ap travay atan-pasyèl?.....	19

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kisa yo konsidere kòm travay?	19
Mwen te eseye reklame avantaj yo chak semèn, men sistèm telefòn nan p ap pèmèt mwen konfime. Mwen resevwa yon mesaj ki endike mwen dwe konekte sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa mwen dwe rele yon sèten nimewo telefòn.	
Kisa k ap pase konsa?	21
Kisa pou mwen si mwen pase nan elekson kòm ofisyèl?	21
Kisa pou mwen fè si m ap fè travay volontè?	22
Kenbe adrès ou ak nimewo telefòn ou ajou.....	22
Kisa mwen ta dwe fè si non mwen chanje?	23
7. Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?	24
Èske mwen gen pou chèche travay?	24
Kisa nou konsidere kòm efò rezonab ak dirab pou jwenn travay?	24
Kisa nou konsidere kòm prèv aktivite chèche travay ki akzeptab?.....	25
Konbyen tan mwen dwe konsève dosye chèche travay mwen?.....	26
Kisa yon Plan pou Chèche Travay ye?	26
Kimoun ki gen egzanpsyón nan chèche travay?.....	26
Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske mwen kapab refize yon djòb paske salè a twò piti?.....	27
Kisa pou mwen fè si mwen refize yon djòb ki satisfè kondisyon salè jan sa eksplike nan kesyon ki anwo a, men ki ofri avantaj sosyal ki enferyè avèk sa yo ofri mwen pou djòb ki sanble?	27
Sou ki distans mwen dwe chèche travay?	28
Sant Karyè Eta New York.....	28
Reyinyon obligatwa pou chèche travay	28
Kisa k ap pase si mwen rate reyinyon mwen pou chèche travay?	28
Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab chèche oswa aksepte travay akòz yon pwoblèm fizik?	29
Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab chèche oswa aksepte travay paske yo te rele mwen pou travay jiri?	29
Èske gwosès mwen ap afekte avantaj mwen yo?.....	29
8. Peman anplis ak fwod	30
Kisa yon peman anplis ye?.....	30
Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa yon detèminasyon konsènan peman anplis?.....	30
Kisa fo enfòmasyon volontè ye?	30
Kisa k ap pase si mwen pa remèt yon peman anplis oswa peman yon sanksyon?	31
Peman anplis lòt pwogram leta oswa lòt pwogram federal fè	31
9. Kisa mwen ta dwe fè si mwen retounen nan travay?	31
Kisa mwen ta dwe fè lè mwen retounen travay atanplen?	31
Kijan m ap resevwa avantaj yo ankò apre yon sispansyon?	31
10. Pwosesis Odyans ak Kontestasyon	32
Èske mwen kapab konteste yon detèminasyon sou reklamasyon mwen?	32
Èske mwen ka gen reprezantasyon nan odyans yo?	33
Kijan mwen kapab prepare pou yon odyans?	33
Kisa k ap pase si mwen pa ale nan odyans lan?	34
Kijan m ap resevwa desizyon jij la?.....	35

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kijan m ap konteste apre si mwen pa dakò avèk desizyon jij la?.....	35
Kijan m ap konteste apre si mwen pa dakò avèk desizyon Komisyon Kontestasyon an?	36
11. Sitiyasyon espesyal	37
Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon konsènan avantaj mwen yo?.....	37
Kisa pou mwen fè si mwen panse avantaj mwen yo anreta? Epitou, kijan pou mwen tcheke istwa peman mwen ak/oswa kondisyon peman mwen?.....	37
Avantaj mwen yo sispann. Kisa k ap pase konsa?	37
Si mwen resevwa peman pou ranvwa nan travay oswa peman prestasyon, èske sa ap afekte avantaj mwen yo?.....	38
Si mwen pèdi travay atanplen mwen epi mwen yon djòb atan-pasyèl sou kote, èske mwen gen pou kenbe djòb atan-pasyèl la?	38
Èske mwen kapab itilize sèvis militè pou detèmine yon reklamasyon?	39
Kijan fòmasyon rezèv militè afekte reklamasyon mwen genyen dejá?	39
Kisa pou mwen fè si m ap travay pou yon enstitisyon edikasyon?.....	39
Èske si mwen resevwa yon pansyon sa ap gen konsekans sou avantaj mwen yo?.....	40
Èske si mwen resevwa Sekirite Sosyal sa ap afekte avantaj mwen yo?	40
Èske si m ap resevwa konpansasyon travayè sa ap afekte avantaj mwen yo?	40
Èske mwen kapab ale lekòl oswa nan fòmasyon pandan m ap resevwa avantaj yo?.....	41
Kisa pou mwen fè si mwen nan Pwogram Aprantisaj ki Anrejistre nan Eta New York (New York State Registered Apprenticeship Program)?.....	42
Fason pou kòmanse yon biznis: Pwogram Èd pou Travay Endependan (Self-Employment Assistance Program, SEAP).....	42
Mwen te pèdi djòb mwen akòz komès eksteryè. Kisa Èd pou Ajisteman Metye ye?	42
Li mwen posib pou mwen jwenn yon lòt djòb nan endistri mwen oswa nan metye mwen. Kisa sèvis “travayè ki deplase” ye?.....	43
Kisa pou mwen fè si mwen te travay deyò Eta New York?.....	44
Kisa pou mwen fè si mwen kite Eta New York?.....	44
Gen taks pou peye nan avantaj Asirans Chomaj	44
Etadkont taks nan fen ane (Fòm 1099-G).....	45
Patwon mwen te peye mwen kòm yon antreprenè endependan epi/oswa li te peye mwen anba tab. Kisa pou mwen fè?	45
12. Definisyon mo enpòtan yo	46
13. Apandis I: Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon	49
K ap ede moun ki fè reklamasyon yo konprann dwa yo ak responsabilite yo pandan tout pwosesis Asirans Chomaj la	49
Fason nou kapab ede ou	50
Sa nou pa kapab fè.....	50
Gid pou èd nan dosye	50
Fason pou mande èd pou dosye	52
14. Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize.....	53
15. Apandis III: Fason pou depoze modalite yo sou entènèt.....	53
16. Fòm yo.....	57

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi
mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.



1. Kisa Asirans Chomaj ye?

Asirans Chomaj se revni pwovizwa yo bay pou travayè kalifye ki vin p ap travay san se pa fòt yo. Travayè nan chomaj k ap resevwa avantaj Asirans Chomaj rele pafwa "moun ki fè reklamasyon." W ap wè tèm sa a itilize toupatou nan tiliv enfomasyon sa a ak nan sitwèb nou.

Ou kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj pou yon maksimòm 26 semèn okonplè pandan yon peryòd yon ane, ki rele yon "ane avantaj."

Nan Eta New York, se patwon yo ki peye pou avantaj yo, pa travayè yo. Nou pa pran dediksyon nan chèk peman travayè yo pou Asirans Chomaj.

Si ou pa byen
konnen si ou
kalifye pou
resevwa avantaj
Asirans Chomaj,
ou ta dwe toujou
aplike san pèdi
tan. N ap detèmine
si ou kalifye.

2. Kijan pou mwen konnen si mwen kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj?

Si ou pa byen konnen si ou kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj, ou ta dwe toujou aplike san pèdi tan. N ap detèmine si ou kalifye.

Ki kèk egzijans ki genyen pou mwen resevwa avantaj yo?

Ou kapab aplike pou avantaj Asirans Chomaj (fè yon reklamasyon pou avantaj yo) si ou te travay nan New York oswa nan yon lòt eta. Pou kapab resevwa avantaj yo, ou dwe:

- Te pèdi djòb ou san se pa t fòt ou;
- Gen ase salè anvan nan travay ou pou detèmine yon reklamasyon;
- Pare pou travay, vle travay epi kapab travay imedyatman; epitou
- Ap chèche travay san rete epi konsève yon dosye (sou entènèt oswa alekri) efò ou fè pou chak semèn ou reklame avantaj yo.

Ki kèk rezon k ap fè mwen kapab jwenn refi pou avantaj yo?

Ou dwe satisfè egzijans lalwa mete anplas pou resevwa avantaj Asirans Chomaj. Ou kapab resevwa avantaj yo si ou gen mwens pase eksperians travay ki obligatwa ak salè pou detèmine yon reklamasyon jan sa diskite nan 8 – 14: "*Konbyen lajan m ap resevwa nan avantaj yo chak semèn?*" Men kèk lòt rezon ki fè ou kapab jwenn refi pou reklamasyon ou:

1. Ou kite travay ou poukont ou oswa travay ou ranvwaye ou: Ou p ap kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj si nou detèmine:

- Ou kite yon djòb san yon rezon valab; oswa
- Travay ou te ranvwaye (revoke) ou pou move konduit.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou te pèdi djòb
ou nan nenpòt
travay nan dènye
18 mwa yo akòz
move konduit, salè
ou te touche nan
djòb sa a pa kapab
sèvi pou detèmine
yon reklamasyon
oswa pou kalkile
pousantaj
avantaj ou.

Yon diskalifikasyon pou rezon sa yo ap dire jouk lè w ap travay ankò epi jouk lè w ap touche omwen dis (10) fwa pousantaj avantaj ou. Salè nan travay endepandan ou p ap konte. Depi ou touche ase lajan nan travay ou pou mete yon pwen final nan diskalifikasyon an, ou dwe p ap travay ankò san se pa fot ou.

Si ou te pèdi djòb ou nan nenpòt travay nan dènye 18 mwa yo akòz move konduit, salè ou te touche nan djòb sa a pa kapab sèvi pou detèmine yon reklamasyon oswa pou kalkile pousantaj avantaj ou.

2. Refi pou djòb: Ou kapab pèdi kalifikasyon ou tou nan resevwa avantaj Asirans Chomaj si, apre ou aplike a, ou refize pran yon djòb ki satisfè kalifikasyon ki dekri anba “*Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske mwen kapab refize yon djòb paske salè a twò piti?*” nan paj 27.

Ou pa ka refize travay ou kalifye pou fè san yon rezon valab.

Yon diskalifikasyon poutèt ou refize pran yon djòb ap dire jouk lè w ap travay ankò epi jouk lè w ap touche omwen dis (10) fwa pousantaj avantaj ou. Salè nan travay endepandan ou p ap konte. Depi ou touche ase lajan nan travay ou pou mete yon pwen final nan diskalifikasyon an, ou dwe p ap travay ankò san se pa fòt ou.

3. Grèv ak lòt kontestasyon nan endistri, sof grèv patwon yo: Si ou pèdi djòb ou akòz yon grèv nan travay ou, ou ka pa kalifye pou avantaj Asirans Chomaj pandan 49 jou. Peryòd pou tann sa a pa aplike si gen grèv patwon nan travay ou akòz yon konfli travay. Ou ka kalifye pi bonè si:

- Konfli travay la fini epi ou toujou nan chomaj; oswa
- Patwon ou anboche travayè ranplasman pèmanan.

4. Disponiblite, mwayen ak rechèch travay: W ap jwenn refi pou avantaj yo si ou:

- Pa pare pou travay, pa vle travay epi pa kapab travay;
- Pa prepare pou pran yon djòb imedyatman;
- Pa kapab travay sou plan fizik oswa mantal; oswa
- Ou p ap chèche travay san rete epi ou pa konsève yon dosye aktivite chèche travay ou (sou entènèt oswa alekri) pou chak semèn ou reklame avantaj yo.

Si ou pa kalifye pou avantaj yo paske ou pa disponib oswa paske ou pa kapab travay, ou kapab vin kalifye lè ou montre Depatman Travay ou disponib ankò pou travay, ou kapab travay epi w ap chèche travay san pran souf epi ou kenbe yo dosye ki montre aktivite chèche travay ou.

5. Zak kriminèl: W ap pèdi kalifikasyon ou pou resevwa avantaj yo pou 12 mwa apre ou pèdi travay ou, kit ou kite travay ka kit ou jwenn revokasyon ou, epi nou detèmine:

- Ou te pèdi djòb ou poutèt ou te fè yon krim anrapò avèk travay ou epi ou te dakò ou koupab nan yon deklarasyon ou siyen; oswa
- Lajistik te kondane ou pou krim nan.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou chwazi pou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) sou sitwèb nou, w ap bezwen kreye ak itilize yon ID NY.gov. Avèk yon ID NY.gov, ou kapab reklame avantaj yo chak semèn, epi ou kapab jwenn lòt enfòmasyon sou avantaj ou yo sou sitwèb nou.

Answit, ou pa kapab itilize salè yo peye ou pou travay la ki te fini akòz zak kriminèl ou te fè pou depoze yon reklamasyon.

6. Anprizònman: Si ou gadavi oswa nan prizon, ou pa disponib pou aksepte travay imedyatman. Poutèt sa, ou pa kalifye pou avantaj Asirans Chomaj

Epitou, lalwa pa dakò pou ou kite oswa mande nenpòt lòt moun reklame avantaj yo chak semèn pou ou pandan ou nan prizon an.

Ka gen lòt sikontans mwen komen ki kapab anpeche ou vin kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Nou diskite sou sikontans sa yo nan Chapit 11 lan: “*Sitiyasyon Espesyal*” ki kòmanse nan paj 37.

3. Fason pou resevwa avantaj yo: PIN ou, ID NY.gov ou, depo dirèk ou ak kat debi a

Fason pou Kreye Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN) ou

Lè ou te fè reklamasyon ou, ou te jwenn enstwiksyon pou kreye yon Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl, oswa PIN. Li enpòtan pou sonje PIN ou. W ap itilize li lè ou:

- Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* an pou poze yon kesyon konsènan avantaj yo chak semèn; oswa
- Pou reklame avantaj yo (konfime pou avantaj yo) nan telefòn depi ou itilize Tel-Service.

Si ou blyie PIN ou oswa si ou panse yon lòt moun ta ka konnen PIN ou, ou kapab kreye yon lòt PIN depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Fè chwa nan meni an “Pou chanjman PIN oswa adrès.”

Fason pou kreye ID NY.gov ou

Si ou chwazi pou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) sou sitwèb nou, w ap bezwen kreye ak itilize yon ID NY.gov. Sa diferan nan PIN ou kreye a lè ou fè yon reklamasyon. Avèk yon ID NY.gov, ou kapab reklame avantaj yo chak semèn, epi ou kapab jwenn lòt enfòmasyon sou avantaj ou yo sou sitwèb nou. Ou kapab poze yon kesyon espesyal tou sou reklamasyon ou nan mesaj sekirize. Ou kapab itilize ID NY.gov ou tou pou gen aksè nan sèvis yo ofri nan lòt ajans Eta New York yo. W ap jwenn enstwiksyon pou kreye yon ID NY.gov sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov/signin. Si ou gen difikilte pou kreye yon ID NY.gov, gade enstwiksyon demonstre ki endike sou siy ki nan paj la, tcheke Kesyon Moun Poze Souvan NY.gov, oswa rele nimewo (800) 833-3000, depi lendi jiska vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m. Tanpri pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou pwoblèm ID NY.gov ou; yo pa kapab rezoud pwoblèm teknoloji.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou bliye non itilizatè oswa modpas ID NY.gov ou oswa si ou panse yon lòt moun ta ka konnen yo, ou kapab kreye lòt nenpòt lè. Swiv enstwiksyon yo pou re-kreye non itilizatè ak modpas ID NY.gov ou sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin oswa rele nimewo (800) 833-3000 ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., depi lendi jiska vandredi pou jwenn èd.

Enpòtan: Si ou kite yon moun jwenn avantaj ou yo oswa si ou kite moun nan jwenn reklamasyon ou avèk PIN ou, ID NY.gov ou oswa modpas NY.gov ou, ou fè yon zak ki grav. Sa kapab lakòz ou jwenn sanksyon grav, avèk tou pouswit kriminèl ak anprizònman. Ou kapab pèdi aperè 20 semèn avantaj yo. **Pa kite okenn moun konnen PIN ou, ID NY.gov ou oswa modpas NY.gov ou.** Pa ekri yo kote lòt moun ka wè yo. PIN ou, ID NY.gov ou oswa modpas NY.gov ou se siyati elektwonik ou. Yo se mezi sekirite ki aside okenn moun anplis oumenm kapab reklame epi resevwa avantaj Asirans Chomaj ou oswa gade enfòmasyon prive sou reklamasyon ou. Ou responsab pou pwoteje epi itilize PIN ou, ID NY.gov ou ak modpas NY.gov ou.

Sèl eksepsyon se si ou bezwen yon moun ki pou ede ou pou avantaj yo oswa pou moun nan ede ou konfime pou yo; pa egzanp, si ou gen yon andikap oswa yon pwoblèm lang. **Si ou pa kapab antre PIN pa ou oswa non itilizatè ak modpas NY.gov ou, ou ka jwenn yon moun ki pou antre enfòmasyon sa yo pou ou. Men, ou dwe avèk moun k ap ede ou a lè I ap antre modpas ou oswa PIN ou.**

Enpòtan: Lè ou kreye ID NY.gov ou, tanpri asire yon lòt moun pa itilize imèl ou chwazi a avèk yon kont NY.gov. Yon ID NY.gov kapab konekte avèk yon adres imèl sèlman. Pa egzanp, si oumenm ak madanm/mari ou gen menm imèl la epi li deja gen yon ID NY.gov ki konekte avèk imèl nou itilize ansanm nan, w ap bezwen itilize yon differan imèl pou ID NY.gov ou. Asire ou itilize yon adres imèl ou tcheke souvan. Depi ou enskri pou sèvis sou entènèt, ou dakò pou resevwa mesaj nou nan sistèm mesaj sekirize nan kont NY.gov ou. Lè nou voye yon mesaj sekirize ba ou, n ap voye yon avi nan imèl pèsonèl ou tou. Answit ou dwe konekte nan kont NY.gov ou pou wè mesaj la.

Ou dwe tcheke ak reponn mesaj sekirize yo ak kesyonè nou ka voye ba ou nan sistèm mesaj sekirize NY.gov. Ou dwe reponn tout mesaj, fòm ak lèt nan dèle ki endike nan mesaj yo. Se responsabilite ou pou tcheke imèl pèsonèl ou ak kont NY.gov ou pou asire ou pa rate mesaj nou yo. Ajoute noreply@labor.ny.gov nan kontak ou yo pou asire imèl nou yo pa ale nan dosye pouryèl ou. Tanpri sonje: nou p ap voye kopi papye mesaj sekirize sou entènèt pa lapòs ba ou.

Fason pou kreye metòd peman ou

Si ou te aplike pou Asirans Chomaj sou entènèt, nou te mande ou si ou te vle resevwa avantaj ou yo nan depo dirèk oswa nan kat debi. Si ou te aplike nan telefòn, w ap resevwa avantaj ou yo nan kat debi. Nou pa peye avantaj yo avèk chèk ankò. Men sa ou bezwen konnen konsènan chak posiblite.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Depo dirèk


Depo dirèk vle di n ap fè depo avantaj ou yo dirèkteman nan kont kouran ou apeprè twa (3) ak senk (5) jou apre nou bay lòd pou yon peman avantaj. Ou kapab enskri pou depo dirèk lè ou fè yon reklamasyon nan sitwèb nou nan www.labor.ny.gov/signin oswa ou kapab chanje pou pran Depo Dirèk lè ou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) sou entènèt.

Enpòtan: Ou pa kapab enskri pou depo dirèk oswa ou pa kapab chanje pou adopte metòd depo dirèk depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* oswa lè ou reklame avantaj yo chak semèn nan telefòn avèk sistèm Tel-Service nou.

Depo dirèk ap rete anvigè jouk lè ou sispann resevwa avantaj yo anba dènye reklamasyon ou, oswa jouk lè ou chanje li. Pou pwoteksyon ou, enfòmasyon sou depo dirèk ou **p ap** transfere nan fiti reklamasyon Asirans Chomaj ou.

Si ou reklame avantaj yo sou entènèt, w ap toujou wè enfòmasyon sou depo dirèk nan paj konfirmasyon ou, menmsi ou te chwazi pou resevwa peman ou yo nan kat debi lè ou te fè reklamasyon ou. Sa fèt konsa paske w ap toujou gen posiblite pou kòmanse oswa anile depo dirèk la. Sa ap pèmèt ou chanje enfòmasyon depo dirèk ou si ou chanje enstitisyon bankè oswa si enfòmasyon labank ou chanje.

Pou enskri pou depo dirèk oswa pou chanje pou pran Depo Dirèk, w ap bezwen gen yon chèk nan men ou. Antre **nimewo idantifikasyon bank lan** ak **nimewo kont kouran an** jan li endike nan chèk ou. Chema ki anba la a montre kote pou jwenn nimewo sa yo nan chèk la. **Enpòtan: Pa itilize yon fich depo kont kouran pou nimewo idantifikasyon bank ou oswa pou nimewo kont ou.** Fich sa yo ka gen nimewo ki pa aplike pou depo dirèk la. Si enstitisyon bankè ou te ini ak yon lòt pa twò lontan, nimewo idantifikasyon bank ou ak nimewo kont labank ou ka te chanje. Kontakte bank ou pou jwenn nouvo nimewo idantifikasyon an ak nimewo kont lan anvan ou enskri pou depo dirèk la.



Nòt: Nimewo idantifikasyon ak nimewo kont lan ka nan diferan kote nan chèk ou

Enpòtan: Tanpri sonje pou antre enfòmasyon sou kont kouran ou avèk presizyon. Si ou pa antre enfòmasyon yo avèk presizyon, peman avantaj ou yo ka pran reta pandan 14 a 21 jou. Epitou, tanpri enprime yon kopi paj-ekran Revizyon Enfòmasyon sou Depo Dirèk la anvan ou kliké sou lyen "Submit" (soumet). Se sèl prèv ou pou enfòmasyon ou te antre sou kont ou. W ap bezwen prèv sa a si gen nenpòt pwoblèm avèk enfòmasyon sou kont kouran ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Apre nou resevwa nouveau oswa dènye nimewo kont ou, l ap pran apeprè senk (5) jou ouvrab pou prepare depo dirèk la epi pou voye avantaj Asirans Chomaj sou fòm elektwonik nan kont kouran ou. Sa aplike si ou enskri pou yon nouveau kont oswa si ou chanje enfòmasyon kont ou genyen deja. Si ou gen yon kat debi, n ap transfere avantaj chak semèn ou nan kat ou pandan moman sa a. Depi ou kreye depo dirèk la, ou ta dwe verifye si avantaj ou yo nan kont ou anvan ou ekri chèk pou lajan an.

Ou pa kapab itilize depo dirèk si w ap patisipe nan pwogram ki endike anba la yo:

- Lwa sou Ajisteman Metye (Trade Adjustment Assistance, TAA);
- Alokasyon pou Re-Ajisteman Metye (Trade Readjustment Allowances, TRA);
- Èd pou Chomaj Akòz Katastwòf (Disaster Unemployment Assistance, DUA); oswa
- Pwogram Èd pou Travay Endependan (Self-Employment Assistance, SEAP).

Men, si ou te enskri pou depo dirèk pandan ou t ap resevwa avantaj Asirans Chomaj regilye, l ap kontinye pandan w ap touche anba youn nan pwogram sa yo.

Ou kapab enskri pou depo dirèk oswa ou kapab chanje enfòmasyon depo dirèk ou sou entènèt:

- Lendi jiska vandredi, 7:30 a.m. jiska minwi; epi
- Samdi ak dimanch, tout lajounen.

N ap voye yon
kat debi ba ou
otomatikman sof si
ou enskri pou depo
dirèk.

Fason pou anile depo dirèk

Ou kapab anile depo dirèk ou nan nan kont sou entènèt ou si sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Klike sou "Unemployment Services" nan paj-ekran My Online Services. Sa ap mennen ou nan paj-ekran Avantaj Asirans Chomaj sou Entènèt. Klike sou bouton "Payment and Tax Withholding Options and View/Print 1099G". Swiv enstwiksyon yo pou anile depo dirèk la. N ap fè chanjman nan dosye nou yo epi n ap sispann transfè elektwonik avantaj ou yo chak semèn nan kont kouran ou.

Answit, n ap depoze avantaj ou yo chak semèn nan kat debi Key2Benefits ou.

- Si ou pa t janm gen yon kat debi, n ap voye youn pou ou pa lapòs otomatikman nan yon anvlop blan òdinè nan apeprè sèt a dis jou apre ou reklame avantaj ou yo nan pwochen semèn nan.
- Si ou te gen yon kat debi Key2Benefits anvan epi li te ekspire oswa li te pèdi, ou dwe kontakte Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955.

Kat Debi

A kat debi Key2Benefits se yon MasterCard debi. Li pèmèt ou pran lajan avantaj ou yo nan yon ATM (Gichè Otomatik) epitou li pèmèt ou achte kèlkeswa kote yo aksepte MasterCard. Se sèlman Depatman Travay ki kapab depoze lajan nan kont kat debi a. N ap voye yon kat sa a ba ou otomatikman sof si ou enskri pou depo dirèk.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou pèdi kat
debi ou, rele Sèvis
Kliyantèl KeyBank
nan nimewo
(866) 295-2955
pou mande yon
nouvo kat.

N ap voye kat debi a pa lapòs ba ou apeprè nan sèt a dis jou apre nou apwouve ou pou resevwa avantaj yo. Pou rezon sekirite, kat debi ou ap rive nan yon anvlop òdinè blan. Tanpri siveye li nan lapòs epi **pa jete li**, menmsi ou te enskri pou Depo Dirèk anmenmtan. Lè ou resevwa kat ou, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 pou aktive li san pèdi tan. Nan pwosesis pou aktive kat la, n ap mande ou pou kreye yon PIN pou kat ou. PIN sa a se yon nimewo kat (4) chif ou antre sou klavye ATM yo ak nan biznis detayan yo. PIN kat debi ou se pou yon objektif ki diferan avèk PIN ou te kreye a lè ou te fè reklamasyon Asirans Chomaj ou, ki se yon nimewo kat (4) chif tou. Pou rezon sekirite, itilize diferan nimewo kat chif pou PIN kat debi ou ak PIN Asirans pou Chomaj ou.

Enfòmasyon sou balans kat debi ou pa disponib nan Depatman Travay. Ou kapab tcheke balans kont ou gratis nan tout KeyBank, First Niagara ak ATM Allpoint yo; depi ou rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955; oswa depi ou ale sou sitwèb KeyBank nan www.key2benefits.com. Ou kapab wè etadkont ou chak mwa tou sou sitwèb KeyBank oswa ou kapab enskri pou resevwa etadkont yo chak mwa pa lapòs depi ou kontakte Sèvis Kliyantèl KeyBank.

Kat debi ou valab pou twazan epi w ap itilize li pou reklamasyon w ap fè nan moman an ak reklamasyon ou pral fè pidavan. Menmsi ou p ap resevwa avantaj yo nan moman an, mete kat la yon kote ki pwoteje. Si ou resevwa avantaj Asirans Chomaj nan yon lòt dat, menm PIN kat debi ou te kreye anvan an ap re-aktive kat ou. Si ou pèdi kat debi ou, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 pou mande yon nouvo kat. Si ou pa t itilize kat ou pandan twazan oswa si ou fè yon nouvo reklamasyon apre twazan, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 pou mande yon nouvo kat. Anplwaye Depatman Travay pa kapab ni ranplase ni mande yon nouvo kat pou ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

4. Konbyen lajan m ap resevwa nan avantaj yo chak semèn?

Fason pou konprann “peryòd debaz”

Kantite lajan peman avantaj Asirans Chomaj ou pa semèn depannde kantite lajan ou t ap touche pandan yon “peryòd debaz.” Yon peryòd debaz reprezante yon ane travay ou ak salè ou (kat trimès almannak). Trimès almannak yo se peryòd twa mwa tan ki endike nan table anba la a. Salè ou te touche nan peryòd debaz ou sèvi pou kalkile pouvantaj avantaj ou. Pouvantaj avantaj ou se kantite lajan ou resevwa si ou kalifye pou yon semèn konplè avantaj Asirans Chomaj.

Gen de kalite peryòd debaz ki endike nan table anba la a. Peryòd **Debaz Bazik la se premye kat nan senk dènye** trimès ki pase anvan trimès ou aplike pou avantaj yo. Si ou gen ase salè nan Peryòd Debaz Bazik ou, n ap itilize li lè n ap kalkile peman avantaj ou.

Fason Peryòd Debaz yo Fonksyone

Egzanp sèlman. Vrè trimès ou yo ka pa menm avèk sa nou montre ou yo.

Ane Anvan					Ane Ou ye a
1ye Trimès 1ye Janvye - 31 Mas	2yèm Trimès 1ye Avril - 30 Jwen	3yèm Trimès 1ye Jiyè - 30 Septanm	4yèm Trimès 1ye Oktòb - 31 Desanm	5yèm Trimès 1ye Janvye - 31 Mas	Trimès ou te aplike pou avantaj yo 1ye Avril - 30 Jwen
Peryòd Debaz Bazik Salè yo peye ou pandan kat trimès sa yo reprezante Peryòd Debaz Bazik ou.					
Peryòd Debaz Altène Salè ou te touche pandan kat trimès yo fòme Peryòd Debaz Altène ou.					

Si ou gen ase salè nan Peryòd Debaz Bazik ou, nou p ap tcheke otomatikman pou wè si pouvantaj avantaj ou ta ka pi gwo si nou itilize Peryòd Debaz Altène ou pito.

Si ou pa gen ase salè nan Peryòd Debaz Bazik ou, n ap itilize **Peryòd Debaz Altène** pou kalkile peman avantaj ou. Peryòd Debaz Altène a se kat dènye trimès almannak ki pase anvan trimès ou aplike pou avantaj yo. **Enpòtan: Si ou gen ase salè nan Peryòd Debaz Bazik ou, nou p ap tcheke otomatikman pou wè si pouvantaj avantaj ou ta ka pi gwo si nou itilize Peryòd Debaz Altène ou pito.** Si ou panse peman avantaj ou ta pi gwo avèk Peryòd Debaz Altène a, ou kapab mande nou pou itilize Peryòd Debaz Altène ou pou kalkile kantite lajan avantaj ou. Men, si ou chwazi pou itilize salè trimès altène a pou reklamasyon ou fè nan moman an, ou pa kapab itilize salè sa yo ankò pidevan. Sa ka afekte posiblite ou pou kalifye pou yon reklamasyon pidevan. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade paj 12: “*Fason pou mande yon re-kalkil pouvantaj avantaj ki baze sou yon Peryòd Debaz Altène.*”

Pou tout peryòd debaz yo, trimès ou aplike pou avantaj yo pa konte nan peryòd debaz ou. Sa vle di salè ou te touche pandan trimès ou te aplike a p ap sèvi pou kalkile pouvantaj avantaj ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Salè ki obligatwa pou kalifye pou avantaj yo

Pou kalifye pou avantaj yo, ou dwe satisfè **touletwa** kondisyon salè ki endike anba la yo pandan peryòd debaz ou (bazik oswa altène):

- Ou dwe te travay epi touche salè nan djòb ki pwoteje avèk Asirans Chomaj nan omwen de trimès almannak;
- Pou reklamasyon ou te fè nan ane 2017, ou dwe te touche omwen \$2,100 dola nan yon trimès almannak (kantite lajan sa a ap ogmante a \$2,200 dola pou reklamasyon ou fè nan ane 2018); epi
- Salè total ou te touche a dwe omwen 1.5 fwa kantite lajan ou te touche nan trimès ou te touche plis lajan. Trimès ou te touche plis lajan se trimès peryòd debaz ou kote ou te touche pi plis lajan. **Eksepsyon:** Si salè trimès ou te touche plis lajan te \$9,570 dola oswa plis, ou dwe te touche omwen \$4,785 dola (mwatyè \$9,570 dola) antou nan lòt twa trimès peryòd debaz ou.
- **Egzanp:** Salè nan trimès ou te touche plis lajan se te \$4,000 dola. Ou dwe te touche omwen \$6,000 dola ($\$4,000 \times 1.5 = \$6,000$) antou pou tout kat trimès peryòd debaz ou.

Tanpri sonje: Pou kalifye pou avantaj yo, ou dwe te pèdi travay ou tou san se pa t fòt ou; ou dwe pare, vle ak kapab travay; epitou ou dwe ap chèche travay san pran souf.

Fason nou kalkile pousantaj avantaj ou chak semèn

Si ou te touche salè nan tout **kat trimès** peryòd debaz ou epi si salè nan trimès ou te touche plis lajan an:

- **Plis pase \$3,575 dola:** Kantite lajan avantaj ou se salè pou trimès ou te touche plis lajan ap divize pa 26. Si kalkil sa a pi piti pase \$143 dola, pousantaj avantaj ou se \$143 dola.
- **Egzanp 1:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$4,030 dola. Kantite lajan avantaj ou chak semèn se \$155 dola ($\$4,030 \div 26 = \155).
- **Egzanp 2:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$3,640 dola. Sa ap ba ou yon pousantaj avantaj \$140 ($\$3,640 \div 26 = \140). Paske kalkil sa a pi piti pase \$143 dola, pousantaj avantaj ou se \$143 dola.
- **\$3,575 dola oswa mwens:** Kantite lajan avantaj ou se salè nan trimès ou te touche plis lajan divize pa 25 oswa \$100 dola, kèlkeswa sa ki pi gwo a.
- **Egzanp 1:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$3,000 dola. Kantite lajan avantaj ou chak semèn se \$120 dola ($\$3,000 \div 25 = \120).
- **Egzanp 2:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$2,000 dola. Sa ap ba ou yon pousantaj avantaj \$80 ($\$2,000 \div 25 = \80). Paske kalkil sa a pi piti pase pousantaj avantaj minimòm \$100 dola, kantite lajan avantaj ou se \$100 dola.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Gen kantite lajan
avantaj maksimòm
ak minimòm chak
semèn.
Pou jwenn plis
enfòmasyon, tanpri
tcheke sitwèb nou
nan <http://labor.ny.gov/formsdocs/factsheets/pdfs/P823.pdf>.

Si ou te touche salè nan sèlman **de oswa twa trimès** peryòd debaz ou epi
si salè nan trimès ou te touche plis lajan an:

- **Plis pase \$4,000 dola:** Kantite lajan avantaj ou se salè mwayen de
salè de trimès ou te touche plis lajan, divize pa 26. Si kalkil sa a pi piti
pase \$143 dola, pousantaj avantaj ou se \$143 dola.
 - **Egzanp:** Salè nan trimès ou te touche plis lajan se \$4,500 dola, epi
salè nan pwochen trimès ou te touche plis lajan se \$4,288 dola, yon
mwayèn \$4,394 ($\$4,500 + \$4,288 = \$8,788; \$8,788 \div 2 = \$4,394$).
Kantite lajan avantaj ou se \$169 dola ($\$4,394 \div 26 = \169).
- **Ant \$3,576 ak \$4,000 dola:** Kantite lajan avantaj ou nan salè pou
trimès ou te touche plis lajan ap divize pa 26. Si kalkil sa a bay pi piti
pase \$143 dola, kantite lajan avantaj ou se \$143 dola.
 - **Egzanp:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$3,576 dola.
Sa ap ba ou yon pousantaj avantaj \$137.54 ($\$3,576 \div 26 = \137.54).
Paske kalkil sa a pi piti pase \$143 dola, pousantaj avantaj
ou se \$143 dola.
- **\$3,575 dola oswa mwens:** Kantite lajan avantaj ou se salè nan
trimès ou te touche plis lajan divize pa 25 oswa \$100 dola, kèlkeswa
sa ki pi gwo a.
 - **Egzanp:** Salè nan trimès ou se touche plis lajan se te \$3,000 dola.
Kantite lajan avantaj ou chak semèn se \$120 dola ($\$3,000 \div 25 = \120).

Tanpri sonje: Gen kantite lajan avantaj maksimòm ak minimòm chak semèn.
Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri tcheke sitwèb nou nan
<http://labor.ny.gov/formsdocs/factsheets/pdfs/P823.pdf>.

Kijan m ap konnen kisa pousantaj avantaj mwen ye?

Lè nou kalkile peman avantaj ou, w ap resevwa yon avi pa lapòs konsènan Detèminasyon Avantaj Lajan ou. Avi a ap fè ou konnen si ou gen ase salè pou kalifye pou avantaj yo, epi si ou gen ase lajan, kisa pousantaj avantaj pa semèn pral te si nou deside ou kalifye. Avi a ap endike tout patwon ou te travay pou yo pandan peryòd debaz ou, pa sèlman dènye patwon ou. Avi a ap montre ou salè ou te touche jan patwon yo rapòte.

Ou ta dwe revize avi Detèminasyon Avantaj Lajan an imedyatman pou asire li kòrèk. Si ou dakò avèk enfòmasyon ki endike nan avi a, pa fè okenn aksyon. Konsève avi a pou dosye ou. Si nenpòt ki endike nan avi a pa kòrèk, tanpri gade pwochen sijè “*Si salè ak/oswa patwon mwen yo pa nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou*”

Enpòtan: Detèminasyon Avantaj Lajan an pa di ou pral resevwa lajan toutbon. Li senpleman montre si ou gen ase salè oswa si ou pa gen ase salè pou kalifye. Ka gen lòt rezon ki fè ou pa kalifye. Apre ou resevwa Detèminasyon Avantaj Lajan an, si nou jwenn ou kalifye, w ap kòmanse resevwa avantaj ou yo. Si nou jwenn ou pa kalifye, w ap resevwa yon lòt Avi Detèminasyon pa lapòs k ap fè ou konnen pou kisa ou pa kalifye.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Nòt enpòtan pou moun ki fè reklamasyon yo epi pa maton nan lang Anglè oswa Panyòl: Pou kounye a, Depatman Travay sèlman kapab enprime Detèminasyon Avantaj Lajan an nan lang Anglè oswa Panyòl. Pou ede ou konprann avi enpòtan sa a, nou mete yon Tradiksyon Detèminasyon Avantaj Lajan Ou padèyè tiliv enfòmasyon sa a. Dokiman sa a tradui enfòmasyon ki nan Detèminasyon Avantaj Lajan an nan lang ou te mande pou tiliv enfòmasyon ou.

Epitou, lè te aplike pou avantaj yo si ou te di nou ou pale yon lang ki pa Anglè ak Panyòl, w ap resevwa yon avi avèk Detèminasyon Avantaj Lajan ou k ap mande ou pou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou jwenn èd pou konprann avi a. N ap ba ou yon tradiktè gratis.

Si salè ak/oswa patwon mwen yo pa nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou
Si ou remake salè oswa patwon pa endike nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou, ranpli fòm “Demann pou Re-Konsiderasyon” nou te voye ba ou avèk avi a epi retounen li (ou ka jwenn fòm Demann pou Re-Konsiderasyon an tou dèyè tiliv enfòmasyon sa a). **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòm Demann pou Re-Konsiderasyon ou tou nan 30 jou almannak apati Dat nou te Voye li pa lapòs jan sa endike nan Detèminasyon Avantaj Lajan an.**

Tanpri fè nou konnen konbyen lajan nan salè ou te resevwa pandan tout kat (4) trimès Peryòd Debaz Bazik yo plis trimès Peryòd Debaz Altène a. Mete prèv travay ak salè yo, tankou kopi souch chèk peman, pou tout salè ou te endike nan fòm nan epi pou tout peryòd tan ki konsène a. Salè yo gen ladan valè lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, epitou peman komisyón ak vakans. Si ou pa gen prèv salè ou, mete yo nan fòm nan kanmenm epi fè nou konnen pou kisa ou pa gen prèv. Si ou te touche lajan kach, ou ta dwe mete salè sa yo nan fòm Demann pou Re-Konsiderasyon ou, menmsi ou pa gen souch chèk peman yo oswa lòt prèv ki endike ou te touche. Nou kapab mennen ankèt sou rezon ki fè patwon ou (yo) pa t rapòte salè ou yo ban nou.

N ap revize nouvo enfòmasyon ou voye ban nou sou salè ou nan Demann pou Re-Konsiderasyon an. Lè revizyon sa a fini, n ap voye ba ou yon avi Detèminasyon Avantaj Lajan ki revize.

Si ou te travay pou yon ajans gouvènman federal, yon branch sèvis militè oswa deyò Eta New York, oswa si ou te touche kòm yon antreprenè endepandan, salè ou yo pa dwe endike nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan. Si ou te touche nenpòt nan kalite salè sa yo, ranpli fòm Demann Re-Konsiderasyon an epi voye li tounen ban nou. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòm nan anvan 30 jou almannak dat nou te voye li Pa Lapòs La jan sa endike nan dènye avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou.** Sa ap fè nou konnen pou itilize salè sa yo lè n ap kalkile pousantaj avantaj ou.

Si ou te touche kòm yon antreprenè endepandan, tanpri gade paj 45: “**Patwon mwen te peye mwen kòm yon antreprenè endepandan epi/oswa li te peye mwen anba tab. Kisa pou mwen fè?**”

Si ou te touche lajan kach, ou ta dwe mete salè sa yo nan fòm Demann pou Re-Konsiderasyon ou, menmsi ou pa gen souch chèk peman yo oswa lòt prèv ki endike ou te touche.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Enpòtan: Si Detèminasyon Avantaj Lajan ou montre patwon ou pa t travay pou yo oswa si li montre salè ou pa t touche, ou dwe fè nou konnen sa a nan yon mesaj sekirize. Ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Konekte nan kont ou, answit klike sou ikòn anvlop anlè adwat paj-ekran My Online Services. Oswa, ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

Fason pou mande yon re-kalkil pousantaj avantaj ki baze sou yon Peryòd Debaz Altène

Si salè trimès ou touche pi plis lajan an nan Trimès Altène ou, pousantaj avantaj ou ka pi gwo avèk Peryòd Debaz Altène ou. Ou kapab mande nou pou re-kalkile pousantaj avantaj ou avèk salè Peryòd Debaz Altène ou.

Pou fè sa, ranpli fòm Demann pou Peryòd Debaz Altène ki sou sitwèb www.labor.ny.gov/formsdocs/ui/TC403HA.pdf, ki endike tou nan nan fen tiliv sa a. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòm ki ranpli ou a nan dis jou almannak ki vini apre Dat ki Endike nan dènye Detèminasyon Avantaj Lajan ou.** Avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou ap montre dat espesyal yo ak kantite lajan salè yo. Si salè ou pou trimès altène a pa endike nan Detèminasyon Avantaj Lajan an, antre kantite lajan ou te touche nan trimès altène a nan fòm Demann pou Peryòd Debaz Altène a. Mete prèv travay ak salè yo, tankou kopi souch chèk peman, pou tout salè ou te endike nan fòm nan epi pou tout peryòd tan ki konsène a. Salè yo gen ladan valè lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, epitou peman komisyón ak vakans. Mete kantite lajan ou te touche an kach.

Si salè ki endike nan Detèminasyon Avantaj Lajan ou pou trimès altène a pa nan salè trimès ou touche pi plis lajan an oswa si pousantaj avantaj ou te maksimòm, pa mande yon re-kalkil. **Enpòtan: Si ou chwazi pou itilize salè trimès altène a pou reklamasyon ou fè nan moman an, ou pa kapab itilize salè sa yo ankò pidevan.** Sa ka afekte posiblite ou pou kalifye pou yon reklamasyon pidevan.

Konpansasyon travayè oswa avantaj ponpye volontè ak peryòd debaz

Si ou pa kalifye pou avantaj yo avèk Peryòd Debaz Bazik la oswa avèk Peryòd Debaz Altène a, men ou te resevwa avantaj konpansasyon travayè oswa avantaj ponpye volontè pandan Peryòd Debaz Bazik la, ou ka toujou kalifye. Peryòd Debaz Bazik la ka pwolonje annaryè jiska de (2) trimès almannak selon kantite trimès peryòd debaz lè ou te resevwa avantaj sa yo.

Pou aplike pou Peryòd Debaz Pwolonje sa a, ou dwe ranpli fòm ki endike anba la yo. **Enpòtan: Nou dwe resevwa yo anvan 30 jou ki vini apre Dat Postaj la ki sou Detèminasyon Avantaj Lajan an.**

- Konpansasyon travayè: Ranpli fòm Demann Re-Konsiderasyon an (ki disponib sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa nan dèyè tiliv sa a) epi remèt li ansanm avèk yon kopi dènye fòm SROI ou (Rapò sou Chòk Annapre) nan Konpansasyon Travayè.
- Avantaj ponpye volontè: Ranpli epi remèt fòm Demann Re-Konsiderasyon an (ki disponib sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa dèyè tiliv sa a).

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou pa t travay tout semèn yo nan trimès peryòd debaz ki gen salè trimès ou touche pi plis lajan an, si ou itilize salè mwayer pa semèn ou sa ka ogmante pousantaj avantaj ou.

Fason pou itilize salè nan dènye trimès almannak pou detèmine yon reklamasyon

Si ou pa kalifye avèk okenn nan peryòd debaz ki endike anwo a, men ou t ap travay nan trimès almannak lè ou te fè reklamasyon ou epi si ou toujou p ap travay apre trimès la fini, ou ka kalifye avèk dènye travay ou. Ou ta dwe aplike pou avantaj yo ankò **nan premye lendi** pwochen trimès almannak la oswa apre. Trimès almannak yo kòmanse 1ye janvye, 1ye avril, 1ye jiyè ak 1ye oktòb.

Fason pou mande yon re-kalkil pousantaj avantaj ki baze sou salè mwayer pa semèn

Si ou pa t travay tout semèn yo nan trimès peryòd debaz ki gen salè trimès ou touche pi plis lajan an, si ou itilize salè mwayer pa semèn ou sa ka ogmante pousantaj avantaj ou. Anvan ou kapab mande re-kalkile sa a, men kondisyon ou dwe satisfè:

- Nou dwe te jwenn ou kalifye pou avantaj yo avèk salè nan Peryòd Debaz Bazik la, Peryòd Debaz Altène, oswa Peryòd Debaz Pwolonje.
- Nou dwe detèmine ak finalize peryòd debaz ou ak pousantaj avantaj ou. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo nan dènye avi pou Detèminasyon Lajan Avantaj ou.
- Ou dwe gen omwen 20 semèn travay nan peryòd debaz ou.
- Nou dwe resevwa epi revize tout fòm Demann pou Re-Konsiderasyon yo.

N ap kalkile pousantaj avantaj ou kòm youn edmi salè mwayer pa semèn ou (youn edmi salè peryòd debaz total divize pa kantite total semèn ou te travay) **sèlman** si ogmantasyon pousantaj avantaj la se omwen senk (5) dola pi plis pase pousantaj avantaj ou nan moman an.

Pou mande re-kalkil sa a, ranpli epi remèt fòm “Demann pou Salè ki Baze sou Semèn Travay” ki sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa dèyè tiliv enfòmasyon sa a. **Enpòtan: Nou dwe resevwa fòm nan anvan dis (10) jou almannak ki vini apre Dat ki Endike nan dènye Detèminasyon Avantaj Lajan ou.** Ou dwe bay prèv travay ak salè ou, tankou souch chèk peman ou, pou chak semèn travay. Salè yo gen ladan valè lajan poubwa, bonis, manje ak lojman, epitou peman komisyón, vakans, ak kantite lajan ou te resevwa an kach.

Lè ou pèdi djòb ou akòz move konduit oswa yon zak kriminèl

Si ou te pèdi djòb ou akòz move konduit oswa yon zak kriminèl, nenpòt salè ou te touche pou djòb sa a pa kapab sèvi pou detèmine yon reklamasyon oswa pou kalkile pousantaj avantaj ou. Move konduit se nenpòt zak oswa mankman ou te konnen ou pa t gen pèmisyon pou fè nan djòb la epi ki te lakòz domaj oswa te kapab lakòz domaj pou patwon an.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Apati premye lendi mwa oktòb 2017, pousantaj avantaj maksimòm chak semèn te ogmante a \$435 dola. Pousantaj avantaj minimòm nan se \$100 dola.

Pousantaj avantaj maksimòm ak minimòm chak semèn

Apati premye lendi mwa oktòb 2017, pousantaj avantaj maksimòm chak semèn te ogmante a \$435 dola. Yo prevwa pousantaj maksimòm nan ap ogmante chak ane jouk nan ane 2016 lè yo prevwa I ap fikse a 50 poustan salè mwayen pa semèn eta a. Tanpri ale nan sitwèb nou nan www.labor.ny.gov pou jwenn dènye pousantaj avantaj maksimòm pa semèn.

Pousantaj avantaj minimòm nan se \$100 dola.

5. Kilè mwen pral kòmanse resevwa avantaj yo?

Kilè mwen pral resevwa premye peman mwen?

L ap pran twa a sis semèn apati lè ou depoze reklamasyon ou pou resevwa premye peman ou. Pandan tan sa a n ap revize aplikasyon ou epi n ap travay sou li, n ap detèmine pousantaj avantaj ou chak semèn, epitou n ap verifye enfòmasyon sou travay ou avèk ansyen patwon ou (yo). **Ou p ap resevwa avantaj yo pandan peryòd revizyon sa a.** Si nou jwenn ou kalifye pou avantaj yo, w ap resevwa nenpòt semèn aryere nou dwe ou avèk premye peman ou.

Pandan tan sa a, gen de bagay ou ta dwe fè:

- Ranpli epi retounen nenpòt kesyonè, epitou retounen nenpòt koutfil ou resevwa nan Depatman Travay touswit; epi
- Kontinye reklame avantaj yo chak semèn toutotan ou p ap travay epitou toutotan ou satisfè kondisyon pou kalifye, apati semèn ki vini imedyatman apre ou depoze reklamasyon ou. Tanpri gade paj 16 - 23: **“Kijan pou mwen reklame avantaj yo chak semèn?”** Answit, ou dwe satisfè tout kondisyon pou chèche travay ak kondisyon pou konsève dosye ki asosye. Tanpri gade paj 24 - 29: **“Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?”**

Retounen kesyonè yo touswit

Si nou bezwen plis enfòmasyon pandan n ap travay sou reklamasyon ou nou ka voye yon fòm oswa yon kesyonè ba ou. **Tanpri ranpli epi retounen chak kesyonè nan sèt jou** apre dat ki enprime sou li yon fason pou pa jwenn reta oswa refi nan avantaj ou yo. Si ou pa ranpli yon kesyonè oswa si ou pa retounen yo ban nou touswit, n ap gen pou pran yon desizyon sou reklamasyon ou dapre enfòmasyon nou genyen yo. Sa kapab nuizib pou kalifikasyon ou pou avantaj yo.

Si ou resevwa yon kesyonè ki pa sanble konsène ou, tanpri retounen kesyonè a kanmenm. Ekri anlè oswa nan fen kesyonè a pou fè yo konnen ou panse ou te fè yon erè epitou bay detay ki apwopriye yo. Answit, retounen li nan mesaj sekirize. Konekte nan kont ou sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services. Oswa, fakse li nan nimewo faks la oswa voye li pa lapòs nan adres ki endike nan kesyonè a. N ap revize oswa korije erè a si li apwopriye. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte ou nan telefòn oswa nan mesaj sekirize sou kont ou genyen avèk nou sou entènèt. Ou pa bezwen rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Sa pou fè si ou pèdi yon kesyonè

Ou kapab mande yon lòt kopi kesyonè a/fòm nan/lèt la nan mesaj sekirize nan kont ou gen sou entènèt avèk nou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enswiksyon. Oswa, ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* **Enpòtan: Tanpri mande yon ranplasman san pèdi tan.** Ou dwe ranpli kesyonè yo epi ou dwe retounen yo nan sèt jou apre dat ki nan kesyonè orijinal la. Nou pa ajiste dat limit sa yo, menmsi nou bay yon ranplasman.

Semèn atant pou avantaj yo

Premye semèn okonplè ou p ap travay la rele yon semèn atant. Ou p ap resevwa avantaj Asirans Chomaj pou semèn sa a, men ou dwe pare pou travay, vle travay epi kapab travay. Ou dwe reklame avantaj chak semèn yo pou semèn sa a tou. Answit, ou dwe satisfè tout kondisyon pou chèche travay ak kondisyon pou konsève dosye ki asosye. Tanpri gade paj 24 - 29: “**Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?**”

Si ou travay toutan pandan premye semèn reklamasyon ou oswa si ou pa sèvi yon semèn atant konplè pou lòt rezon, peryòd atant lan ap pwolonje nan pwochen semèn (yo). Apre semèn atant sa a, w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj pou chak semèn ou rete san travay, jiska 26 semèn. Ou dwe reklame avantaj yo chak semèn; ou dwe pare pou travay, vle travay epi kapab travay, epitou ou dwe satisfè kondisyon pou chèche travay jan sa diskite nan paj 24 - 29: “**Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?**”

Kijan pou mwen konnen lè m ap kòmanse resevwa avantaj yo?

Apre nou revize enfòmasyon sou reklamasyon ou (ak Detèminasyon Avantaj Lajan revize a, si genyen), n ap deside si ou kalifye pou resevwa avantaj yo. Anjeneral, pwoesisis revizyon sa a pran twa a sis semèn. Si ou kalifye, w ap senpleman kòmanse resevwa avantaj yo nan depo dirèk oswa nan kat debi a. Ou p ap resevwa yon lèt k ap endike si ou kalifye anvan avantaj ou yo kòmanse.

Si nou jwenn ou pa kalifye pou avantaj yo, n ap voye yon Avi Detèminasyon ba ou pa lapòs pou fè ou konnen rezon (yo) ki fè sa. Avi sa a ap fè ou konnen pou ki peryòd tan ou jwenn refi pou avantaj yo, kijan pou re-kalifye pidevan epi kijan pou mande yon odyans si ou pa dakò avèk desizyon an.

Si ou kalifye, w ap kòmanse resevwa avantaj yo nan depo dirèk oswa nan kat debi a.
Ou p ap resevwa yon lèt k ap endike si ou kalifye anvan avantaj ou yo kòmanse.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

6. Kijan pou mwen reklame avantaj yo chak semèn?

Kijan pou mwen resevwa avantaj mwen yo (reklame avantaj yo/konfime pou avantaj yo)?

Pou chak semèn ou nan chomaj epi w ap chèche travay, ou dwe reklame avantaj yo chak semèn. Pou fè sa, ou dwe mande peman nan sitwèb nou oswa nan sistèm telefòn otomatize Tel-Service. Sa rele konfimasyon pou avantaj yo, paske ou konfime ou te nan chomaj pou tout oswa pou yon pati semèn pase a epi ou te satisfè tout lòt kondisyon yo pou resevwa avantaj Asirans Chomaj.

Kit ou chwazi sitwèb nou oswa Tel-Service nou, sistèm nan ap poze ou yon seri kesyon. Kalifikasyon ou pou avantaj yo chak semèn baze sou repons ou bay pou kesyon yo. Li epi koute kesyon yo ak eksplikasyon yo avèk anpil atansyon anvan ou reponn. Si ou pa konprann yon kesyon, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou mande eklèsisman. **Enpòtan: Lalwa pa dakò pou fè fo deklarasyon pandan pwoesis konfimasyon chak semèn nan pou ou kapab resevwa avantaj yo.** Ou ka gen pou peye enterè ak sanksyon, tankou pèt avantaj yo oswa menm pouswit kriminèl.

Ou dwe reklame avantaj yo chak semèn poukont ou

Enpòtan: Pa bay lòt moun PIN ou oswa non itilizatè ak modpas NY.gov ou. Si ou kite yon lòt moun reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) pou ou oswa si ou kite yon lòt moun jwenn reklamasyon ou sou entènèt oswa nan sistèm telefòn Tel-Service, ou kapab tonbe anba sanksyon ki grav. Ka gen pouswit kriminèl kont ou oswa ou ka ale nan prizon. Ou ka pèdi apeprè 20 semèn avantaj yo. Si ou bezwen èd pou reklame avantaj yo chak semèn, tanpri gade paj 18 lan: ***"Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou reklame avantaj yo chak semèn?"***

Kisa pou mwen fè si mwen vwayaje deyò zòn mwen oswa deyò peyi a?

Si ou pral vwayaje pou vakans oswa pou rezon pèsonèl, ou pa kapab reklame avantaj yo pou moman ou ale a. Pou pwoteje dwa ou, ou dwe kontakte nou anvan ou vwayaje, menmsi w ap vwayaje pou chèche travay oswa pou fè yon entèvyou pou jwenn travay. Lè ou ban nou enfòmasyon sa yo anvan vwayaj ou, nou ka kenbe avantaj ou yo pou yon ti tan pandan ou deyò. Kontakte nou lè ou retounen pou kòmanse resevwa avantaj ou yo ankò. Ou dwe kontakte nou tou anvan ou vwayaje deyò zòn nòmal ou, menmsi ou pa kite Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Virgin. Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: ***"Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize"*** pou jwenn enstwiksyon. Ou ka rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Sonje pou fè nou konnen dat vwayaj ou ak rezon pou vwayaj la.

Enpòtan: Pa eseye konfime pou avantaj yo pandan ou deyò Etazini, Kanada, Pòtoriko oswa Zile Virgin pou nenpòt rezon. Konfimasyon ou ap bloke epi n ap kenbe avantaj ou yo. Si ou konfime ou pare pou travay, ou vle travay, epi ou kapab travay pandan ou deyò peyi a epi si ou bay non itilizatè ou, modpas ou, nimewo sekirite sosyal ou, ak/oswa PIN ou ba yon lòt moun pou konfime sou non ou sa ka lakòz ou tonbe anba sanksyon grav. Sanksyon sa yo kapab gen ladan peman anplis, pèt avantaj, sanksyon pou peye lajan, pouswit kriminèl ak prizon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Tanpri kontakte nou anvan ou vwayaje, menmsi w ap vwayaje pou chèche travay oswa pou fè yon entèvyou pou jwenn travay. Sonje pou fè nou konnen dat vwayaj ou ak rezon pou vwayaj la.

Fason pou reklame avantaj yo chak semèn sou entènèt

Ou kapab reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov/signin. **Nòt:** Si ou gen yon sèvis ki fè adrès entènèt ou anonim, tanpri fèmen li lè w ap reklame avantaj yo chak semèn. Sinon, konfirmasyon ou ka bloke.

W ap bezwen yon ID NY.gov pou enskri pou yon kont sou entènèt. Si ou déjà gen yon non itilizatè ak modpas ID NY.gov, ou kapab itilize li pou sistèm nou an. Si ou pa gen yon ID NY.gov, swiv eksplikasyon ki nan sitwèb nou www.labor.ny.gov/signin pou kreye youn. Avèk yon kont sou entènèt, ou kapab reklame avantaj yo chak semèn, tcheke kondisyon peman avantaj ou, enprime istwa peman ou ak fòm 1099, jwenn aksè nan sitwèb resous JobZone ak plis lòt. Ou kapab itilize ID NY.gov ou tou pou jwenn sèvis yo ofri nan lòt ajans Eta New York yo. **Enpòtan: Pa bay okenn moun non itilizatè oswa modpas ID NY.gov ou oswa pa ekri yo kote lòt moun ka wè yo.** Pou jwenn èd pou kreye oswa itilize yon ID NY.gov, tanpri gade lis enstwiksyon ki endike y ak Kesyon Moun Poze Souvan sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Si ou gen difikilte avèk ID NY.gov, rele nimewo (800) 833-3000 ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., depi lendi jiska vandredi.

Fason pou reklame avantaj yo chak semèn nan telefòn

Ou kapab reklame avantaj yo chak semèn depi ou rele Tel-Service gratis nou, sistèm telefòn otomatize nan nimewo (888) 581-5812. Moun ki itilize TTY/TDD yo ap rele nimewo (877) 205-3119; Moun ki itilize Sèvis Relè nan Videyo - kontakte operatè relè ou epi mande li pou rele nimewo (888) 783-1370. Y ap mande ou pou reponn yon seri kesyon, epi answit y ap mande ou pou konfime tout repons ou bay yo vrè ak kòrèk. Lè ou di wi oswa lè ou peze 1 pou reponn kesyon sa a, se menm jan ak lè ou siyen yon dokiman. Se paske se sèlman oumenm ki konnen PIN ou te kreye a lè ou te fè reklamasyon ou.

Enpòtan: Pa bay okenn moun PIN ou, pa menm yon manm fanmi ou. Se oumenm sèlman ki kapab reklame avantaj yo chak semèn. **Sèl eksepsyon se si ou pa kapab antre PIN ou (pa egzanp, si ou gen yon andikap oswa yon pwoblèm lang), ou ka jwenn yon moun ki pou antre li pou ou. Men, ou dwe avèk moun k ap ede ou a lè l ap antre modpas ou oswa PIN ou.**

Si koutfil ou dekonekte oswa si ou fèmen telefòn nan anvan ou tandé "Reklamasyon ou antre pou nou travay sou li," ou pa fini pwosesis pou reklame avantaj yo chak semèn. W ap gen pou rele ankò pou reklame avantaj ou yo.

Enpòtan: Si ou fè yon erè lè ou konfime pou avantaj yo, rapòte sa touswit. Voye yon mesaje sekirize ban nou nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**" pou jwenn enstwiksyon. Oswa, ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Lè pou reklame avantaj yo chak semèn

Pou objektif Asirans Chomaj, yon semèn kòmanse lendi epi li fini dimanch. Ou ta dwe reklame avantaj yo chak semèn pou semèn anvan an nan dènye jou semèn nan (dimanch) jiska pwochen samdi a. Nenpòt konfirmasyon ki fèt yon jou dimanch se pou semèn ki fini nan jou a. Pa egzanp, sipoze ou p ap travay depi lendi, 1ye janvye jiska dimanch 7 janvye. Ou kapab reklame avantaj yo pou semèn nan apati dimanch 7 janvye jiska samdi 13 janvye.

Ou pa kapab reklame pou yon nenpòt semèn ki vini apre yon semèn swa sou entènèt oswa avèk Tel-Service. Sistèm nan p ap aksepte konfirmasyon pou okenn semèn annaryè oswa lòt peryòd tan. Si ou pa fè reklamasyon avantaj yo pou yon semèn pandan ou pa t ap travay la, ou kapab mande kredi pou semèn sa a nan mesaj sekirize, faks oswa kourye regilye. Pa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou mande kredi aryere pou yon semèn.

Ou ka soumèt yon demann nan mesaj sekirize sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “*Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize*” pou jwenn enstwiksyon. Ou kapab fakse demann ou nan nimewo (518) 457-9378 oswa ou kapab voye li pa lapòs nan:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Sonje pou mete dat kòmansman ak dat finisman peryòd tan ou pa t reklame avantaj yo ak rezon ki fè ou pa t reklame avantaj yo touswit nan demann ou. Epitou, mete kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou nan kwen anlè adwat la.

N ap revize demann ou epi n ap deside si ou kalifye pou resevwa avantaj yo pou peryòd tan sa a. Revizyon sa a kapab pran jiska sis semèn. Pandan tan sa a, sonje pou kontinye reklame avantaj yo pou tout semèn ou p ap travay yo ak kalifye pou avantaj yo. Si nou ekri ou oswa si nou rele ou pou mande ou plis enfòmasyon, tanpri reponn nou san pèdi tan yon fason pou pa gen reta nan revizyon an.

Avèk egzanp ki endike anwo a, si ou pa reklame avantaj ou yo chak semèn anvan samdi 13 janvye, ou ta gen pou voye yon mesaj sekirize oswa yon lèt ban nou ki eksplike pou kisa ou an reta pou ou kapab resevwa avantaj yo pou semèn ki fini dimanch 7 janvye.

Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou reklame avantaj yo chak semèn?

Si ou gen yon andikap oswa si ou gen difikilte pou pale oswa pou konprann Anglè, ou ka jwenn yon moun pou ede ou avèk sèvis nou sou entènèt oswa Tel-Service. Si ou pa gen yon òdinatè oswa si ou pa konnen kijan pou itilize yon òdinatè, nou pa konsidere sa kòm yon andikap paske ou kapab toujou itilize telefòn nan pou reklame avantaj yo chak semèn.

Ou pa kapab
reklame avantaj
yo pou nenpòt
semèn plis pase
yon semèn
apre... Sistèm
nan p ap aksepte
konfirmasyon pou
okenn semèn
annaryè oswa lòt
periyòd tan.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou pa kapab antre PIN pa ou, ou ka jwenn yon moun ki pou antre li pou ou. Men, ou dwe avèk moun k ap ede ou a lè l ap antre modpas ou oswa PIN ou. Ou responsab pou aksyon moun k ap ede ou. Si ou pa prezan lè moun k ap ede ou ap itilize sèvis nou yo, nou konsidere sa kòm fwod epi ou ka tonbe anba sanksyon. Sanksyon yo kapab gen ladan jou ou pèdi. Jou ou pèdi se jou pidevan lè ou kalifye pou resevwa avantaj yo, men ou pa kapab paske ou pèdi dwa ou pou resevwa avantaj yo pou jou sa yo kòm yon sanksyon. Epitou ou ka gen pou remèt nenpòt avantaj ou pa te dwe resevwa, epi ou ka gen pou jwenn anba sanksyon pou peye lajan an.

Kisa pou mwen fè si m ap travay atan-pasyèl?

Ou dwe rapòte **tout** travay w ap fè atan-pasyèl oswa travay pou yon ti tan. Si ou pa rapòte tout travay lè w ap reklame avantaj ou yo chak semèn, ou ka tonbe anba sanksyon tankou pèt avantaj yo sanksyon sivil ak sanksyon kriminèl ak amann. Si ou travay mwens pase kat (4) jou nan yon semèn epi ou touche mwens pase pouvantaj avantaj maksimòm nan, ou ka resevwa yon pati nan avantaj yo jan sa endike anba la a:

- 1 jou travay = 3/4 pouvantaj avantaj ou okonplè pa semèn;
- 2 jou travay = 1/2 pouvantaj avantaj ou okonplè pa semèn;
- 3 jou travay = 1/4 pouvantaj avantaj ou okonplè pa semèn; oswa
- 4 jou travay = Ou pa gen okenn avantaj.

Enpòtan: Si ou pa gen okenn travay nan yon jou, menmsi se te inèdtan oswa mwens epitou menmsi ou pa t resevwa peman, l ap konte kòm yon jou travay epi ou dwe rapòte li nan fason sa a. Epitou, ou pa kalifye pou resevwa avantaj yo pou okenn semèn lè ou touche plis pase pouvantaj avantaj maksimòm nan (nan salè brit, anvan dediksyon), kèlkeswa kantite jou ou te travay. N ap mande ou si ou te travay pandan dènye semèn nan epi si ou te touche plis pase avantaj maksimòm nan lè ou reklame avantaj yo chak semèn.

Si ou resevwa yon pati nan avantaj yo, w ap kapab touche yo pou yon peryòd tan ki pi long. Ou kapab touche avantaj yo jouk lè ou resevwa kantite lajan avantaj maksimòm nan (26 fwa pouvantaj avantaj ou chak semèn) oswa jouk lè avantaj ou fini, kèlkeswa sa ki vini anvan an.

Kisa yo konsidere kòm travay?

Ou dwe rapòte **nенpòt** aktivite ki pèmèt ou touche revni oswa ki ka pèmèt ou touche revni nenpòt lè kòm travay, menmsi se sèlman inèdtan oswa mwens. Sa gen ladan fòmasyon, ak travay atanplen, travay atan-pasyèl, travay sezonye, travay ki peye pèdyèm, travay kote ou nan pwobasyon, travay okazyonèl, travay pou yon ti tan oswa travay pèmanan. Menmsi ou pa t touche, ou dwe rapòte kòm travay:

- Tout aktivite ki gen pou wè ak travay endepandan oswa travay lib, tankou, men pa sèlman: ekri chèk, resevwa koutfil, ekri oswa reponn korespondans pou biznis, oswa nenpòt lòt travay ki gen pou wè ak kòmansman oswa kontinyasyon yon biznis;
- Travay sou demann oswa jan li nesesè;

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

- Fòmasyon nan travay;
- Oryantasyon nan travay;
- Lè ou travay pou yon lòt moun;
- Lè ou fè djòb oswa favè pou biznis yon zanmi oswa manm fanmi;
- Travay pou yon ti tan;
- Travay atan-pasyèl;
- Travay aktif pou fòmasyon avèk yon branch fòs lame;
- Aktivite ki gen pou wè ak jesyon nan yon apatman lokasyon ki gen anpil fanmi (de oswa plis apatman pou lwe);
- Travay kòm yon sipè-entandan konstwiksyon;
- Yon estaj ak/oswa fòmasyon nan travay;
- Yon djòb travay-etid nan kolèj;
- Aktivite kòm yon ofisyèl publik/ki pase nan eleksyon;
- Fòmasyon pratik chak ane pou Lagad Nasyonal oswa Rezèv;
- Travay ki fèt sou yon baz komisyon dirèk (nou konsidere sa kòm travay menmsi ou pa touche komisyon an jouk apre, lavant pa t fèt, oswa ou pa resevwa peman);
- Yon entèvyou pou travay, kote yon fiti patwon mande ou pou travay -- avèk oswa san salè -- pou ou kapab montre ou kapab fè djòb la; epi
- Aktivite ki konekte avèk kòmansman yon biznis (sof si ou jwenn apwobasyon epi si w ap patisipe nan Pwogram Èd pou Travay Endependan Depatman Travay).

Men sa ou pa gen pou rapòte kòm travay:

- Sèvis jiri;
- Travay ki pa aktif pou fòmasyon avèk yon branch fòs lame;
- Seson egzèsis sovtaj pa semèn oswa pa mwa pou Lagad Nasyonal oswa Rezèv; oswa
- Nenpòt aktivite ki gen pou wè avèk jesyon yon apatman lokasyon fanmi (pa egzanp: yon kay de (2) fanmi kote w ap viv sou balkon epi ou lwe apatman ki anba a, oswa ou lwe kay ou ba moun).

Si w ap travay sou yon peryòd travay ki kontinye jiska minwi, ou ta dwe reklame jou travay sa a nan jou anvan minwi an (lè ou te kòmanse peryòd travay la). Eksepsyon: si w ap travay sou yon peryòd travay ki kòmanse a 7 p.m. oswa pi ta nan dimanch epi si ou kontinye travay apre minwi, ou ta dwe reklame jounen an ou te travay nan lendi.

Ou dwe rapòte nenpòt ak tout travay. Tout patwon yo gen obligasyon pou rapòte enfòmasyon ki endike yo anboche oswa re-anboche yon moun ba Rejis Nasyonal Nouvo Anplwaye (National Directory of New Hires). Nou divilge enfòmasyon sa yo ba gouvènman federal ak ba Depatman Travay pou asire obligasyon sipò timoun peye epitou pou asire moun yo p ap travay pandan y ap resevwa avantaj Asirans Chomaj. Chak fwa ou eseye reklame avantaj yo chak semèn, nou verifye non ou nan Rejis Nasyonal Nouvo Anplwaye Si non ou parèt nan Rejis sa a, n ap ba ou eksplikasyon sou fason pou rezoud pwoblèm nan. Ou p ap kapab reklame avantaj yo chak semèn jouk lè ou diskite sou pwoblèm nan avèk Inite Entegrite. N ap verifye enfòmasyon ou yo avèk patwon ki te rapòte ou kòm yon moun li te li anboche oswa re-anboche.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou pa sèten si ou konsidere oswa pa konsidere sa w ap fè a kòm travay, oswa si ou fè yon konfirmasyon ki pa kòrèk pou avantaj yo, tanpri rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* imedyatman pou pale avèk yon anplwaye. Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: ***“Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize”*** pou jwenn enstwiksyon. Si ou pa kontakte nou, ou ka gen pou remèt avantaj yo, ou ka tonbe anba sanksyon sivil, epitou ou ka pèdi fiti avantaj yo.

Enpòtan: Pa reklame avantaj yo pou okenn semèn lè ou travay plis pase twa jou oswa lè ou touche plis pase pousantaj avantaj maksimòm nan.

Mwen te eseye reklame avantaj yo chak semèn, men sistèm telefòn nan p ap pèmèt mwen konfime. Mwen resevwa yon mesaj ki endike mwen dwe konekte sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa mwen dwe rele yon sèten nimewo telefòn. Kisa k ap pase konsa?

Depatman Travay te resevwa enfòmasyon ki montre ou te ka ap travay pandan ou te konfime ou pa t ap travay. Enfòmasyon sa yo te ka soti nan yon travay ou oswa nan baz done nasyonal nou verifye konfirmasyon yo chak semèn kont yo. Pafwa, baz done a montre ou t ap travay menmsi ou te vin nan chomaj pa twò lontan. Lè sa rive, Depatman Travay dwe konfime ou nan chomaj toutbon.

Pou rezoud sa, ou dwe ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi ou dwe swiv etap pou reklame avantaj Asirans Chomaj chak semèn. Pare ou pou bay lis tout dat ou te travay depi lè ou kòmanse reklamasyon ou. W ap bezwen bay non, adrès ak nimewo telefòn pou tout patwon ou te travay pou yo depi kòmansman reklamasyon ou. Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè, mete enfòmasyon sou travay ou pare epi rele nimewo (877) 280-4541.

Kisa pou mwen fè si mwen vle kòmanse biznis pa mwen?

Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* **anvan** ou fè nenpòt etap pou kòmanse yon biznis, anvan ou antre nan yon biznis ki la deja, anvan ou re-aktive yon biznis ki te fèmen, oswa anvan ou vin nenpòt kalite fonksyonè avèk nenpòt biznis. Nou konsidere w ap travay si w ap opere oswa kòmanse yon biznis poukout ou, avèk yon patnè oswa nan yon aranjman kolektif. Sa gen ladan tan ou pase pandan jounen an, aswè oswa nan jou wikenn, menmsi pa gen lavant ki fèt oswa menmsi ou pa touche lajan. Sof si ou antre nan Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self Employment Assistance Program), aktivite pou kòmanse biznis ka lakòz ou pèdi avantaj Asirans Chomaj ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Èd pou Travay Endepandan, tanpri gade sitwèb nou nan www.labor.ny.gov/seap/ ak paj 42: ***“Fason pou kòmanse yon biznis: Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP).”***

Kisa pou mwen si mwen pase nan eleksyon kòm ofisyèl?

Si w ap fè travay, sèvis oswa aktivite kòm yon ofisyèl ki pase nan eleksyon, nou konsidere w ap travay nan jou ou pran responsabilite sa yo. Li pa enpòtan pou sa travay la ye, kantite tan ou te pase ap travay chak jou, oswa si ou te touche oswa pa t touche nenpòt lajan oswa nenpòt lòt peman. **Ou dwe deklare tout travay ou te fè anrapò avèk fo fonksyon ofisyèl, menm inèdtan oswa mwens, kòm travay lè w ap reklame avantaj ou yo chak semèn.**

**Pa reklame avantaj
yo pou okenn
semèn lè ou travay
plis pase twa jou
oswa lè ou touche
plis pase
pousantaj avantaj
maksimòm nan.**

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj pandan w ap fè travay volontè.

Kisa pou mwen fè si m ap fè travay volontè?

Ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj pandan w ap fè travay volontè. Men, ou dwe rapòte aktivite volontè ki endike anba la yo kòm travay lè w ap reklame avantaj yo chak semèn:

- Travay volontè ki anpeche ou chèche yon djòb oswa ki afekte kantite jou oswa èdtan ou disponib pou travay nan yon djòb;
- Travay volontè ou pa yon favè pou biznis yon zanmi oswa yon manm fanmi;
- Travay volontè ou fè nan yon lekòl pou ka jwenn rabè nan kou prive oswa pou ka jwenn yon bousdetid;
- Travay volontè ou fè pou yon sosyete ki pa la pou fè pwofi, kote ou de yon fondatè, fonksyonè oswa yon manm konsèy administrasyon;
- Travay volontè kote ou resevwa yon salè ki pi gran pase salè minimòm nan;
- Travay volontè kote ou fè li kòm yon kondisyon davans pou yo anboche ou oswa pou re-anboche ou nan yon pòs travay ki peye lajan;
- Travay volontè ou fè nan yon estaj oswa nan lòt pwogram fòmasyon nan travay; epi
- Travay volontè pou egzamen lisans pwofesyonèl oswa pou jwenn lòt kalifikasyon.

Ou pa gen pou rapòte aktivite volontè ki pa endike anwo a kòm travay lè w ap reklame avantaj yo chak semèn. Sa gen ladan travay volontè se pou òganizasyon charite, reliye oswa kiltirèl. Men, ou dwe:

- Pa pare pou travay, pa vle travay epi pa kapab travay;
- Fè efò ki rezonab ak dirab pou jwenn travay;
- Konsève yon Dosye Rechèch Travay sou entènèt oswa alekri pou chak semèn ou reklame avantaj yo; epi
- Prepare pou bay yon kopi Dosye Rechèch Travay ou ba Depatman Travay (tanpri gade paj 24 - 29): ***“Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?”***.

Si ou pa byen konnen si travay volontè ou pèmèt ou satisfè tout kritè sa yo, ou ta dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou bay tout detay travay volontè **anvan** ou reklame avantaj yo pou semèn nan.

Kenbe adrès ou ak nimewo telefòn ou ajou

Biwo Lapòs pa pote kourye Asirans Chomaj. Avantaj ou yo ka pran rete si ou pa bay repons pou demann enfòmasyon oswa pou yon avi pou randevou nou te voye ba ou nan adrès ou ki nan dosye nou.

Ou kapab chanje adrès postal ou oswa nimewo telefòn ou avèk Depatman Travay lè w ap reklame avantaj yo chak semèn sou entènèt. Konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi klike sou “Unemployment Services,” k ap mennen ou nan paj-ekran Avantaj Asirans Chomaj sou Entènèt. Klike sou bouton “Claim Weekly Benefits”, sa k ap mennen ou nan paj-ekran Peman Avantaj yo. Klike sou bouton “Continue” anba paj-ekran sa a, k ap mennen ou nan paj-ekran Reklame Avantaj yo chak Semèn. Klike sou bouton “Change Address/Telephone Number” pou chanje adrès ou ak/oswa nimewo telefòn ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou kapab chanje adrès postal ou depi ou voye yon mesaj sekirize ban nou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon.

Si ou pa reklame avantaj yo ankò, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* epi chwazi meni “Pou chanjman PIN oswa adrès.” pou chanje adrès ou oswa nimewo telefòn ou.

Ou dwe chanje adrès ou ak nimewo telefòn ou pou metòd peman avantaj Asirans Chomaj ou. Pou moun k ap itilize depo dirèk, kontakte bank ou. Pou moun ki itilize kat debi, kontakte Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955.

Kisa mwen ta dwe fè si non mwen chanje?

Ou dwe voye yon lèt ban nou ansanm avèk dokiman legal (tankou yon kopi sètifikasi maryaj; dosye sètifye divòs; lòd sètifye tribinal; oswa yon paspò Etazini ki valab epi ki pa ekspire, ki fèt sou non ou genyen an) ki verifye chanjman an non epi voye li pa lapòs nan adrès:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Ou kapab voye yon demann chanjman non tou nan mesaj sekirize nan kont ou sou entènèt. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou jwenn enstwiksyon. Tache yon pdf dokiman legal ou yo nan demann ou; nou pito fòma PDF.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

7. Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?

Èske mwen gen pou chèche travay?

Wi, ou dwe ap chèche travay san pran souf pandan w ap reklame avantaj yo. Dapre Lwa Travay Eta New York, ou dwe fè "efò rezonab ak dirab pou jwenn travay" jan sa eksplike anba la a. Ou dwe bay prèv efò ou fè pou chèche travay ba Depatman Travay si yo fè demann lan. **Enpòtan: Ou ka jwenn refi si ou pa fè efò rezonab ak dirab pou jwenn travay, jan sa defini nan pwochen sijè a:** "*Kisa nou konsidere kòm efò rezonab ak dirab pou jwenn travay?*"

Kisa nou konsidere kòm efò rezonab ak dirab pou jwenn travay?

Efò rezonab ak dirab pou jwenn travay gen ladan **tout** egzijans ki endike anba la yo:

- Ou dwe **fè omwen twa (3) aktivite chèche travay chak semèn** sof si ou gen yon Plan Rechèch Travay Depatman Travay apwouve oswa sof si Depatman Travay te deziyen ou kòm yon moun ki gen egzanpsyon nan egzijans pou chèche travay. Tanpri gade paj 26: "*Kisa yon Plan pou Chèche Travay ye?*" epi "*Kimoun ki gen egzanpsyon nan chèche travay*" nan menm paj-ekran an.
- Ou **dwe fè twa (3) aktivite sa yo nan jou diferan semèn** nan epi aktivite yo dwe gen ladan **omwen yon aktivite nan aktivite pou chèche travay 1-5** (anba la a) ak **de (2) lòt aktivite pami nèf (9) aktivite** ki endike yo.
- Aktivite **rechèch travay ou dwe kòmanse semèn ki vini apre semèn ou te fè reklamasyon ou.**

Aktivite rechèch travay yo ka gen ladan, men pa sèlman:

- 1 Itilizasyon resous travay ki disponib nan Sant Karyè lokal Eta New York, tankou:
 - Rankont avèk konseye Sant Karyè yo;
 - Jwenn enfòmasyon nan men anplwaye Sant Karyè yo konsènan djòb ki ka disponib nan yon endistri patikilye oswa rejyon (jwenn enfòmasyon sou mache travay la);
 - Travay avèk anplwaye Sant Karyè pou evalye ladrès ou epi pou amonize yo avèk pòs travay ak djòb posib yo (evalyasyon ladrès pou amonizasyon pòs travay);
 - Patisipe nan sesyon enfòmasyon pou bay enstriksyon; epi
 - Jwenn referans pou djòb ak amonizasyon avèk djòb nan Sant Karyè a epi kontakte patwon yo ankò.
- 2 Ale nan yon sant travay epi ranpli yon aplikasyon pou travay poukонт ou avèk patwon ki ka espere gen pòs travay ki vid yon fason rezonab.
- 3 Soumèt yon aplikasyon ak/oswa rezime pou travay pou bay repons pou yon avi publik oswa pou vle ajoute oswa pou yon anons nan jounal oswa ba patwon mwen ka espere ki gen pòs travay lib yon fason rezonab.
- 4 Patisipe nan seminè rechèch travay, reyinyon ki pwograme pou konekte rezo pwofesyonèl, fowòm travay oswa sesyon enfòmasyon ki bay enstriksyon pou amelyore ladrès pou jwenn travay.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

- 5 Fè entèvyou avèk patwon posib.
- 6 Aplike pou travay avèk ansyen patwon (yo).
- 7 Anrejistre epi tcheke nan ajans prive pou jwenn travay, sèvis plasman, sendika, ak biwo plasman lekòl, kolèj oswa inivèsite, ak/oswa òganizasyon pwofesyonèl.
- 8 Itilize telefòn, anyè biznis, entènèt, oswa sistèm amonizasyon djòb sou entènèt pou chèche djòb, jwenn enfòmasyon enpòtan, mande referans, oswa pran randevou pou fè entèvyou pou jwenn travay.
- 9 Aplike epi/oswa enskri epi pran egzamen Sèvis Sivil (yo) pou pòs travay vid gouvènman an.

Kisa nou konsidere kòm prèv aktivite chèche travay ki akseptab?

Ou dwe konsève yon dosye Rechèch Travay sou entènèt oswa alekri pou chak semèn ou reklame avantaj yo, epi ou dwe prepare ou pou bay yon kopi dosye a ba Depatman Travay si nou mande ou li. Dosye a dwe gen ladan dat, non, adrès (adrès postal, imèl, oswa adrès sitwèb) ak nimewo telefòn patwon ou kontakte yo, non ak/oswa tit djòb moun espesyal ou kontakte; metòd kontak ou itilize; pòs travay oswa tit djòb ou aplike pou jwenn nan oswa yon deskripsiyon lòt efo ou fè pou chèche travay (patisipasyon ou nan fowòm travay oswa sesyon enfòmasyon, elatriye). N ap verifye enfòmasyon ki nan fòm nan avèk kontak ou bay yo. Si ou fè espre pou bay fo deklarasyon sou aktivite rechèch travay ou, nou konsidere sa kòm fwod epi nou kapab ba ou refi pou avantaj Asirans Chomaj.

Si ou chwazi pou konsève dosye ou sou entènèt, nou rekòmande ou pou ou itilize sitwèb JobZone nou. Sitwèb la bay yon kote ou kapab chanje epi konsève tout dosye rechèch travay ou san pwoblèm nan yon fichye elektwonik ki pwoteje: pwoteje kont dife, vòl oswa pèt aksidantèl. Pou antre nan kont JobZone ou, senpleman klike sou lyen dosye rechèch travay JobZone ou jwenn nan lè w ap reklame avantaj ou yo chak semèn sou entènèt, oswa ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Si ou deja gen yon kont Asirans Chomaj sou entènèt, ou gen yon kont JobZone tou. Si ou gen kesyon sou fason pou kreye kont ou, tanpri kontakte yon Sant Karyè lokal Eta New York ou.

Si ou pa itilize Dosye Rechèch Travay sou entènèt nan JobZone, nou rekòmande ou pou konsève yon dosye aktivite rechèch travay ou chak semèn avèk fòm Dosye Rechèch Travay ki nan tiliv enfòmasyon sa a. Ou kapab konsève yon dosye alekri ki sanble avèk fòm Dosye Rechèch Travay la pito si li gen enfòmasyon ki obligatwa yo. Kèlkeswa fòma ekri ou chwazi a, mete dokiman sipò yo. Pa egzanp, si ou aplike pou yon djòb sou entènèt, enprime yon kopi aplikasyon an oswa rekonesans patwon an pou aplikasyon an. Si ou voye yon rezime oswa aplikasyon an nan imèl, sovgade yon kopi enprime tout korespondans yo. Ou ta dwe konsève yon kopi rejis kourye ou voye a oswa rekonesans patwon an pou rezime a oswa aplikasyon an. Lòt egzanp dokiman yo gen ladan dokiman ou enprime nan efo rechèch travay sou entènèt, yon lis patwon ki nan fowòm travay, kat biznis yon fiti patwon, elatriye.

Ou dwe konsève
yon dosye Rechèch
Travay sou entènèt
oswa alekri pou
chak semèn ou
reklame avantaj yo,
epi ou dwe prepare
ou pou bay yon
kopi dosye a ba
Depatman Travay
si nou mande ou li.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou kapab jwenn plis fòm Dosye Rechèch Travay nan Sant Karyè lokal ou nan Eta New York, sou entènèt nan sitwèb www.labor.ny.gov oswa dèyè tiliv sa a.

Konbyen tan mwen dwe konsève dosye chèche travay mwen?

Si ou pa t konsève Dosye Rechèch Travay ou nan JobZone, konsève kopi Dosye Rechèch Travay ou alekri pou yon ane. Si nou mande ou pou wè dosye ou yo, ou dwe ban nou kopi yo. Pa voye Dosye Rechèch Travay ou nan Depatman Travay sof si nou mande ou pou fè sa. **Nou fè verifikasyon owaza nan dosye rechèch travay.** Si verifikasyon nou jwenn ou pa satisfè egzijans pou chèche travay, n ap ba ou refi pou avantaj yo epi ou ka gen obligasyon pou remèt lajan ou touche yo.

Kisa yon Plan pou Chèche Travay ye?

Yon Plan pou Chèche Travay se yon akò fòmèl oumenm ak Konseye Workforce devlope epi siyen nan yon Sant Karyè lokal Eta New York ou. Se pa tout moun ki gen obligasyon pou devlope yon akò rechèch travay fòmèl. Akò sa a eksplike aklè alekri egzakteman ki kalite travay w ap chèche (yo), ki aktivite rechèch travay w ap fè ak konbyen fwa w ap fè yo, epi salè ou dwe chèche epi aksepte si yo ofri ou yon djòb. Plan an ap gen ladan nenpòt limit oswa restriksyon ki ka afekte rechèch travay ou. Ou ka gen obligasyon pou devlope yon Plan Rechèch Travay si nou remake dènye aktivite rechèch travay ou pa konvnab, si pwogram federal yo egzije ou pou gen youn oswa si ou mande youn.

Kimoun ki gen egzanpsyon nan chèche travay?

Depatman Travay ap fè ou konnen si ou gen egzanpsyon nan egzijans pou chèche travay lè ou aplike pou reklamasyon ou. Yon manm ekip Sant Karyè ka fè ou konnen si ou gen egzanpsyon tou. Ou ka gen egzanpsyon si:

- Patwon ou sispann ou pou yon tan oswa si ou se yon anplwaye sezonye epi si ou gen yon dat ki fikse pou retounen nan travay nan kat (4) semèn oswa mwens.
- Yon manm sendika ki dwe jwenn travay nan biwo anbochaj sendika a. Ou dwe anrèg avèk egzijans pou manm sendika ou epitou ak egzijans pou chèche travay.
- W ap patisipe nan yon pwogram fòmasyon Depatman Travay apwouve, tankou pwogram yo apwouve anba Lwa Travay Eta New York §599.
- W ap sèvi nan yon jiri.
- W ap patisipe nan yon Pwogram Travay Komen Depatman Travay apwouve.
- W ap patisipe nan yon Pwogram Èd pou Travay Endepandan Depatman Travay apwouve.
- Garanti nan nenpòt egzanpsyon ki obligatwa dapre lwa leta oswa lwa federal.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ki kalite travay mwen dwe chèche? Èske mwen kapab refize yon djòb paske salè a twò piti?

Ou dwe chèche travay, ou dwe pare pou aksepte yon “travay ki apwopriye” pandan w ap touche avantaj Asirans Chomaj. Travay apwopriye se travay ou kapab fè yon fason rezonab avèk fòmasyon ak eksperyans ou genyen deja.

Pou premye 10 semèn yo okonplè ou resevwa avantaj Asirans Chomaj, travay apwopriye vle di ou dwe chèche travay nan tout dènye metye ou yo.

Li enpòtan pou ou konprann konsèp sa ki rele salè limit Asirans Chomaj. Salè limit Asirans Chomaj se yon salè ki se 10% anba salè ki anvigè pou nenpòt metye. Ou kapab chèche konnen kisa salè ki anvigè nan Asirans Chomaj ye ak kisa salè limit ye pou nenpòt metye sou sitwèb nou nan <http://www.labor.ny.gov/stats/uiwages.shtml> oswa depi ou kontakte ekip ki nan Sant Karyè lokal Eta New York ou.

Si yon patwon ofri ou yon djòb ki peye omwen salè limit Asirans Chomaj pou djòb ki nan dènye metye ou, ou dwe aksepte djòb la oswa w ap arisk pou pèdi avantaj ou yo. Si yon patwon ofri ou yon djòb ki pa peye omwen salè limit Asirans Chomaj, ou kapab refize djòb la pou rezon salè ki anvigè. Men, si ou refize yon djòb, menmsi li pa satisfè kondisyon salè ki anvigè oswa si ou panse li pa apwopriye, **ou dwe toujou fè Depatman Travay** konnen sa nan konfirmasyon ou chak semèn. Ou ta dwe rapòte sa nan semèn ou pran desizyon an toutbon pou refize travay la, pa nan semèn travay la te dwe kòmanse.

Apre ou reklame 10 semèn avantaj Asirans Chomaj okonplè, definisyon sa ki konsidere kòm travay apwopriye ap ogmante pou gen ladan nenpòt travay ou **kapab** fè, menmsi ou pa gen eksperyans oswa fòmasyon nan kalite travay la. Si yon patwon ofri ou yon djòb apre ou resevwa avantaj yo pandan 10 semèn, ou dwe aksepte djòb la si:

- Ou kapab fè djòb la;
- Djòb la peye omwen 80% salè peryòd debaz trimès ou touche plis lajan an; epi
- Djòb la peye omwen salè limit Asirans Chomaj pou travay la.

Ou p ap kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj si:

- Ou refize yon djòb ki satisfè twa kondisyon anwo a apre ou resevwa 10 semèn avantaj.
- Ou pa bay repons pou yon djòb yo ofri ou (sa se menm ak si ou refize yon djòb).

Kisa pou mwen fè si mwen refize yon djòb ki satisfè kondisyon salè jan sa eksplike nan kesyon ki anwo a, men ki ofri avantaj sosyal ki enferyè avèk sa yo ofri mwen pou djòb ki sanble?

Nenpòt lè ou refize yon djòb yon patwon ofri ou, Depatman Travay dwe revize sikonstans yo. Nan kèk ka, ou ka kontinye resevwa avantaj Asirans Chomaj, sof si djòb la ofri pi gwo salè pou konpanse pou mank valè oswa fèb valè avantaj sosyal. Si ou refize yon djòb paske pa gen avantaj sosyal oswa paske avantaj sosyal yo enferyè, prepare ou pou bay plis enfòmasyon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Sou ki distans mwen dwe chèche travay?

Ou dwe vle vwayaje sou yon distans rezonab pou ale nan travay. Anjeneral, distans rezonab se yon vwayaj pou inèdtan nan sèvis transpò prive oswa yon vwayaj pou inèdtan edmi nan sèvis transpò piblik.

Sant Karyè Eta New York

Sant Karyè Eta New York nou yo ofri sèvis k ap ede ou jwenn djòb pi vit. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa rele Sant Karyè nou nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi. Men kèk nan sèvis yo ofri:

- Ladrès pou ekri rezime ak pou fè entèvyou;
- Konsèy ak oryantasyon pou karyè;
- Evalyasyon ladrès pou ede detèmine djòb ou ta ka adapte pou fè;
- Sesyon enfòmasyon pou chèche djòb;
- Enfòmasyon sou djòb ki disponib nan yon zòn oswa endistri patikilye (enfòmasyon sou mache travay la);
- Referans nan djòb; ak
- Enfòmasyon sou posiblite pou jwenn fòmasyon ak referans nan fòmasyon lè li apwopriye.

Reyinyon obligatwa pou chèche travay

Ou ka gen obligasyon pou ale nan Sant Karyè lokal Eta New York ou poukont ou. Si ou gen obligasyon an, n ap voye yon lèt ba ou k ap gen dat, lè ak kote pou ale nan randevou a. Si ou pa kapab ale nan randevou a, rele Sant Karyè Eta New York la san pèdi tan pou pran yon lòt randevou. Si ou pa kapab jwenn yon moun lè ou rele epi si ou dwe kite yon mesaj pou mande pou yo retounen ou koutfil la, yon moun ta dwe retounen ou koutfil la nan 24 èdtan. Si ou pa resevwa yon koutfil nan 24 èdtan apre ou kite yon mesaj, tanpri voye yon mesaj sekirize ban nou nan kont sou entènèt ou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: “*Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize*” pou jwenn enstwiksyon.

Randevou sa a la pou ede ou jwenn yon djòb pi vit. Pa egzanp, nou ka ede ou kreye yon plan rechèch travay alekri ki satisfè bezwen espesifik ou yo. Si li posib pou itilize tout avantaj ou yo, ou ka gen obligasyon pou patisipe nan kèk lòt pwogram. N ap fè ou konnen ki kote ak kilè reyinyon oswa pwogram sa yo ap fèt.

Kisa k ap pase si mwen rate reyinyon mwen pou chèche travay?

Si ou pa ale nan randevou pou chèche travay la oswa si ou pa reponn lèt la, n ap sispann avantaj ou yo imedyatman. Si ou rate yon randevou, fas-a-fas, imedyatman ale nan Sant Karyè Eta New York ki endike nan avi randevou ou pandan lè biwo louvri ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi. Ou pa bezwen yon randevou. Pa rele Sant Reklamasyon nan Telefon,* paske yo pa kapab ede ou jouk apre ou ale nan Sant Karyè a.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou dwe kapab sou plan fizik pou travay pou ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj.

Apre ou ale nan Sant Karyè a, w ap resevwa enstwiksyon pou reponn yon kesyonè sou entènèt. Reponn kesyonè a nan Sant Karyè a pou revizyon pi rapid oswa anvan 48 èdtan. N ap revize kesyonè a pou deside si ou kalifye pou resevwa avantaj yo pou semèn nou te kenbe yo.

N ap kenbe avantaj ou yo apati semèn ou te rate randevou ou jouk nan semèn ou te ale nan Sant Karyè a. Si nou jwenn ou pa gen yon rezon valab pou rate randevou ou, ou p ap kalifye pou resevwa peman pou semèn nou kenbe yo. **Not:** Akzeptasyon yon djòb yo ofri ou avèk yon dat pidevan pa yon rezon valab pou rate yon randevou.

Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab chèche oswa aksepte travay akòz yon pwoblèm fizik?

Ou dwe kapab sou plan fizik pou travay pou ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj.

Si ou vin malad oswa andikape pandan w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj oswa si ou pa kapab pandan yon ti tan pou chèche oswa aksepte travay pou lòt rezon, epi si ou gen kesyon sou kalifikasyon ou pou avantaj yo, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* imedyatman. Ou ka gen kalifye pou kontinye touche avantaj yo depi ou kapab travay ankò. Pa reklame avantaj yo pou okenn semèn ou pa t kapab travay. Si nou te pwograme ou pou travay men ou te rele pou fè konnen ou malad, ou dwe rapòte ou pa t pare pou travay, ou pa t vle travay epi ou pa t kapab travay nan jou lè ou konfime pou avantaj yo. Ou kapab touche yon pati nan avantaj yo pou yon semèn si ou pa t kapab travay pou mwens pase kat jou nan semèn nan.

Tanpri gade paj 19: “*Kisa pou mwen fè si m ap travay atan-pasyèl?*”

Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab chèche oswa aksepte travay paske yo te rele mwen pou travay jiri?

Si yo rele ou nan sèvis jiri, ou p ap jwenn refi pou avantaj yo. Sa vrè si yo rele ou nan sèvis yon gran jiri oswa ti jiri nenpòt eta oswa Etazini. N ap konsidere ou pare pou travay, ou vle travay oswa ou kapab travay pandan w ap fè sèvis jiri a. Answit, ou ka gen pou satisfè egzijans rechèch travay pou nenpòt semèn ou gen pou sèvi nan jiri. Kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou jwenn plis enfòmasyon.

Èske gwosès mwen ap afekte avantaj mwen yo?

Anba lwa federal ak lwa leta, nou pa kapab ba ou refi pou avantaj Asirans Chomaj senpleman paske ou ansent. Depatman Travay pa kapab fè diskriminasyon kont ou akòz gwosès ou. Men, memm règ kalifikasyon ki aplike pou tout lòt moun ki fè reklamasyon yo aplike tou pou fanm ansent ki fè reklamasyon yo: yo dwe disponib pou travay, yo dwe kapab travay fizikman, epitou yo dwe ap chèche travay.

Ou pa gen pou fè nou konnen ou ansent **sof si sa afekte mwayen ou pou travay**. Si ou pa kapab travay akòz pwoblèm sante ki gen pou wè ak gwosès oswa akouchman, ou pa kalifye pou reklame avantaj Asirans Chomaj pou jou oswa semèn sa yo. Pa egzanp, si ou entènè nan lopital pou akouche sa ap gen konsekans sou konpetans ou pou travay. Ou pa kapab reklame avantaj yo pou peryòd tan ou nan lopital la ak pou peryòd tan ou pa kapab travay. Anvan ou kapab rekòmanse resevwa avantaj yo, nou ka mande sètifikasi medikal ki endike ou kapab travay apre ou entènè nan lopital (sa ta ka si ou te entènè nan lopital pou nenpòt lòt rezon).

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou fè espre pou bay yon fo deklarasyon oswa pou bay fo enfòmasyon pou resevwa avantaj yo, ou ka gen obligasyon pou peye yon sanksyon lajan \$100 dola oswa 15 poustan sou tout kantite lajan avantaj ou touche anplis la, kèlkeswa sa ki pi gwo a.

Pafwa yon patwon ap fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen yon moun ki fè reklamasyon te kite, te pran yon konje maladi oswa li te jwenn revokasyon li akòz gwo-sès. Nou dwe verifye enfòmasyon yo avèk ou. Men, si ou te kite dènye djòb ou poukont ou, menmsi ou te kapab kontinye travay sou plan fizik, ou ka pa kalifye pou avantaj yo.

8. Peman anplis ak fwod

Kisa yon peman anplis ye?

Gen yon peman anplis ki fèt lè ou resevwa avantaj Asirans Chomaj ou pa t gen dwa pou resevwa. Sa kapab fèt pou yon kantite rezon; pa egzanp: ou te fè yon erè lè ou te reklame avantaj yo; ou pa t pare pou travay, ou pa t vle travay epi ou pa t kapab travay; ou pa t fè aktivite ki obligatwa pou chèche travay pandan yon semèn oswa pandan kèk semèn oswa ou te fè espre pou bay fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki twonpe moun lè ou te fè yon reklamasyon oswa lè ou te reklame avantaj yo chak semèn.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa yon detèminasyon konsènan peman anplis?

Si ou te resevwa yon peman anplis, w ap resevwa yon Avi Detèminasyon pou sa alekri pa lapòs. Avi sa a ap montre kantite peman anplis epi fè ou konnen kijan pou remèt lajan an. Avi a ap eksplike tou kijan pou peman anplis la te fèt epi pou kisa ou dwe remèt li.

Si ou resevwa yon detèminasyon pou peman anplis, ou ta dwe swiv enstwiksyon pou ranbousman an nan avi a. Si ou pa dakò avèk detèminasyon peman anplis la, ou gen dwa pou mande yon odyans. Tanpri gade paj 32 - 36: “**Pwosesis Odyans ak Kontestasyon**” pou jwenn plis enfòmasyon.

Kisa fo enfòmasyon volontè ye?

Ou bay fo enfòmasyon volontè lè ou **konnen** epiou fè espre pou bay yon fo deklarasyon pou ou kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj. Sa gen ladan konnen epi fè espre pou sere enfòmasyon yo. **Enpòtan: Si ou fè espre pou bay fo enfòmasyon ou fè fwod.** Si ou fè espre pou fè yon fo deklarasyon oswa pou bay fo enfòmasyon pou resevwa avantaj yo, ou ka:

- Gen obligasyon pou remèt peman anplis la;
- Gen pou peye “jou ou pèdi,” oswa jou pidevan lè ou pa kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj; epi
- Gen obligasyon pou peye yon sanksyon \$100 dola oswa 15 poustan lajan sanksyon an (kèlkeswa sa ki pi gwo a) nan tout kantite lajan ou touche anplis la.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou dwe toujou reklame avantaj yo chak semèn... pou chak semèn ou p ap travay, oswa pou chak semèn ou travay mwens pase kat jou epi/oswa touche mwens pase kantite lajan avantaj maksimòm nan, menmsi ou p ap resevwa avantaj yo.

Kisa k ap pase si mwen pa remèt yon peman anplis oswa peman yon sanksyon?

Si ou pa remèt yon peman anplis avantaj ou te resevwa nan fwod, Depatman Travay ka jwenn yon jijman kont ou pou touche peman anplis la (yo).

Si ou pa remèt nenpòt avantaj ou te resevwa paske ou te sere enfòmasyon yo oswa paske ou te bay fo enfòmasyon ba Depatman Travay sa ka lakòz Depatman Travay fè aksyon legal pou jwenn yon jijman kont ou. Depi yo fè aksyon legal kont ou, yon jijman bon epi yo kapab itilize kont ou pandan 20 ane, epi yo ka pran lajan ou, ansanm ak yon pòsyon nan chèk peman ou ak/oswa kont labank ou. Epitou, yon jijman ka afekte eskò kredi ou epi li ka afekte posiblite ou pou lwe yon kay, pou jwenn yon djòb oswa pou jwenn lajan prete.

Eta New York gen sa ki rele yon "dwa konpansasyon." Si ou pa remèt avantaj nou te peye anplis yo, nou kapab sezi nenpòt peman Eta New York ka dwe ou. Peman sa yo gen ladan fiti avantaj Asirans Chomaj, peman kontra, ranbousman taks ak lòt peman. Nou kapab sezi ranbousman ak peman taks federal ou (IRS) pou touche nenpòt dèt ou dwe nou.

Peman anplis lòt pwogram leta oswa lòt pwogram federal fè

Si ou te resevwa avantaj ou pa te dwe resevwa nan yon lòt pwogram leta oswa federal, Depatman Travay dwe fè dediksyon pou remèt lajan an nan avantaj Asirans Chomaj ou.

9. Kisa mwen ta dwe fè si mwen retounen nan travay?

Kisa mwen ta dwe fè lè mwen retounen travay atanplen?

Lè ou jwenn yon djòb, ou ta dwe mande kredi pou dènye jou ou pa t travay yo. Answit, senpleman sispann reklame avantaj yo.

Kijan m ap resevwa avantaj yo ankò apre yon sispanson?

Si touletwa kondisyon ki anba la yo aplike pou ou:

- Ane avantaj ou fini;
- Ou pa t resevwa 104 jou avantaj yo (sa egal a 26 semèn avantaj yo okonplè); epi
- Omwen yon semèn te pase depi dènye semèn ou te reklame avantaj yo;

Ou ka senpleman kòmanse reklame avantaj yo ankò. Si ou bezwen èd pou reklame avantaj yo, tanpri gade paj 16-23: "*Kijan pou mwen reklame avantaj yo chak semèn?*"

Si ou pa konnen lè ane avantaj ou fini, ou kapab jwenn dat sa a sou Detèminasyon Avantaj Lajan ou oswa nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin.

Enpòtan: Apre ou kòmanse reklame avantaj yo ankò, ou ka resevwa yon fòm pa lapòs k ap mande ou enfòmasyon sou peryòd tan ou pa t reklame avantaj yo. Li enpòtan anpil pou ou ranpli fòm sa a nèt epi pou voye li retounen pa lapòs nan adrès ki endike nan fòm nan san pèdi tan. Si ou pa ranpli fòm nan nèt oswa si ou pa voye li retounen san pèdi tan, nou ka kenbe avantaj ou jouk lè Depatman Travay resevwa enfòmasyon nou mande yo.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

10. Pwosesis Odyans ak Kontestasyon

Èske mwen kapab konteste yon detèminasyon sou reklamasyon mwen?

Pou objektif pwogram Asirans Chomaj, yon detèminasyon se yon non fòmèl pou yon desizyon Depatman Travay fè konsènan reklamasyon ou. Li enpòtan pou ou li, konprann ak konsève nenpòt avi ou resevwa nan men nou ki gen "detèminasyon" nan tit li.

Si ou pa dakò avèk nenpòt detèminasyon ki ba ou refi pou avantaj yo oswa ki afekte kantite lajan avantaj ou kapab resevwa, ou gen dwa pou mande yon odyans. Odyans lan ap fèt devan yon Jij Lwa Administratif san paspouki Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj.

Ou kapab mande yon odyans sou entènèt depi ou voye yo mesaj sekirize nan kont NY.gov ou. Gade Chapit 14 tiliv sa a pou moun ki fè reklamasyon: "**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**" pou jwenn enstwiksyon.

Si ou pa gen yon kont sou entènèt avèk nou, tanpri gade paj 3, Chapit 3 tiliv sa a: "**Fason pou resevwa avantaj yo: PIN ou, ID NY.gov ou, depo dirèk ou ak kat debi ou**" pou jwenn enstwiksyon sou fason pou kreye youn.

Ou ka fè demann ou tou depi ou ranpli Fòm Demann Odyans Moun ki Fè Reklamasyon ki dèyè tiliv sa a. Ou kapab voye li pa lapòs nan adrès:

New York State Department of Labor
PO Box 15131
Albany, NY 12212-5131

Enpòtan: Ou dwe fè demann ou entènèt oswa pa lapòs oswa ou dwe tenbre li anvan 30 jou apre dat avi pou detèminasyon ou pa aksepte a. Mete prenon ak non ou, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou, adrès postal ou nan moman an ak nimewo telefòn ou, dat postaj detèminasyon an ak rezon ki fè ou pa dakò.

Si demann ou pi ta pase 30 jou, ou ta dwe eksplike rezon ki fè demann ou anreta epitou n ap diskite sou sa nan odyans ou. Yon demann odyans ki fèt pi plis pase 30 jou apre ou resevwa detèminasyon ou kapab afekte rezulta odyans ou.

Ou ka jwenn refi pou avantaj yo pandan w ap tann odyans lan. Si Jij Lwa Administratif la pran yon desizyon ki anfavè ou, n ap peye ou nenpòt aryere avantaj nou dwe ou depi ou te kontinye reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) chak semèn ou toujou nan chomaj oswa travay mwens pase kat (4) jou epi ou touche mwens pase kantite lajan avantaj maksimòm nan. Si Jij Lwa Administratif la pran yon desizyon kont ou, ou ka gen pou remèt lajan avantaj ou te resevwa san ou pa t kalifye pou yo.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Tanpri sonje odyans
yo ka fèt fas-a-fas
oswa nan telefòn...
ou dwe asire
nimewo telefòn
ki endike nan avi
odyans ou kòrèk.

Si ou mande yon odyans oswa si w ap tann yon odyans oswa yon desizyon, pwoteje dwa ou pou avantaj yo. Kontinye swiv nenpòt enstwiksyon ou te resevwa nan Sant Reklamasyon nan Telefòn.* **Enpòtan: Ou dwe toujou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) pou chak semèn ou p ap travay, oswa pou chak semèn ou travay mwens pase kat (4) jou epi/ oswa touche mwens pase kantite lajan avantaj maksimòm nan, menmsi ou p ap resevwa avantaj yo.** Sa ap pèmèt ou resevwa aryere avantaj yo si desizyon odyans la anfavè ou.

Seksyon Jij Lwa Administratif Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj ap fè ou konnen lè ak kote odyans ou ap fèt. Pou fè sa, y ap voye yon Avi pou Odyans lan ba ou. **Tanpri sonje ou ka preznan nan odyans lan oswa yo ka fè li nan telefòn.** Si odyans ou pwogramme pou fèt nan telefòn, ou dwe asire nimewo telefòn ki endike nan avi pou odyans lan kòrèk. Si ou jwenn yon erè, ou ta dwe kontakte biwo odyans ki endike nan avi ou imedyatman pou fè koreksyon ki nesesè yo, sinon odyans ou ka pa vanse. Si ou bezwen re-pwogramme odyans ou, kontakte biwo ki endike nan avi pou odyans lan.

Èske mwen ka gen reprezantasyon nan odyans yo?

Ou gen dwa pou vini avèk yon avoka oswa lòt reprezantan ou chwazi nan odyans lan, menmsi sa pa obligatwa. Dapre lalwa, nenpòt avoka oswa yon reprezantan ki anrejistre nan Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj ka fè ou peye yon frè pou reprezante ou. **Enpòtan: Yo kapab fè ou peye frè sa a sèlman si ou genyen ka ou, ansanm ak nenpòt kontestasyon.** Yo pa kapab fè ou peye yon frè pou sèvis yo jouk lè kantite Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj apwouve kantite lajan frè a. Oumenm ak avoka ou oswa reprezantan anrejistre ou ap resevwa yon lèt Komisyon Kontestasyon an k ap fè ou konnen apwobasyon nenpòt frè. Si ou genyen nan odyans ou epi ou resevwa yon bòdwo pou sèvis Komisyon Kontestasyon an pa t apwouve, ou ta dwe kontakte Komisyon Kontestasyon an nan nimewo (518) 402-0205.

Si ou pa gen mwayen pou peye yon avoka oswa yon reprezantan anrejistre, ou ka gen posiblite pou jwenn reprezantasyon gratis yon avoka ki bay sèvis gratis oswa Legal Aid Society lokal ou oswa pwogram sèvis legal lokal ou.

Pou jwenn yon lis resous legal, ansanm ak avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon avoka gratis, ale sou sitwèb Komite Kontestasyon Asirans Chomaj (Unemployment Insurance Appeal Board) nan at www.uiappeals.ny.gov. Klike sou “Resources” (resous), epi answit klike sou “List of Attorneys & Authorized Agents” (lis avoka ak ajan otorize). Ou ka fè mande lis sa a tou depi ou rele nimewo (518) 402-0205.

Kijan mwen kapab prepare pou yon odyans?

Ale sou sitwèb Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj nan www.uiappeals.ny.gov epi gade vidéyo “Fason pou Prepare pou Odyans Asirans Chomaj ou.”

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou gen dwa pou wè dosye ou anvan odyans lan nan sal odyans lan. Kontakte biwo Seksyon Odyans ki endike nan avi pou odyans lan pou pran yon randevou pou wè dosye ou.

Nan odyans lan, ou ka bay temwayaj epi ou ka vini avèk temwen ak dokiman. Si ou pa kapab jwenn prèv ki nesesè yo, ou ka mande Jij Lwa Administratif la pou bay yon sitasyon pou egzije moun ki gen prèv la pou pote li. W ap gen pèmisyon pou kesyone moun konsène ki opoze yo ak temwen yo nan odyans lan.

Anvan odyans lan, w ap jwenn yon bwochi ki bay anpil enfòmasyon detaye ki bay plis deskripsyon okonplè sou pwosedi odyans lan ak sou dwa ou. Si ou gen nenpòt kesyon ki pa endike nan avi a, kontakte biwo odyans Komisyón Kontestasyon an (enfòmasyon pou kontak yo parèt nan Avi pou Odyans lan) oswa nan Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon an.

Ou kapab kontakte Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon nan telefòn nan nimewo (855) 528-5618. Ou ka voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 la: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou enstwiksyon yo. Tanpri imèl sèlman kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou; pa tout nimewo a. Epitou mete prenon ak non fanmi ou.

Kisa k ap pase si mwen pa ale nan odyans lan?

Li enpòtan anpil pou ou ale nan tout odyans ki pwograme yo kit se ou oswa patwon ou ki te mande pou gen odyans lan. Si ou pa prezante, ou ka mande pou re-louvri dosye a. Fakse demann alekri ou oswa voye li pa lapòs nan adres Seksyon Jij Lwa Administratif ki anlè premye paj avi pou desizyon an san pèdi tan. Asire ou mete nimewo dosye a, adres postal ou nan moman an ak nimewo telefòn ou, ak rezon ki pa fè ou pa t parèt nan demann ou. Ou kapab jwenn nimewo dosye ou nan avi pou odyans lan, nan mitan anlè paj la, oswa nan avi pou desizyon odyans ou, anlè agoch. Tache nenpòt dokiman ki eksplike pou kisa ou pa t patisipe nan odyans lan. Tanpri bay lis nenpòt dat nan pwochen 45 jou yo lè ou pa disponib pou yon odyans. Komisyón Kontestasyon ap eseye fè tout sa nou kapab pou fè aranjman pou orè ou. Pa mande yon re-ouvèti dosye ou si ou pa pare ou vini nan yon nouvo odyans.

Nan pwochen odyans ki pwograme a, Jij la ap pran temwayaj yo anvan sou si ou te gen rezon ki valab pou pa t vini nan odyans lan oswa pou pa t fè odyans lan. Jij la ap deside sou lòt kesyon ki nan desizyon an sèlman si ou te gen rezon valab pou pa t vini nan odyans anvan an.

Si ou pa vini nan odyans pou re-louvri dosye ou, epi si ou fè yon lòt demann pou gen yon odyans, dosye a p ap re-pwograme otomatikman. Olye sa, n ap voye demann ou pou re-louvri dosye a ba Komisyón Kontestasyon an. Komisyón an ap revize aplikasyon an dapre dokiman ki nan dosye epi l ap bay yon lòt odyans sèlman si li detèmine lè ou pa t vini nan toulède odyans anvan yo se te pou rezon valab oswa si, dapre desizyon li, Komisyón an mande yon lòt odyans pou konsidere kesyon rezon valab la.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Li enpòtan anpil
pou ou ale nan
tout odyans ki
pwograme yo kit
se ou oswa patwon
ou ki te mande pou
gen odyans lan.

Kijan m ap resevwa desizyon jij la?

Y ap voye desizyon Jij la ba ou pa lapòs imedyatman li posib apre odyans lan. Desizyon an ap montre enfòmasyon yo jwenn ki baze sou prèv, rezon pou rezulta yo ak desizyon an apa. Si ou pa kapab konprann desizyon an, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* oswa Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon nan nimewo (855) 528-5618 pou yo eksplike ou li.

Kijan m ap konteste apre si mwen pa dakò avèk desizyon jij la?

Oumenm, patwon an ak Manm Komisyon Travay gen dwa pou konteste yon desizyon Jij Lwa Administratif devan Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj. Avi ki fè ou konnen desizyon Jij Lwa Administratif la ap eksplike ou tou kijan pou fè yon kontestasyon devan Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj.

Pou kapab fè kontestasyon an, ou dwe te prezan oswa ou dwe te jwenn reprezantasyon nan odyans lan devan Jij Lwa Administratif la. Se sèl Manm Komisyon Travay ki ka konteste san li pa reprezante nan odyans lan.

Ou ka voye kontestasyon ou ba Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj nan adrès PO Box 15126, Albany, NY 12212-5126, oswa nan faks nan nimewo (518) 402-6208. Lèt ou oswa faks ou dwe gen ladan Nimewo Dosye Jij Lwa Administratif la (ki endike sou desizyon ki anwo non moun ki fè reklamasyon an).

Enpòtan: Ou dwe fè kontestasyon an devan Komisyon Kontestasyon an 20 jou apre yo voye desizyon Jij Lwa Administratif la ba ou pa lapòs. W ap resevwa yon Avi Resepsyon Kontestasyon an. Avi a ap eksplike ou dwa ou ak dèle ou genyen pou enspekte dosye a, pou mande transkripsyon odyans ou, pou soumèt yon deklarasyon alekri epi pou bay repons pou deklarasyon lòt moun ki konsène yo soumèt. Y ap aplike dèle sa yo yon fason sevè. Poutèt sa, ou ta dwe li Avi Resepsyon Kontestasyon an touswit epi avèk anpil atansyon.

Si plis pase 20 jou pase apre dat yo te voye desizyon an ba ou pa lapòs, ou dwe eksplike rezon ki fè kontestasyon ou anreta. W ap resevwa yon lèt k ap konfime resi kontestasyon ou; men, Komisyon Kontestasyon an dwe revize kontestasyon ou fè anreta a. Si rezon yo aksepte rezon pou kontestasyon anreta ou, w ap resevwa yon Avi Resepsyon Kontestasyon k ap gen enstriksyon ki endike anwo a. Si nou pa aksepte rezon pou kontestasyon anreta ou, w ap resevwa yon lèt k ap fè ou konnen sa.

Si ou gen plan pou fè yon kontestasyon oswa si w ap tann yon desizyon kontestasyon ou, pwoteje dwa ou pou avantaj yo. Kontinye swiv nenpòt enswiksyon ou te resevwa nan Sant Reklamasyon nan Telefòn.* **Enpòtan: Ou dwe toujou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) pou chak semèn ou p ap travay, oswa pou chak semèn ou travay mwens pase kat (4) jou epi/oswa touche mwens pase kantite lajan avantaj maksimòm nan, menmsi ou p ap resevwa avantaj yo.** Sa ap pèmèt ou resevwa aryere avantaj yo si desizyon kontestasyon an anfavè ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kijan m ap konteste apre si mwen pa dakò avèk desizyon Komisyon Kontestasyon an?

Si ou pa dakò avèk desizyon Komisyon Kontestasyon Asirans Chomaj, ou ka fè yon lòt kontestasyon devan Divizyon Apèl Tribunal Siprèm Eta New York, Twazyèm Depatman. Patwon an oswa Manm Komisyon Travay ka fè menm jan.

Ou dwe fè Kontestasyon an nan Tribunal Siprèm devan Komisyon Kontestasyon an alekri nan 30 jou apre yo voye desizyon Komisyon Kontestasyon an ba ou pa lapòs. Voye kontestasyon ou nan adrès:

Unemployment Insurance Appeal Board
PO Box 15126
Albany, NY 12212-5126

Answit Komisyon Kontestasyon an ap voye yon avi ba ou k ap gen enstwiksyon sou fason pou fè kontestasyon ou nan Tribunal Siprèm Eta a.

Si ou gen plan pou fè kontestasyon ou nan Tribunal Siprèm Eta a oswa si w ap tann yon desizyon Tribunal la, pwoteje dwa ou pou avantaj yo. Kontinye swiv nenpòt enstwiksyon ou te resevwa nan Sant Reklamasyon nan Telefon.*

Enpòtan: Ou dwe toujou reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) pou chak semèn ou p ap travay, oswa pou chak semèn ou travay mwens pase kat (4) jou epi/oswa touche mwens pase kantite lajan avantaj maksimòm nan, menmsi ou p ap resevwa avantaj yo. Sa ap pèmèt ou resevwa aryere avantaj yo si desizyon kontestasyon an anfavè ou.

Nimewo Telefon — Biwo Seksyon Odyans:

Brooklyn (Schermerhorn Street)	(718) 613-3500
Buffalo	(716) 851-2711
Garden City	(516) 228-3908
Hauppauge	(631) 952-6504
Rochester	(585) 258-4540
Syracuse	(315) 479-3380
Troy	(518) 402-0210
White Plains	(914) 997-9550

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

11. Sitiyasyon espesyal

Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon konsènan avantaj mwen yo?

Toudabò, tcheke tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon. Ou kapab tcheke FAQ yo tou (Kesyon Moun Poze Souvan) sou sitwèb nou nan <http://labor.ny.gov/ui/faq.shtm>.

Ou kapab voye yon mesaj sekirize ban nou nan kont ou sou entènèt tou. Konekte nan kont ou sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services.

Si ou dwe rele Sant Reklamasyon yo nan Telefòn,* tanpri konnen jou lendi ak jou apre yon jou ferye piblik se jou nou resevwa plis koutfil yo. Jou jedi ak vandredi gen mwens aktivite.

Kisa pou mwen fè si mwen panse avantaj mwen yo anreta? Epitou, kijan pou mwen tcheke istwa peman mwen ak/oswa kondisyon peman mwen?

Pou tcheke kondisyon avantaj ou yo oswa pou jwenn yon dosye konplè peman avantaj Asirans Chomaj ou, konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Nan paj-ekran My Online Services, klike sou “Unemployment Services” answit klike sou “View Payment History”.

Ou kapab rele sèvis telefòn otomatize Tel-Service nou tou nan nimewo (888) 581-5812. Swiv endikasyon yo pou tcheke istwa peman ou ak kondisyon peman ou. Moun ki itilize TTY/TDD yo, rele nimewo (877) 205-3119. Itilizatè Sèvis Relè nan Videyo, kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Enpòtan: Apre nou detèmine ou kalifye, I ap pran omwen twa jou ouvrab pou peman avantaj yo parèt sou kat debi ou oswa nan kont labank ou nan depo dirèk la apre nou bay yo. Si twa jou pase depi nou te fè yon peman epi si lajan an pa nan kont ou, ou ta dwe kontakte Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955 si ou gen yon kat debi. Si ou gen depo dirèk, kontakte bank ou. Si gen yon jou ferye nan nenpòt semèn, peman yo ka pran reta yon jou nan semèn nan.

Si ou gen kesyon sou reklamasyon ou oswa sou peman ou yo, rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Si gen yon pwoblèm avèk reklamasyon ou, Sant Reklamasyon nan Telefòn* ka kontakte ou. Sa ba ou chans pou bay repons pou enfòmasyon nou te resevwa sou reklamasyon ou. Si ou pa reponn touswit epi selon enstwiksyon yo, ou kapab jwenn reta nan avantaj ou yo.

Avantaj mwen yo sispann. Kisa k ap pase konsa?

Pi souvan, swa ou te rate yon randevou pou chèche travay (tanpri gade paj 28: “***Kisa k ap pase si mwen rate reyinyon mwen pou chèche travay?***”) oswa Depatman Travay te resevwa enfòmasyon ki ka gen konsekans sou kalifikasyon ou pou avantaj yo. Enfòmasyon yo te ka soti nan ansyen travay ou, nan yon kesyonè ou te retounen, oswa ou te ka eseye konfime pou avantaj yo deyò Etazini (tanpri gade paj 16 lan “***Kisa pou mwen fè si mwen vwayaje deyò zòn mwen oswa deyò peyi a?***”). Lè sa rive, nou gen obligasyon pou mennen yon ankèt epi nou ka kenbe avantaj ou yo.

Ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen si w ap resevwa oswa si ou pral resevwa peman pou ranvwa nan travay oswa pou prestasyon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ankèt sa a kapab pran anpil semèn. Ou ta dwe reponn nenpòt kesyonè, mesaj, oswa koutfil ou san pèdi tan. Sant Reklamasyon nan Telefòn* pa kapab otorize peman avantaj yo pandan gen yon ankèt k ap fèt. Lè ankèt la fini, w ap swa resevwa tout avantaj nou dwe yo oswa w ap resevwa yon Avi Detèminasyon nou pa lapòs.

Si nou te kenbe avantaj ou yo pandan senk semèn oswa plis, epi ou pa t tandem anyen, nan moman sa a, nou sijere ou pou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

Enpòtan: Pandan ankèt la ap kontinye, tanpri kontinye reklame avantaj yo chak semèn toutotan ou p ap travay epitou depi ou satisfè kondisyon pou kalifye.

Si mwen resevwa peman pou ranvwa nan travay oswa peman prestasyon, èske sa ap afekte avantaj mwen yo?

Ou ka kalifye pou Asirans Chomaj si peman pa semèn pou ranvwa ou nan travay oswa prestasyon ou pi piti pase pousantaj avantaj maksimòm nan. Ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen si w ap resevwa oswa si ou pral resevwa peman pou ranvwa nan travay oswa pou prestasyon. Si ou pa fè sa, ou ka resevwa yon peman anplis, epi w ap bezwen remèt lajan sa a. Ou ka jwenn lòt sanksyon tou.

Ou **p ap** kalifye pou avantaj yo si:

- Ou resevwa peman pou ranvwa nan travay oswa pou prestasyon ki pi plis pase pousantaj avantaj maksimòm chak semèn; **oswa**
- Patwon ou te ba ou yon peman yon sèl fwa **epi** si kantite lajan peman pwopòsyonèl chak semèn pi gran pase pousantaj avantaj maksimòm chak semèn nan.

Ou **ka** kalifye pou touche avantaj yo si:

- Kantite lajan peman pou ranvwa ou nan travay oswa pou prestasyon ou pi piti pase pousantaj avantaj maksimòm chak semèn nan; **oswa**
- Ou resevwa premye peman pou ranvwa ou oswa prestasyon an plis pase 30 jou apre dènye jou ou te travay.

Si ou toujou p ap travay lè peman ranvwa oswa prestasyon ou fini, ou ta dwe fè yon reklamasyon pou avantaj yo. Ou ta dwe fè sa menmsi ou pa byen konnen si ou gen ase salè, oswa si ou te fè yon reklamasyon lè ou te kòmanse resevwa peman pou ranvwa a oswa prestasyon an. N ap detèmine si ou kalifye pou avantaj yo.

Si mwen pèdi travay atanplen mwen epi mwen yon djòb atan-pasyèl sou kote, èske mwen gen pou kenbe djòb atan-pasyèl la?

Kesyon sa a kapab konsève moun k ap travay nan de djòb, tankou yon djòb aplantan ak yon djòb atan-pasyèl sou kote ki peye mwens lajan pase djòb prensipal la. Si yo pèdi djòb prensipal yo, salè yo nan djòb atan-pasyèl la kapab pi piti pase sa yo ta resevwa nan avantaj Asirans Chomaj pou jou yo travay nan djòb sou kote a. Revni yo redui toutbon pou yo kontinye travay nan djòb sou kote a pandan y ap resevwa avantaj Asirans Chomaj.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Anba lwa sou Asirans Chomaj Eta New York, yon moun ki nan sitiyasyon sa a kapab pèdi avantaj yo poutèt li kite djòb sou kote a, menmsi sa t ap koute li lajan toutbon. Men, Depatman Travay rekonèt sa kapab lakòz difikilte finansye pou moun ki fè reklamasyon k ap eseye fè sa ki kòrèk. Si ou jwenn tèt ou nan sitiyasyon sa a, nou sijere ou pou eseye re-pwograme lè travay atan-pasyèl ou nan youn a de jou pa semèn. Si ou kite djòb sou kote a/djòb atan-pasyèl la, ou dwe prepare ou pou montre Depatman Travay revni ou ak depans ou yo.

Èske mwen kapab itilize sèvis militè pou detèmine yon reklamasyon?

Ou ka gen posiblite pou itilize sèvis militè pou fè yon reklamasyon si ou satisfè sèten kondisyon. Rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou jwenn plis enfòmasyon.

Si ou potko fè sa, voye yon kopi dènye Fòm DD214, Member 4 separasyon ou avèk travay la, nan adrès:

New York State Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130

Ou kapab itilize salè ou touche pandan ou te nan rezèv la pou detèmine yon reklamasyon si yon rezèvis gen 90 jou sèvis travay aktif youn-apre-lòt nan dat 24 novanm 2015 oswa anvan dat sa a, oswa 180 jou youn-apre-lòt ap sèvis jiri aktif nan dat 25 novanm 2015 oswa apre dat sa a.

Kijan fòmasyon rezèv militè afekte reklamasyon mwen genyen dejá?

Manm Lagad Nasional Fòs Lame oswa rezèv Fòs Lame, Lamarin, Fòs-de-Lès, Kò Lamarin oswa Gadkòt pa kalifye pou resevwa avantaj Asirans Chomaj pandan yo nan fòmasyon anyèl sou teren. Nou konsidere yo pa disponib pou travay epi yo pa nan chomaj nèt. Men, sesyon antrènman ou chak semèn oswa chak mwa pa afekte kalifikasyon ou pou tout kantite lajan avantaj ou chak semèn. Sonje pou voye Fòm DD214, Member 4 nan adrès ki nan paj 39 anba seksyon “***Èske mwen kapab itilize sèvis militè pou detèmine yon reklamasyon?***”

Kisa pou mwen fè si m ap travay pou yon enstitisyon edikasyon?

Si w ap travay pou yon enstitisyon edikasyon, ou pa ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Si enstitisyon edikasyon kote w ap travay la te fè ou konnen ou pral gen travay pou pwochen ane akademik lan oswa trimès la, ou kapab jwenn refi pou avantaj yo oswa avantaj ou yo kapab redui pou peryòd tan ant ane akademik oswa trimès yo oswa pou yon vakans jou ferye. Si sa se ka a, salè ou te touche pandan ou t ap travay pou enstitisyon edikasyon an pa kapab sèvi pou yon reklamasyon ant trimès akademik yo oswa pandan peryòd vakans lan si ou gen asirans rezonab pou jwenn travay ki sanble nan pwochen trimès la oswa apre peryòd vakans lan. Si ou gen ase travay ak salè avèk patwon ki pa enstitisyon edikasyon, ou ka gen posiblite pou fè yon reklamasyon ki baze sou lòt travay.

Si ou vin kalifye
pou yon pansyon
pandan w ap
resevwa avantaj
Asirans Chomaj,
ou dwe fè Sant
Reklamasyon nan
Telefòn* konnen sa.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si yo te ofri ou yon okazyon pou travay pou enstitisyon edikasyon an lè nouvo trimès la oswa ane a te kòmanse, ou ka gen posiblite pou resevwa aryere peman avantaj yo. Se sèlman si ou pa t travay nan yon pòs administratif ansèyman, rechèch oswa direktè lekòl. Ou dwe te kontinye reklame avantaj yo chak semèn (konfime pou avantaj yo) chak semèn pandan peryòd chomaj ou, menmsi ou pa t ap resevwa peman avantaj yo.

Nòt: Seksyon sa a pa aplike pou ou si ou travay nan yon enstitisyon edikasyon, men patwon ou nan moman an se yon kontraktè ki bay sèvis pou enstitisyon edikasyon an

Èske si mwen resevwa yon pansyon sa ap gen konsekans sou avantaj mwen yo?

Si ou te pran retrèt epi ou p ap chèche travay, ou pa kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Si ou te pran retrèt nan yon djòb epi **w ap** chèche yon lòt travay san pran souf, ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Ou dwe satisfè menm kondisyon yo ak tout lòt moun ki fè reklamasyon avantaj yo.

Avantaj ou yo ap redui a 100 poustan kantite lajan pansyon an si patwon peryòd debaz ou te kotize lajan, kèlkeswa si ou te kotize oswa pa t kotize nan pansyon an. Si ou te sèl moun ki te kotize nan pansyon an, avantaj ou yo p ap redui.

Depatman Travay ap detèmine si avantaj ou yo dwe redui. Ou ka mande yon odyans si ou pa dakò. Tanpri gade paj 32 - 36: “**Odyans ak Metòd Kontestasyon.**”

Si ou vin kalifye pou yon pansyon pandan w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj, ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefon* konnen sa. **Enpòtan: Si ou pa fè nou konnen sa, ou ka resevwa yon peman anplis epi w ap gen pou remèt lajan sa a.** Si nou jwenn ou te fè fwod, ou ka pèdi fiti jou avantaj tou epi ou ka tonbe anba sanksyon pou peye lajan.

Èske si mwen resevwa Sekirite Sosyal sa ap afekte avantaj mwen yo?

Si w ap touche Sekirite Sosyal sa a ap afekte avantaj Asirans Chomaj ou. Men, ou dwe disponib pou travay epi ou dwe chèche travay san restriksyon pandan w ap resevwa avantaj yo, senpleman menm jan ak tout lòt moun ki fè reklamasyon yo.

Èske si m ap resevwa konpansasyon travayè sa ap afekte avantaj mwen yo?

Si w ap resevwa konpansasyon travayè men ou pa disponib pou travay epi ou pa kapab fè travay sou plan fizik, ou ka kalifye pou avantaj Asirans Chomaj. Men, si w ap resevwa avantaj konpansasyon travayè sa ka lakòz poustantj avantaj Asirans Chomaj ou redui. Kantite lajan total avantaj konpansasyon travayè ou ak avantaj Asirans Chomaj ou pa semèn pa kapab pi plis pase salè mwayen ou te touche pa semèn pandan peryòd debaz ou.

Si ou kapab retounen travay, prepare ou pou voye yon kopi dènye Rapò Chòk ou Annapre (Subsequent Report of Injury, SROI). Nou ta dwe voye yon kopi sou papye ba ou. Oswa, ou kapab enprime li nan dosye elektwonik konpansasyon travayè ou. Tanpri prepare ou pou voye ban nou yon nòt doktè ou siyen epi ki endike ou kapab retounen travay.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ou ka gen posiblite pou patisipe nan yon pwogram edikasyon oswa nan yon pwogram fòmasyon pandan w ap resevwa avantaj yo si ou antre nan Pwogram 599.

Ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen nenpòt avantaj konpansasyon travayè ou resevwa pandan menm semèn ou resevwa avantaj Asirans Chomaj la. **Enpòtan: Si ou pa fè nou konnen sa, ou ka resevwa yon peman anplis epi w ap gen pou remèt lajan sa a.** Depatman Travay ap detèmine si avantaj ou yo dwe redui. Ou ka mande yon odyans si ou pa dakò. Tanpri gade paj 32 - 36: “*Odyans ak Metòd Kontestasyon.*”

Èske mwen kapab ale lekòl oswa nan fòmasyon pandan m ap resevwa avantaj yo?

Ou ka gen posiblite pou patisipe nan yon pwogram edikasyon oswa nan yon pwogram fòmasyon pandan w ap resevwa avantaj yo si ou antre nan Pwogram 599. **Enpòtan: Fè Depatman Travay konnen ou enskri nan fòmasyon an san pèdi tan.** Si yon jwenn apwobasyon anba pwogram sa a, ou pa gen obligasyon pou chèche travay. Pwogram 599 la pa peye pou kou oswa pou lòt depans ki gen pou wè ak lekòl.

Pwogram fòmasyon yo dwe satisfè sèten egzijans pou yo apwouve yo pou Pwogram 599. Tanpri rele Inite Revizyon Santral Pwogram Fòmasyon 599 (599 Training Program Central Review Unit) nan nimewo (518) 402-0189 pou mande yon aplikasyon oswa enfòmasyon jeneral yo. **Enpòtan: Ou dwe aplike pou Pwogram 599 nan premye 13 semèn reklamasyon ou pou resevwa avantaj maksimòm yo.** Yon Sant Karyè lokal Eta New York ou kapab ede ou jwenn pwogram fòmasyon ki nan zòn ou. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Si ou endike ou w ap patisipe oswa ou pral patisipe nan yon pwogram fòmasyon lè te fè reklamasyon ou, n ap kontakte ou pou revize kou ou oswa pwogram ou. Si ou pran rete pou di fè nou konnen si yo aksepte ou oswa si w ap patisipe nan fòmasyon an, ou ka pèdi kèk avantaj. Si ou pa fè nou konnen ou nan fòmasyon pandan w ap resevwa avantaj yo, ou ka tonbe anba sanksyon. Ou kapab pèdi fiti avantaj yo.

Si nou apwouve fòmasyon ou anba Pwogram 599, ou ka kalifye pou **apeprè** yon lòt 26 semèn avantaj -- anplis 26 semèn nòmal yo. Men, finansman pou avantaj siplemantè sa yo pa toujou disponib. Si finansman pa disponib, li posib pou nou kapab apwouve ou pou avantaj siplemantè, men li posib pou ou pa resevwa yo. Oswa, si ou kòmanse resevwa avantaj yo, yo kapab sispann anvan ou fini fòmasyon ou.

Si ou pa gen yon diplòm lekòl segondè, ou ka kalifye pou resevwa yon diplòm ekivalans lekòl segondè pandan w ap resevwa Asirans Chomaj. Si ou pa pale Anglè byen, nou ka apwouve ou tou pou patisipe nan yon fòmasyon nan klas Anglè kòm yon Dezyèm Lang (English as a Second Language). Kontakte yon Sant Karyè Eta New York lokal ou pou jwenn plis enfòmasyon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kisa pou mwen fè si mwen nan Pwogram Aprantisaj ki Anrejistre nan Eta New York (New York State Registered Apprenticeship Program)?

Si ou nan yon Pwogram Aprantisaj ki Anrejistre nan Eta New York epi si w ap patisipe nan fòmasyon Aprantisaj pandan w ap reklame avantaj Asirans Chomaj, ou dwe fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen fòmasyon ou se yon kondisyon akò ou (fòm AT401) pou Pwogram Aprantisaj ki Anrejistre a.

Si ou enterese patisipe nan yon Pwogram Aprantisaj Anrejistre, kontakte biwo Aprantisaj lokal ou pou jwenn plis enfòmasyon. Pou jwenn yon lis biwo Aprantisaj, ale nan sitwèb www.labor.ny.gov/apprenticeship/contactus.shtml.

Fason pou kòmanse yon biznis: Pwogram Èd pou Travay Endepandan (Self-Employment Assistance Program, SEAP).

Pwogram Èd pou Travay Endepandan, oswa SEAP, pèmèt ou kòmanse biznis pa ou pandan w ap touche avantaj Asirans Chomaj. Lè biznis ou kòmanse fè lajan, ou kapab kontinye touche avantaj yo jiska 26 semèn. Ou pa gen obligasyon pou chèche lòt travay pandan w ap patisipe nan pwogram SEAP, men ou dwe travay atanplen nan biznis ou. **Enpòtan: Pou kalifye pou pwogram sa a, nou dwe idantifye ou kòm yon moun ki ka resevwa tout avantaj Asirans Chomaj ou anvan ou jwenn travay.** Answit, ou dwe gen 13 semèn oswa plis semèn avantaj ki rete sou reklamasyon ou lè ou aplike pou SEAP. Ou dwe satisfè kondisyon pou kalifye pou pwogram nan epitou ou dwe resevwa **akseptasyon alekri nan Depatman Travay** nan SEAP anvan ou kapab kòmanse oswa opere biznis pa ou pandan w ap resevwa avantaj yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou SEAP, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/seap oswa kontakte yon Sant Karyè New York lokal ou. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/>, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Mwen te pèdi djòb mwen akòz komès eksteryè. Kisa Èd pou Ajisteman Metye (TAA) ye?

Si ou te jwenn revokasyon ou akòz mank travay swa dirèkteman oswa endirèkteman akòz komès etranje, ou ka kalifye pou pwogram Èd federal pou Ajisteman Metye, oswa TAA pou pi kout. Èd TAA ka gen ladan:

- **Èd pou jwenn yon novo djòb epi pou fòme pou yon novo djòb.** Sa kapab gen ladan evalyasyon ladrès ou, konsèy sou karyè, èd avèk preparasyon rezime ou, ak ladrès pou fè entèvyou, referans nan djòb ak plis.
- **Peman pou sèvis transpò ak sibsistans** kapab ede ou peye pou frè siplemantè pou sèvis transpò ak frè pou viv pandan w ap patisipe nan fòmasyon deyò zòn deplasman ou.
- **Alokasyon pou chèche djòb** kapab ede ou peye pou kèk depans pou vwayaj pou fè entèvyou pou djòb deyò zòn deplasman ou.
- **Alokasyon pou demenaje kapab ede** ou peye pou depans deplasman pou ou ak fanmi ou si ou dwe ale deyò zòn deplasman ou pou yon nouvo djòb.
- **Alokasyon pou Ajisteman Metye (TRA pou pi kout).** Alokasyon sa a pa semèn peyab apre ou resevwa tout avantaj Asirans Chomaj ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

- **Alokasyon pou Ajisteman Metye Altène oswa pou Retounen nan Travay (ATAA oswa RTAA pou pi kout).** Si ou gen omwen laj 50 tan epi w ou gen yon nouvo djòb atanplen nan 26 semèn apre ou pèdi yon djòb akòz komès etranje, ou ka kalifye pou alokasyon sa yo. Yo ede elimine nenpòt diferans ant ansyen djòb ou ak nouvo djòb ou.

Enpòtan: Ou dwe satisfè sèten dat limit pou kalifye pou kèk nan avantaj sa yo.

Si ou te jwenn revokasyon ou akòz mank travay swa dirèkteman oswa endirèkteman akòz komès etranje, ou ka kalifye pou pwogram Ed federal pou Ajisteman Metye, oswa TAA pou pi kout.

Pou kalifye pou avantaj sa yo, Depatman Travay Etazini dwe konfime komès eksteryè a se te yon rezon enpòtan ki fè ou te pèdi djòb ou. Ou dwe depoze yon petisyon pou resevwa sètifikasi sa a. Men moun ki kapab depoze petisyon an:

- Yon gwoup dwa kamarad travay nan menm antrepriz la epi nan menm espas travay la;
- Ofisyèl yon sendika;
- Ofisyèl yon konpayi; oswa
- Yon reprezantan yon ajans leta oswa lokal ki nan Sant Karyè lokal Eta New York ou.

Ou kapab jwenn yon fòm petisyon ak enstwiksyon pou ranpli fòm nan sou entènèt sou sitwèb www.doleta.gov/tradeact/petitions.cfm. Ou dwe depoze petisyon an nan Depatman Travay Etazini nan yon ane apre dat ou te pèdi djòb ou. Lè Depatman Travay Etazini resevwa yon petisyon ki valab, nou ta dwe pran yon desizyon sou li nan 40 jou.

Pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye sou èd ak sèvis ou ka kalifye pou resevwa nan pwogram sa a, kontakte yon Sant Karyè lokal Eta New York ou. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/>, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Li mwen posib pou mwen jwenn yon lòt djòb nan endistri mwen oswa nan metye mwen. Kisa sèvis “travayè ki deplase” ye?

Yon “travayè ki deplase” se yon moun ki te pèdi djòb li akòz youn nan sityasyon ki endike anba la yo:

- Ou te jwenn revokasyon ou oswa patwon ou te sispann ou pou yon tan, ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj epi nou idantifye ou kòm yon moun ki pa gen chans pou retounen nan endistri oswa pòs travay anvan an;
- Ou te pèdi djòb ou akòz fèmti yon izin oswa paske patwon ou te sispann anpil travayè pou yon tan;
- Ou te nan chomaj pandan yon peryòd tan ki long epi ou ka pa gen chans pou jwenn yon lòt djòb nan menm pòs travay oswa nan yon pòs travay sanblab; oswa
- Ou te yon travayè endepandan epi ou p ap travay akòz kondisyon ekonomik jeneral yo oswa akòz yon katastwòf natirèl.

Nou ka konsidere ou kòm yon travayè ki deplase si ou te lwen travay ou pandan anpil ane. Pa egzanp: ou te yon moun ki te rete nan kay pandan anpil tan epi ou dwe retounen nan travay kounye paske ou te pèdi sous revni ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kòm yon travayè ki deplase, ou ka kalifye pou jwenn fòmasyon ankò ak lòt sèvis. Kontakte yon Sant Karyè lokal Eta New York ou pou jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib anba pwogram sa a. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/> oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Kisa pou mwen fè si mwen te travay deyò Eta New York?

Si ou pa t travay nan Eta New York nan dènye 18 mwa yo, ou dwe depoze reklamasyon ou nan youn nan eta kote ou te travay la. Tcheke sitwèb lòt eta a pou konnen kijan pou aplike nan eta a.

Kisa pou mwen fè si mwen kite Eta New York?

Sant Reklamasyon nan Telefòn* kapab fè ou konnen kijan pou transfere reklamasyon ou.

W ap bezwen chanje adrès ou avèk Depatman Travay swa sou entènèt oswa depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Pou chanje adrès ou sou entènèt, konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin epi klike sou “Unemployment Services” nan paj-ekran My Online Services. Sa ap mennen ou nan paj-ekran Avantaj Asirans Chomaj sou Entènèt. Klike sou bouton “Claim Weekly Benefits” (reklame avantaj yo chak semèn, sa k ap mennen ou nan paj-ekran Peman Avantaj yo. Klike sou bouton “Continue” anba paj-ekran sa a, k ap mennen ou nan paj-ekran Reklame Avantaj yo chak Semèn. Klike sou bouton “Change Address/Telephone Number” pou chanje adrès ou ak/oswa nimewo telefòn ou.

W ap bezwen chanje adrès ou tou depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Nan Meni Prensipal la, fè chwa “Pou chanjman PIN oswa Adrès.”

Ou dwe chanje enfòmasyon kontak ou pou metòd peman avantaj Asirans Chomaj ou. Moun ki itilize depo dirèk ta dwe kontakte bank yo. Moun ki itilize kat debi yo ta dwe kontakte Sèvis Kliyantèl KeyBank nan nimewo (866) 295-2955.

Gen taks pou peye nan avantaj Asirans Chomaj

Ou ka gen pou peye taks federal, taks Eta New York ak taks lokal nan avantaj Asirans Chomaj. Ou kapab gen pou peye taks federal ak/oswa taks leta nan avantaj Asirans Chomaj ou. Si ou pa fè sa, ou ka vin dwe taks nan fen ane a. Si ou deside pou nou pran taks federal nan avantaj ou, n ap pran dis poustan nan kantite lajan avantaj ou chak semèn. Si ou deside pou nou pran taks leta nan avantaj ou, n ap pran 2.5 poustan nan kantite lajan avantaj ou chak semèn. N ap pran taks federal ak/oswa taks leta sèlman apre ou fè dediksyon obligatwa yo, tankou peman sipò timoun. Dediksyon taks la volontè. Ou kapab sispann oswa kòmanse dediksyon an nenpòt lè nan kont ou sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin oswa depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Depatman Travay pa kapab retounen okenn lajan nou pran pou taks pou ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Etadkont taks nan fen ane (Fòm 1099-G)

Nan kòmansman mwa janvyé, etadkont taks ou (Fòm 1099-G) ap disponib. Etadkont lan ap montre avantaj Asirans Chomaj nou peye ou pandan ane almannak la ak nenpòt taks nou pran. Ou kapab swa enprime li nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin, oswa ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* (apre ou chwazi lang ou, swiv endikasyon yo pou jwenn fòm 1099 ou) pou fè nou voye yon kopi pou ou. W ap bezwen PIN ou te kreye a lè ou te aplike pou reklamasyon ou. Nou voye enfòmasyon sou fòm 1099-G ba Internal Revenue Service federal epi ba Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance).

Si ou gen kesyon sou taks federal, rele Internal Revenue Service (IRS) nan nimewo (800) 829-1040 oswa ale sou sitwèb yo nan www.irs.gov. Si ou gen kesyon sou taks leta, rele Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York nan nimewo (518) 457-5181 oswa ale sou sitwèb yo nan www.tax.ny.gov.

Lalwa pa dakò
pou okenn patwon
fòse ou abandone
dwa ou pou fè^{reklamasyon}
avantaj Asirans
Chomaj.

Patwon mwen te peye mwen kòm yon antreprenè endepandan epi/oswa li te peye mwen anba tab. Kisa pou mwen fè?

Lalwa pa dakò pou okenn patwon fòse ou abandone dwa ou pou fè reklamasyon avantaj Asirans Chomaj. Okenn patwon pa ta dwe fè ou konnen ou pa kapab reklame avantaj yo. Tout moun gen dwa pou fè yon reklamasyon. Se Depatman Travay k ap deside si ou kalifye pou avantaj yo. Pa gen pwoblèm si patwon ou te konsidere ou kòm yon antreprenè endepandan oswa kòm yon travayè ki touche anba-tab. Pa gen pwoblèm si ou te touche an kach, chèk, yon pati an kach/yon pati an chèk oswa yon lòt fason. Si ou panse ou ka kalifye pou avantaj yo, ou ta dwe aplike pou yo, epitou ou ta dwe fè Depatman an revize dosye ou.

Si patwon ou te mal-klase ou kòm yon antreprenè endepandan oswa si li te peye ou anba-tab, salè ou ka pa parèt sou fòm Detèminasyon Avantaj Lajan. Tanpri gade paj 11: “*Si salè ak/oswa patwon mwen yo pa nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou.*” Ranpli epi retounen fòm Demann Re-Konsiderasyon ou jwenn dèyè tiliv enfòmasyon sa a.

Ou ka resevwa yon kesyonè pou reponn oswa Sant Reklamasyon nan Telefòn* ka kontakte ou konsènan kondisyon klasman anplwaye ou. Ranpli epi retounen nenpòt kesyonè ou resevwa imedyatman ki posib. **Tanpri sonje:** Pwoblèm antreprenè endepandan/peman anba tab kapab pran plis pase sis semèn pou rezoud.

Si ou konnen lòt travayè patwon te mal-klase, rele Liy Dirèk pou Rapòte Fwod Patwon nan nimewo (866) 435-1499 (24 sou 24) nan Inite Batay kont Fwod nan Asirans Chomaj nan nimewo (518) 485-2144 depi 8 a.m. jiska 4 p.m., lendi jiska vandredi. N ap kenbe enfòmasyon ou bay yo an sekrè epi ou pa oblige bay non ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

12. Definisyon mo enpòtan yo

Ane Avantaj: Ane avantaj se peryòd yon ane ki kòmanse lendi apre semèn ou te fè premye reklamasyon ou. Ou kapab touche avantaj yo pandan apeprè 26 semèn oswa ekivalan an pandan ane avantaj ou.

Dat Ane Avantaj Fini: Dat ane avantaj fini se dat reklamasyon Asirans Chomaj ou fini. Apre dat ane avantaj la fini, ou pa kapab touche avantaj Asirans Chomaj ankò sou reklamasyon sa a. Dat ane avantaj ou fini endike nan dokiman nou voye ba ou pa lapòs. Ou kapab jwenn li tou nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Si ou t ap travay pou yon pati ane avantaj ou, men ou p ap travay apre dat ane avantaj ou fini, ou kapab aplike pou yon nouvo reklamasyon sou sitwèb nou oswa depi ou rele Sant Reklamasyon nan Telefòn.*

Dat Semèn nan Fini: Dat semèn nan fini se dimanch semèn ou reklame avantaj yo.

Detèminasyon Avantaj Lajan: Yon avi ki montre si ou gen oswa pa gen ase salè pou kalifye pou avantaj yo. Li montre peryòd debaz ou, pousantaj avantaj ou (si genyen) ak patwon ou yo ak salè nou itilize pou kalkile pousantaj avantaj la. **Enpòtan: Detèminasyon Avantaj Lajan an p ap fè ou konnen si ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj.** Li sèlman montre si ou gen ase salè pou kalifye pou yon pousantaj avantaj. Ka gen lòt faktè ki detèmine si ou kalifye oswa si ou pa kalifye pou avantaj yo.

Detèminasyon: Pou objektif pwogram Asirans Chomaj, yon detèminasyon se yon non fòmèl pou yon desizyon Depatman Travay fè konsènan reklamasyon ou. Pa egzanp, fòm Detèminasyon Avantaj Lajan an ap fè ou konnen desizyon nou sou fason ou ka resevwa avantaj yo chak semèn. Yon detèminasyon kalifikasyon ap fè ou konnen si ou kalifye pou avantaj yo. Li enpòtan pou ou li, konprann ak konsève nenpòt avi ou resevwa nan men nou ki gen "detèminasyon" nan tit li.

Fwod: Yon zak desepsyon oswa kote ou bay fo enfòmasyon. Pa egzanp, si ou konfime ou pa t ap travay alòske ou t ap travay pou ou kapab resevwa avantaj Asirans Chomaj.

Jou ki Valab: Chak jou nan yon semèn (lendi jiska vandredi) ou ka kalifye pou avantaj yo rele yon jou ki valab. Gen yon maksimòm kat jou ki valab chak semèn, epi ou dwe kalifye pou tout jou ki valab yo pou ou kapab resevwa pousantaj avantaj total ou chak semèn. Pou chak jou nan semèn nan ou pa kalifye pou resevwa avantaj yo, w ap resevwa yon jou ki valab an mwens, ki ekivalan a yon katriyèm pousantaj avantaj ou chak semèn. Pa egzanp, si ou pa disponib pou travay yon jou nan yon semèn, oswa si ou te travay nenpòt pati nan yon jou, oswa si ou te resevwa peman vakans oswa peman jou ferye nan yon semèn, avantaj ou yo ap redui a yon jou ki valab (menm bagay ak yon ka nan pousantaj avantaj ou). Ou kapab resevwa yon maksimòm 104 jou ki valab nan reklamasyon ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Jou Ou Pèdi: Jou ou pèdi se jou pidevan lè ou kalifye pou resevwa avantaj yo, men ou pa kapab paske ou pèdi dwa ou pou resevwa avantaj yo pou jou sa yo kòm yon sanksyon.

Konfirmasyon pou Avantaj yo: Metòd pou reklame avantaj chak semèn rele konfirmasyon pou avantaj yo tou. Se paske lè ou reponn kesyon ki nan reklamasyon avantaj ou chak semèn, ou konfime repons ou yo vrè ak kòrèk ba Depatman Travay.

Moun ki fè reklamasyon an: Nenpòt moun k ap chèche jwenn avantaj Asirans Chomaj.

Move Konduit: Move konduit se nenpòt zak oswa mankman ou te konnen ou pa t gen pèmisyon pou fè nan djòb la epi ki te lakòz domaj oswa te kapab lakòz domaj pou patwon an.

Peman Anplis: Gen yon peman anplis ki fèt lè ou resevwa avantaj Asirans Chomaj ou pa t gen dwa pou resevwa. Nan pifò ka yo, ou dwe remèt lajan peman anplis la ba Depatman Travay. Si ou te chwazi pou fè retire taks federal ou ak/oswa taks leta ou nan avantaj ou yo, ou dwe ranbouse kantite lajan an tou.

Peryòd Debaz: Yon peryòd debaz reprezante yon ane travay ou ak salè ou (kat trimès almannak). Ou dwe t ap touche yon kantite lajan salè minimòm nan kat trimès sa yo pou ou kapab kalifye pou avantaj Asirans Chomaj.

Peryòd Debaz Bazik: Premye kat nan dènye **senk trimès** almannak ki pase anvan ou aplike pou avantaj yo. Trimès lè ou aplike pou avantaj yo pa konte nan peryòd debaz ou.

Peryòd Debaz Altène: Kat dènye trimès almannak ki pase yo imedyatman anvan ou aplike pou avantaj yo. Trimès lè ou aplike pou avantaj yo pa konte nan Peryòd Debaz Altène ou.

Peryòd Debaz Pwolonje: Peryòd Debaz Bazik ou, plis youn oswa de trimès ki vini anvan li, fòme Peryòd Debaz Pwolonje ou. Li disponib sèlman pou moun ki fè reklamasyon ki t ap resevwa konpansasyon travayè oswa avantaj ponpye volontè epi kimoun ki pa kalifye sou baz salè nan Peryòd Debaz Bazik la oswa nan Peryòd Debaz Altène a.

Peryòd oswa Semèn Atant: Premye semèn konplè ou reklame avantaj yo se yon peryòd oswa semèn atant. Ou p ap resevwa avantaj Asirans Chomaj pou semèn sa a. Apre semèn atant sa a, w ap resevwa Asirans Chomaj pou chak semèn ou reklame avantaj yo chak semèn.

Ou dwe pare pou travay, ou dwe vle travay epi ou dwe kapab travay pandan semèn atant sa a, sèlman tankou nenpòt lòt semèn ou vle resevwa avantaj Asirans Chomaj. Answit, ou dwe satisfè tout kondisyon pou chèche travay ak kondisyon pou konsève dosye ki asosye. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade paj 24 - 29: **"Ki kèk egzijans ki genyen pou chèche travay?"**

Si ou travay toutan pandan premye semèn reklamasyon ou oswa si ou pa sèvi yon semèn atant konplè pou lòt rezon, peryòd atant lan ap pwolonje nan wwochen semèn (yo).

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Plan pou Chèche Travay: Yon Plan pou Chèche Travay se yon akò fòmèl oumenm ak Konseye Workforce devlope epi siyen nan yon Sant Karyè lokal Eta New York ou. Akò sa a eksplike aklè alekri egzakteman ki kalite travay w ap chèche a, ki aktivite rechèch travay w ap fè ak konbyen fwa w ap fè yo, epi salè ou dwe chèche epi aksepte si yo ofri ou yon djòb. Plan an ap gen ladan nenpòt limit oswa restriksyon ki ka afekte rechèch travay ou. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/>, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Pousantaj Avantaj: Pousantaj avantaj se kantite lajan ou resevwa si ou kalifye pou yon semèn konplè avantaj Asirans Chomaj. Nou kalkile selon travay ak salè peryòd debaz ou.

Pwogram 599: Yon pwogram ki pèmèt ou ale lekòl oswa nan fòmasyon pandan w ap resevwa avantaj Asirans Chomaj. **Ou dwe fè Depatman Travay konnen ou enskri nan fòmasyon an san pèdi tan.**

Pwogram Èd pou Travay Endepandan (ki rele SEAP tou): Pwogram Èd pou Travay Endepandan pèmèt sèten moun ki p ap travay kòmanse biznis pa yo pandan y ap touche avantaj Asirans Chomaj. Pou kalifye pou pwogram sa a, **Depatman Travay** dwe idantifye ou kòm yon moun ki resevwa tout avantaj ou yo. Ou dwe gen 13 oswa plis semèn avantaj ki rete nan reklamasyon ou tou. Ou dwe mande epi resevwa **akseptasyon alekri** nan pwogram SEAP nan Depatman Travay anvan ou kapab kòmanse oswa opere biznis pa ou pandan w ap resevwa avantaj yo. Si yo aksepte ou nan SEAP, w ap kapab travay atanplen pou kòmanse ak dirije biznis ou pandan w ap touche avantaj Asirans Chomaj, menmsi ou kapab touche lajan nan biznis ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou SEAP, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/seap oswa kontakte yon Sant Karyè New York lokal ou. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/>, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Pwogram TAA: Pwogram Èd pou Ajisteman Metye (Trade Adjustment Assistance) (Lwa sou Komès) se yon pwogram federal ki bay avantaj ak sèvis espesyal pou travayè ki pèdi djòb yo akòz komès eksteryè. Kontakte yon Sant Karyè Eta New York lokal ou pou jwenn plis enfòmasyon. Pou jwenn Sant Karyè Eta New York ki pi pre ou, ale sou sitwèb <http://labor.ny.gov/career-center-locator/>, oswa rele Sant Kontak Depatman Travay nan nimewo (888) 4 NYSDOL ((888) 469-7365) ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi.

Salè ki Anvigè pou Asirans Chomaj: Salè ki anvigè a se salè pa èdtan pou djòb ki sanble nan nenpòt domèn jan sa detèmine nan yon sondaj Depatman Travay fè. **Enpòtan: Nou dwe itilize salè ki anvigè pou Asirans Chomaj pou objektif Asirans Chomaj sèlman.** Pa egzanp, nou pa dwe itilize li pou salè ki anvigè pou objektif Travay Biblik oswa Sètifikasi Travay Etranje. Pou jwenn salè ki anvigè pou Asirans Chomaj pou nenpòt metye, tanpri ale sou sitwèb <http://www.labor.ny.gov/stats/uiwages.shtml> oswa kontakte yon Sant Karyè lokal Eta New York ou.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Salè Limit Asirans Chomaj: Yon salè ki se 10 pouasan anba salè ki anvigè pou Asirans Chomaj pou nenpòt metye.

Semèn Travay: Yon peryòd tan ki kòmanse lendi epi ki fini vandredi lè ou te touche salè pou travay ou fè nan travay ki gen pwoteksyon Asirans Chomaj.

Travay ki Gen Pwoteksyon: Lalwa egzije pifò patwon yo pou yo bay pwoteksyon Asirans Chomaj. Patwon an peye kotizasyon yo ba Eta New York, ki sèvi pou peye avantaj ou yo. Gen kèk kalite travay ki Asirans Chomaj pa pwoteje. Si travay ou pa t pwoteje, Depatman Travay ap voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen sa.

Travayè ki Deplase: Yon “travayè ki deplase” se yon moun ki te pèdi djòb li akòz youn nan sitiyasyon ki endike anba la yo:

- Ou te jwenn revokasyon ou oswa patwon ou te sispann ou pou yon tan, ou kalifye pou avantaj Asirans Chomaj epi nou idantifye ou kòm yon moun ki pa gen chans pou retounen nan endistri oswa pòs travay anvan an;
- Ou te pèdi djòb ou akòz fèmti yon izin oswa paske patwon ou te sispann anpil travayè pou yon tan;
- Ou te nan chomaj pandan yon peryòd tan ki long epi ou ka pa gen chans pou jwenn yon lòt djòb nan menm pòs travay oswa nan yon pòs travay sanblab; oswa
- Ou te yon travayè endepandan epi ou p ap travay akòz kondisyon ekonomik jeneral yo oswa akòz yon katastwòf natirèl.

Nou ka konsidere ou kòm yon travayè ki deplase si ou te lwen travay ou pandan yon gwo kantite ane.

13. Apandis I: Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon

K ap ede moun ki fè reklamasyon yo konprann dwa yo ak responsabilite yo pandan tout pwoesisis Asirans Chomaj la

Si ou li tiliv enfòmasyon sa a, si ou te rele Sant Reklamasyon nan Telefòn,* epi si ou toujou gen kesyon sou Asirans Chomaj, Biwo Defans Moun ki Fè Reklamasyon nou kapab ede ou. Sèvis gratis ak san patipri sa a disponib pou tout moun ki fè reklamasyon yo, sitou moun ki pa maton nan lang Anglè oswa ki gen lòt anpèchman.

Enpòtan: Sa kapab pran twa a sis semèn apati moman ou depoze reklamasyon ou pou resevwa premye peman ou. Paske nou dwe revize aplikasyon ou pou avantaj yo epi paske nou dwe travay sou li, ou p ap resevwa avantaj yo pandan peryòd tan sa a. Si tan sa a pa pase, tanpri kontinye rete tann pou pwoesisis revizyon an fini. Epitou, Biwo Defansè Moun ki Fè Reklamasyon apa avèk Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Defansè yo pa kapab travay sou reklamasyon yo, yo pa kapab fè detèminasyon oswa yo pa kapab travay vit sou yon reklamasyon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Biwo Defansè Moun
ki Fè Reklamasyon
apa avèk Sant
Reklamasyon
nan Telefòn.*

Fason nou kapab ede ou

Defansè yo kapab ede moun ki fè reklamasyon yo konprann:

- Dwa ak responsabilite yo;
- Yon detèminasyon Asirans Chomaj ak lòt korespondans;
- Fason pou avanse avèk yon odyans; epi
- Fason pou konteste yon desizyon.

Sa nou pa kapab fè

Defansè yo pa kapab:

- Bay reprezantasyon legal;
- Travay vit sou reklamasyon ou;
- Fè yon detèminasyon sou kalifikasyon ou;
- Enfliyanse rezulta yon reklamasyon; oswa
- Peye avantaj yo.

Gid pou èd nan dosye

Defansè yo kapab ede moun ki fè reklamasyon yo satisfè gid ki anba la yo. Tanpri li gid yo epi jwenn nan ki sitiyasyon ou ye.

1. Èske ou te depoze yon reklamasyon, men ou pa t tande Depatman Travay?

Anvan yon Defansè kapab ede ou, tanpri asire si ou te fè sa ki endike anba la a:

- **Kite omwen sis semèn pase depi premye fwa ou te fè yon reklamasyon (nouvo reklamasyon yo).** Nòmalman nouvo reklamasyon yo ap pran twa a sis semèn pou nou revize yo ak travay sou yo. Tanpri pa kontakte biwo sa a jouk lè sis semèn yo pase. Si mwens pase senk semèn poko pase, tanpri kontinye rete tann.
- **Avantaj ou reklame yo (konfime pou yo) chak semèn ou pa t ap travay epi ou pare, vle ak kapab travay.** Ou pa byen konnen kisa reklame (konfime pou) avantaj chak semèn vle di? Tanpri gade Chapit 6 tiliv sa a: *"Kijan pou mwen reklame avantaj yo chak semèn?"* nan paj 16. Si ou pa t fè reklamasyon avantaj yo pou yon semèn, tanpri gade paj 18 la: *"Lè pou reklame avantaj yo chak semèn"* pou konnen fason pou mande kredi pou semèn (yo) ou te rate a.
- **Kontakte Sante Reklamasyon nan Telefòn* sou entènèt oswa nan telefòn.** Nou rekònèt tan pou rete tann nan lè ou rele ka long, sitou bonè nan semèn nan oswa apre yon jou ferye. Nou ankouraje ou pou rele pita nan semèn nan ak pi plis pase yon fwa pa jou. Ou kapab toujou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* ou nan mesaj sekirize. Konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services.

Si se te plis pase senk semèn depi lè ou te fè reklamasyon ou epi si ou pa t tande Depatman Travay, ou kapab rele Sant Reklamasyon nan Telefòn* oswa kontakte yon Defansè Moun ki Fè Reklamasyon.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Si ou pa satisfè gid sa yo, biwo sa a pètèt pa kapab ede ou. Sonje nou dwe apwouve tout reklamasyon yo ak travay sou yo. Sa kapab pran jiska sis semèn. Si n ap revize reklamasyon ou, ou dwe rete tann pou pwosesis revizyon an fini. Si avantaj yo te sispann epi ou pa t resevwa yon kesyonè, tanpri kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* pou mande pou kisa avantaj yo sispann.

2. Èske w ap eseye fè yon reklamasyon, men sistèm nan te mande ou pou pale avèk yon reprezantan Sant Reklamasyon nan Telefòn* epi ou pa kapab jwenn okenn moun?

Ou dwe kontinye eseye pale avèk yon reprezantan nan Sant Reklamasyon nan Telefòn,* paske yo se sèl moun ki kapab fini reklamasyon ou. Nou rekonèt tan pou rete tann nan lè ou rele ka long, sitou bonè nan semèn nan oswa apre yon jou ferye. Nou ankouraje ou pou rele plis pase yon fwa pa jou. Si ou pa kapab jwenn yon reprezantan epi si ou rate semèn w ap eseye aplike a, Sant Reklamasyon nan Telefòn* kapab mete yon reklamasyon nan yon dat pase pou apeprè yon semèn.

3. Èske ou t ap resevwa avantaj yo men yo te sispann sanzatann?

Si ou t ap resevwa avantaj yo men yo te sispann akòz yon pwoblèm, asire ou fè sa ki endike anba la a anvan ou kontakte yon Defansè:

- Si ou pa t kapab reklame avantaj yo chak semèn epi nou te di ou pou ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin oswa pou rele nimewo (877) 280-4541, asire ou swiv enstwiksyon yo anvan;
- Swiv enstwiksyon yo epi retounen nenpòt kesyonè ak/oswa dokiman nou mande ou yo;
- Kite de semèn pase apre ou te reponn yon kesyonè oswa apre ou te pale avèk yon ajan; epi
- Kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn.* Nou rekonèt tan pou rete tann nan lè ou rele ka long, sitou bonè nan semèn nan oswa apre yon jou ferye. Nou ankouraje ou pou rele plis pase yon fwa pa jou. Ou kapab toujou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* ou nan mesaj sekirize. Konekte nan kont ou sou entènèt sou sitwèb www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services.
- Si ou te swiv etap sa yo, epi si ou toujou pa jwenn yon repons, tanpri kontakte yon Defansè Moun ki Fè Reklamasyon.

4. Èske ou te resevwa yon detèminasyon ki endike ou pa kalifye pou avantaj yo, men ou pa dakò avèk detèminasyon an?

Defansè Moun ki Fè Reklamasyon yo kapab reponn kesyon ou yo sou pwosesis odyans oswa kontestasyon an.

- Nou kapab eksplike ou kijan pou mande yon odyans oswa yon kontestasyon; epi
- Nou kapab eksplike ou kijan pou prepare pou yon odyans.

5. Èske ou te resevwa yon detèminasyon men ou pa t konprann sa li vle di?

Defansè Moun ki Fè Reklamasyon yo kapab eksplike ou detèminasyon an. Tanpri mete lèt la toupre ou lè w ap rele.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

6. Èske ou te resevwa tout 26 semèn avantaj ou yo epi ou vle konnen kisa ou kapab fè pou pwolonje avantaj yo?

Pou kounye a, Asirans Chomaj ofri yon maksimòm 26 semèn avantaj. Pa gen eksepsyon. Kongrè a pa pwolonje pwogram nan. Biwo sa a pa kapab ede ou resevwa semèn siplemantè paske okenn pa disponib. Si ou toujou p ap travay epi ou vle konnen ki lòt avantaj ki ka disponib pou ou, ale sou sitwèb www.mybenefits.ny.gov.

7. Ou t ap eseye kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn* epi ou pa kapab antre?

Malerezman, gen delè nan semèn nan ak nan ane lè tan pou tann nan telefòn yo pi long pase lòt lè yo. Anjeneral, jou lendi ak jou apre yon jou ferye se jou ki gen plis aktivite. Sonje, ou kapab toujou voye yon mesaj sekirize nan kont ou sou entènèt. Konekte nan www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la ki anwo adwat paj My Online Services.

8. Èske ou pa t fè yon reklamasyon epi ou gen kesyon sou pwoesisis la?

Biwo sa a kapab sèlman ede ou apre ou fè yon reklamasyon.

Li Kesyon Moun Poze Souvan sou sitwèb nou nan

<http://labor.ny.gov/ui/claimantinfo/beforeyouapplyfaq.shtm> ak tiliv sa a ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon. Si ou toujou gen kesyon, voye yon mesaj sekirize nan kont ou sou entènèt. Konekte nan www.labor.ny.gov/signin. Answit, klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services.

Biwo sa a pa kapab detèmine si ou toujou kalifye pou avantaj yo oswa yo pa kapab enflyanse yon detèminasyon. Sèl fason pou konnen si ou kalifye pou avantaj yo se depoze yon reklamasyon. Espesyalis reklamasyon Depatman Travay dwe revize reklamasyon an epitou yo dwe fè yon detèminasyon.

Fason pou mande èd pou dosye

Si ou satisfè gid ki endike anwo a, ou ka kontakte biwo sa a. Sèvis yo disponib nan apeprè 200 lang.

Orè Fonksyònman: Lendi-Vandredi, 9 a.m. jiska 4 p.m.

Rele nou gratis nan nimewo: (855) 528-5618

Lè ou rele, tanpri mete toupre ou:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou;
- Yon lis kesyon; epi
- Nenpòt dokiman ki konsène dosye ou.

Ou ka voye yon mesaj sekirize ban nou tou. Gade Chapit 14 la: “**Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize**” pou enstwiksyon yo. **Enpòtan: Tanpri imèl sèlman kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou; pa tout nimewo a. Epitou mete prenon ak non fanmi ou.**

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Ekip ki nan biwo a pa avoka epi yo pa kapab reprezante ou nan yon odyans.

Si ou pa gen mwayer pou peye yon avoka oswa yon reprezantan anrejistre, ou ka gen posiblite pou jwenn reprezantasyon gratis yon avoka ki bay sèvis gratis oswa Legal Aid Society lokal ou oswa pwogram sèvis legal lokal ou. Pou jwenn yon lis resous legal, ansanm ak avoka, reprezantan ki anrejistre, pwogram sèvis legal ak òganizasyon avoka gratis, ale sou sitwèb Komite Kontestasyon Asirans Chomaj nan at www.uiab.ny.gov. Klike sou “Resources”, epi answit klike sou “List of Attorneys & Authorized Agents”. Ou ka fè mande lis sa a tou depi ou rele nimewo (518) 402-0205.

14. Apandis II: Fason pou voye yon mesaj sekirize

Konekte sou sitwèb nou avèk ID NY.gov ou nan www.labor.ny.gov/signin. Si ou pa deja gen yon kont, w ap jwenn enstwiksyon pou kreye youn sou sitwèb nou nan www.labor.ny.gov/signin. Si ou gen difikilte pou kreye yon ID NY.gov, gade enstwiksyon demontre ki endike sou siy ki nan paj la, tcheke Kesyon Moun Poze Souvan NY.gov, oswa rele nimewo (800) 833-3000, depi lendi jiska vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Depi ou konekte, chwazi ikòn anvlop la nan kwen anlè paj la. Sa ap mennen ou nan bwat mesaj ou. Chwazi bouton meni an (ti kare ki gen twa liy yo) epi answit chwazi “Compose New.”

Kounye a w ap bezwen chwazi yon liy sijè. Klike sou flèch meni dewoulan an ki toupre mo “Subject” (sijè) pou wè yon lis sijè. Klike sou liy sijè ki pi byen adapte avèk kesyon ou. Lè ou fè sa, yon dezyèm seri liy sijè ap parèt. Ankò, chwazi dezyèm liy sijè ki pi byen adapte avèk kesyon ou. Sa ap asire ou voye mesaj ou ba manm ekip kòrèk la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade fèy enfòmasyon “Fason pou Voye yon Mesaj Sekirize” nou sou sitwèb: www.labor.ny.gov/formsdocs/ui/P837.pdf.

15. Apandis III: Fason pou depoze modalite yo sou entènèt

Lè w ap itilize sèvis sou entènèt pou depoze reklamasyon ou, ou dwe dakò avèk modalite sa yo:

Bay Enfòmasyon ki Konplè ak Egzat	<ul style="list-style-type: none"> Si ou bay enfòmasyon ki pa konplè oswa ki pa kòrèk, ou ka jwenn reta nan reklamasyon ou ak nenpòt peman nou ka dwe ou. Si ou ban nou fo enfòmasyon oswa si ou sere enfòmasyon yo, fiti avantaj ou yo ap pèdi oswa redui epi ou ka tonbe anba konsekans grav ki gen ladan posiblite pou nou pouswiv ou nan lajistis.
--	---

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Soumèt Reklamasyon Ou	<p>Lè ou kòmanse aplikasyon ou, toujou kontinye jouk lè ou fini.</p> <p>W ap pèdi enfòmasyon yo si ou pa fè anyen nan sa ki anba la a anvan ou soumèt reklamasyon ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • soti nan aplikasyon an • pèdi koneksyon Entènèt ou oswa • itilizasyon bouton “retounen” navigatè ou. <p>Ou kapab gade, chanje oswa enprime repons ou yo nan seksyon “Review of Application Responses” (revizyon Repons pou Aplikasyon).</p> <p>Lè ou fini, chwazi bouton “Submit Claim” (soumèt reklamasyon).</p>
Kenbe Enfòmasyon Kontak Ou Ajou	<p>Depi ou enskri pou yon kont sou entènèt, ou dakò pou kenbe enfòmasyon kontak ou te ban nou yo ajou. Sa gen ladan adrès postal ou (obligatwa) ak adrès imèl ou (obligatwa). Si enfòmasyon kontak ou chanje, ou dakò pou modifye enfòmasyon sa a pou dosye nou.</p>
Reponn Tout Demann Depatman an	<p>Ou dakò pou tcheke ak reponn mesaj ak kesyonè nou ka voye ba ou nan sistèm sekirize NY.gov ak tout mesaj, fòm ak lèt nou voye ba ou pa lapòs. Ou dwe reponn nan dat limit ki endike nan dokiman yo.</p> <p>Ou rekonèt ak konprann si ou pa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kenbe enfòmasyon kontak ou ajou, • tcheke bwat mesaj sekirize NY.gov ou, ak/oswa • reponn komunikasyon nou yo nan dat limit ki endike nan dokiman yo, ou ka jwenn reta nan avantaj ou yo, nou ka sispann yo oswa ou ka jwenn refi pou yo.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Kenbe Enfòmasyon ki Enpòtan sou Reklamasyon ou	<p>Apre ou soumèt reklamasyon ou, w ap wè yon “Paj Konfirmasyon” ki endike lòt enfòmasyon ak enstwiksyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Enprime oswa ekri enfòmasyon ki nan paj la pou lòt referans. • Si ou pa swiv enstwiksyon sa yo, ou ka jwenn reta pou peman ou yo oswa ou ka pèdi yo. <p>Si ou vle kenbe yon kopi tout aplikasyon ou, ou ka enprime chak paj nan seksyon “Revizyon Repons Aplikasyon an”.</p>
Chwa Depo Dirèk	<ul style="list-style-type: none"> • Enprime oswa ekri enfòmasyon paj “Revizyon Enfòmasyon sou Depo Dirèk” anvan ou soumèt enfòmasyon sou depo dirèk ou. • Sa ap reprezante sèl prèv enfòmasyon ou te bay sou kont ou.
Rele si ou jwenn Enstwiksyon	<p>Se pa tout aplikasyon ou ka ranpli sou entènèt. Si ou wè yon paj konfirmasyon ki endike ou dwe pale avèk yon espesyalis reklamasyon pou ranpli aplikasyon ou pou avantaj Asirans Chomaj, ou dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefon. Enfòmasyon ou bay sou entènèt ap sovgade. Men, nou p ap travay sou reklamasyon ou jouk lè ou fè koutfil sa a.</p>
Kenbe PIN ou an Sekrè	<p style="text-align: center;">***PA JANM Di Okenn Moun PIN (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl) Ou***</p> <p>Lè ou soumèt yon reklamasyon, w ap jwenn endikasyon pou kreye yon PIN. PIN ou se siyati elektwonik ou.</p> <p>W ap itilize PIN ou chak fwa ou gen aksè nan sistèm tretman reklamasyon yo. Ou kapab pèdi jiska 20 semèn avantaj yo si ou kite yon lòt moun itilize PIN ou.</p> <p>Si ou se yon moun andikape ki pa kapab gen aksè nan sèvis nou yo san èd yon lòt moun, ou ka kite yon lòt moun ede ou. Men, ou dwe prezan chak fwa moun k ap ede ou itilize sèvis nou yo, tankou lè moun k ap ede ou a antre PIN ou. Ou responsab pou aksyon moun k ap ede ou. Ou ka tonbe anba sanksyon, tankou sezi avantaj yo, si ou pa prezan lè moun k ap ede ou a gen aksè nan sèvis nou yo.</p>

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

<p>9 Bagay Ou Dwe Fè Lè W ap Aplike pou Avantaj pou Chomaj</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Rapòte chak jou ou travay. Ou dwe rapòte nenpòt jou ou travay lè ou reklame avantaj UI ou chak semèn. Sa gen ladan djòb atan-pasyèl, djòb pou yon ti tan oswa djòb ki pa peye ou. 2. Bay presizyon. Li tout lèt yo Depatman Travay voye ou avèk anpil atansyon. Swiv enstwiksyon yo epi retounen tout fòm yo san pèdi tan. Sa ap ede evite reta nan peman UI yo. 3. Ou dwe disponib pou travay. Ou dwe kapab pran yon djòb touswit. Chak semèn, ou dwe verifye ou te pare pou travay, ou te vle travay, epi ou te kapab travay. 4. Chèche travay. Ou dwe chèche travay chak semèn epi ou dwe kenbe yon dosye ekri chak patwon ou kontakte. Wè aktivite chèche travay ou gen obligasyon pou fè chak semèn. 5. Fè yon plan pou chèche travay. Kontakte yon Sant Karyè Eta New York pou jwenn èd pou planifye rechèch travay ou. Ale sou sitwèb www.labor.ny.gov pou jwenn kote ki pi pre ou. Ou ka rele nimewo 1-800-447-3992 tou. Chwazi lang ou epi peze 3. 6. Sispann reklame avantaj yo imedyatman ou retounen nan travay. Pa rete tann premye chèk peman ou. Ou pa kalifye ankò pou avantaj yo lè ou kòmanse travay yon djòb aplantan. Ou ka kalifye pou yon pati nan avantaj yo si ou jwenn yon travay atan-pasyèl. 7. Li tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon. L ap fè ou konnen dwa ou ak responsablite pandan w ap touche avantaj Asirans Chomaj ou. Li gen ladan tou avantaj siplemantè ak sèvis ou ka kalifye pou jwenn. Gen vèsyon elektwonik ak vèsyon odyo ki disponib tou sou sitwèb nou. 8. Evite Fwod. Fè sa ki bon epi swiv règ yo pandan w ap resevwa avantaj yo. So ou pa swiv règ yo, ou kapab tonbe anba konsekans legal grav. 9. Si ou pa konnen, mande èd. Reprezantan Asirans Chomaj disponib pou ede ou. Rele nimewo 1-888-209-8124 oswa ale sou sitwèb ou pou jwenn repons yo.
---	---

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

Pou fè reklamasyon ou sou entènèt, ou dwe dakò avèk sa ki endike anba la a tou:

Mwen revize tout seksyon ki nan tablo a epi mwen verifye enfòmasyon yo vrè ak egzat, epitou mwen rekonèt lalwa bay sanksyon pou fo deklarasyon. Mwen te bay enfòmasyon kontak ki egzat ak konplè, tankou adrès postal mwen (obligatwa) ak adrès imèl mwen (obligatwa). Si enfòmasyon pou yo kontakte mwen chanje, mwen dakò pou chanje li. Mwen dakò pou tcheke ak reponn mesaj sekirize ak kesyonè yo voye ban mwen nan kont NY.gov mwen ak tout mesaj, fòm ak lèt mwen ka resevwa pa lapòs nan dat limit ki endike nan komunikasyon yo. Mwen rekonèt si mwen pa kalifye pou avantaj yo, mwen gen dwa pou yon odyans devan yon jij lwa administratif gratis oswa san okenn obligasyon. Si mwen pa remèt avantaj mwen te resevwa yo oswa si mwen pa peye okenn sanksyon yo enpoze mwen paske mwen te sere enfòmasyon yo oswa paske mwen te bay fo enfòmasyon ba Depatman Travay, Depatman Travay ka fè aksyon legal pou depoze yon jijman kont mwen. Depi tribunal pwononse yon jijman, jijman an ap bon epi yo kapab itilize kont li kont mwen pandan ventan, epi yo ka pran lajan mwen, ansanm ak yon pòsyon nan chèk peman mwen ak/oswa nan kont labank mwen. Epitou, yon jijman ap afekte eskò kredi mwen epitou li kapab afekte posiblite ou pou lwe yon kay, pou jwenn yon djòb oswa pou jwenn lajan prete. Mwen konfime tou mwen pa depoze reklamasyon sa a pandan nenpòt peryòd mwen te deyò Etazini, yon Teritwa Etazini oswa Kanada.

Mesajri sekirize ak lòt mesaj: Ou ka resevwa mesaj sekirize, korespondans ak kesyonè nan kont Labor On-Line epi pa lapòs. Ou dwe ranpli ak retounen yo anvan dat limit nou ba ou a. Si ou pa fè sa, sa ap lakòz reklamasyon ou pran reta, oswa sa ap lakòz yo refize epi/oswa sispann benefis ou yo.

16. Fòm yo

Paj ki anba la yo gen fòm ki nan referans toupatou nan dokiman sa a:

- Nou **utilize yon Dosye Rechèch Travay** pou note efò ou fè pou chèche travay epi pou prezante efò yo nan dokiman tou.
- Ou **ka utilize yon fòm Demann pou Re-Konsiderasyon** pou fè Sant Reklamasyon nan Telefòn* konnen ou pa dakò avèk enfòmasyon ki nan avi Detèminasyon Avantaj Lajan ou.
- Ou **ka utilize yon Demann Peryòd Debaz Altène** pou ogmante pousantaj avantaj ou si salè ou touche nan trimès ou fè plis lajan tonbe nan trimès altène a.
- Yon **fòm Demann Pousantaj ki Baze sou Semèn** ak enstwiksyon.
- Fòm **Enskripsyon Elektè. Pa voye fòm sa a retounen ba Depatman Travay.** Ou dwe retounen yon fòm Enskripsyon Elektè ou ranpli ba Komisyón Eleksyon lokal ou nan adrès ki endike nan paj enstriksyon an.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefòn, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.

*Pou kontakte Sant Reklamasyon nan Telefon, tanpri rele nimewo (888) 209-8124. Moun ki itilize TTY/TDD: rele yon operatè relè nan nimewo (800) 662-1220 epi mande operatè pou rele nimewo (888) 783-1370. Videyo oswa lòt kalite itilizatè sèvis relè yo ap kontakte operatè relè ou epi mande operatè relè a pou rele nimewo (888) 783-1370.



Department of Labor

Dosye Chèche Travay

Pou Semèn ki Fini: _____ / _____ / _____
(Itilize dat dimanch)

Non Fanmi: _____ Prenon: _____

Nimewo ID NYS: New York _____

(Ou jwenn li anlè lèt randevou yo)

oswa nimewo SS: XXX-XX-

(Kat dèneye chif yo séiman)

Ou ka itilize fòm sa a pou note aktivite chèche travay ou. (Enstrikson yo sou fòm lan.) Ou kapab itilize Dosye Chèche Travay ki nan sitwèb JobZone lè w ap reklame avantaj Asirans Chomaj chak semèn sou entènèt.

Biznis/Patwon ou Kontakte yo: Bay lis djòb ou te aplike pou yo, entèvyou ou te fè, epi biznis/patwon ou te kontakte pandan semèn ki endike anwo a. Ou ta dwe ranpli tout kolòn yo dapre tout sa ou konnen. Itilize lot fèy papye si li nesesè. Premye ranje a se yon egzanp.

Dat kontak la	Pòs travay ou aplike pou li a	Non Biznis /Patwon	Non ak tit moun ou te kontakte a (si ou konnen li)	Metòd kontak la (anpason, telefon, faks, imèl, sitwèb, elatriye)	Enfòmasyon kontak pou metòd kontak ou bay nan lis la (adrès, nimewo telefon, imèl, sitwèb(URL, nimewo faks,))	Rezulta kontak la (si ou konnen li) (Entèvyou, kantite tan ou tann pou repos, ou pa anboche)
1/2/2014	Anpwaye	ABC Industries	John Smith, Direktè HR	Imèl	j.smith@abcinc.com	Prepare entèvyou

Aktivite Chèche Travay: Bay lis bagay ou te fè pou jwenn yon djòb ki pa t kontak avèk biznis/patwon. Gade enstrikson ki padèyè yo pou jwenn aktivite ki sijere yo.

Premye ranje a se yon egzanp.

Dat aktivite a	Aktivite ou te fè
1/3/2014	Te patisipe nan sesyon enfòmasyon pou preparasyon rezime nan Sant Karyè

Enstriksyon pou Dosye Chèche Travay

Ou dwe ap chèche travay san pran souf pandan w ap reklame avantaj Asirans Chomaj. Ou dwe konsève yon Dosye Chèche Travay chak semèn ou reklame avantaj yo epitou ou dwe prepare pou bay yon kopí Dosye a nan Depatman Travay Eta New York lè yo mande ou li. N ap verifye enfòmasyon ki nan fòm nan avèk kontak ou bay yo. Si ou fè espre pou bay fo deklarasyon sou aktivite chèche travay ou, nou konsidere sa kòn fwod epi ou ka jwenn refi pou avantaj Asirans Chomaj.

Ou dwe fè omwen twa (3) aktivite chèche travay chak semèn, sof si ou gen Plan pou Chèche Travay Depatman Travay apwouye.* Ou dwe fè twa (3) aktivite yo nan diferan jou semèn nan. Yo dwe gen ladan omwen yon aktivite **nan Aktivite Chèche Travay 1-5 (anba la a). Ou dwe fè de (2) lòt aktivite yo epi ou ka chwazi yo pamì nèf (9) aktivite ki nan lis la.** Sa se krite minimòm yo. Nou ankouraje ou pou fè plis.

Aktivite Chèche Travay: Aktivite chèche travay yo ka gen ladan, men pa sèlman:

- | | | | |
|-----|---|-----|---|
| (1) | Vizit nan yon Sant Karyè lokal ki nan Eta New York epi: | (5) | Fè entèvyou avèk patwon posib yo. |
| | • Rankont avèk konseye Sant Karyè yo; | (6) | Aplike pou travay avèk ansyen patwon (yo). |
| | • Jwenn enfòmasyon nan men amplwaye Sant Karyè yo konsènan djòb ki ka disponib nan yon endistri patikilye oswa rejjyon (jwenn enfòmasyon sou mache travay la); | (7) | Anrejistre epi tcheké nan ajans prive pou jwenn travay, sèvis plasman, sendika, ak biwo plasman lekol, kolèj oswa inivèsite, ak/oswa òganizasyon pwofesyonèl. |
| | • Travay avèk amplwaye Sant Karyè pou evalye ladrès ou epi pou amonize yo avèk pòs travay ak djòb posib yo (evalyasyon ladrès pou amonizasyon pòs travay); | (8) | Itilize telefon, anyè biznis, Entènèt, oswa sistèm amonizasyon djòb sou entènèt pou chèche djòb, jwenn enfòmasyon enpòtan, mande referans, oswa pran randevou pou fè entèvyou pou jwenn travay. |
| | • Patisipe nan sesyon enfòmasyon pou bay enstriksyon; epi | (9) | Aplike epi/oswa anrejistre pou Sèvis Civil epi pran Sèvis Civil Egzaminasyon (yo) pou pòs travay gouvenènman an. |
| (2) | Jwenn referans pou djòb ak amonizasyon avèk djòb nan Sant Karyè a epi kontakte patwon yo ankò. | | Konsève kopí Dosye Chèche Travay ou nan Depatman Travay sof si nou mande ou pou fè sa. Ou kapab jwenn fòm yo nan Sant Karyè lokal ki nan Eta New York, sou entènèt nan sitwèb www.labor.ny.gov oswa nan liv enfòmasyon ou kòn moun ki fè demann alokasyon. Ou ka konsève dosye chèche travay ou tou sou entènèt nan sitwèb www.jobzone.ny.gov . |
| (3) | Ale nan yon sant travay epi ranpli yon aplikasyon pou travay poukout mwen avèk patwon ou ka espere ki gen pòs travay vid yon fason rezonab. | | Soumèt yon aplikasyon aktoswa rezime pou travay pou bay repons pou yon avi publik oswa pou vle ajouté oswa pou yon anons nan jounal oswa ba patwon mwén ka espere ki gen pòs travay lib yon fason rezonab. |
| (4) | Patisipe nan seminè sou rechèch travay, reyinyon ki pwogramme pou konekte rejo pwofesyonèl, fowòm travay oswa sesyon enfòmasyon ki asosye ak travay epi ki bay enstriksyon pou amelyore ladrès pou chèche travay. | | * Si ou gen yon Plan pou Chèche Travay Depatman Travay apwouye, ou dwe fè sa ou te dakò nan plan an, epitou ou dwe note aktivite sa yo nan Dosye Chèche Travay la. N ap verifye Dosye Chèche Travay ou pou asire ou fè sa nou mande nan Plan pou Chèche Travay ou. |



Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130
www.labor.ny.gov

ASIRANS CHOMAJ

Demann Pou Rekonsiderasyon

Tanpri ekri aklè an lèt detache

Non Fanmi: _____ Prenon _____ Inisyal Dezyèm Prenon _____
 Adres: _____
 Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____
 Dat Demann Ian Kòmanse/Fini: _____ / _____ / _____ Nimewo Sekirite Sosyal: XXX-XX-_____

Kondisyon pou Fòm nan

Pou korije salè ak/ou salè ki pa parèt nan Detèminasyon finansyè alokasyon ou an swiv enstwiksyon sa yo ki anba a.



- Itilize yon plim ak lank nwa ou ble pou ou ranpli enfòmasyon sou patwon ak salè yo anba a.
- Mete nenpòt dokimantasyon ki ka bay prèv salè ou tankou: sou chèk, fòm W-2, fòm 1099, koupon, chèk, poubwa, bonis, manje, lojman, komisyón, konje peye ak dosye travay ak/ou peman.
- Pa voye oriinal, fè kopi tout dokimantasyon sipò nan yon sèl bò sou papye $8\frac{1}{2} \times 11$.
- Ekri non ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo telefòn ou nan chak atachman.
- Si ou te resevwa alokasyon pou aksidan travay, mete yon kopi dènye Rapò Chòk ou Te Pran Apre (Subsequent Report of Injury, SROI) ou depoze.
- Ou dwe ranpli avi sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÒTAN ! an.



Tanpri ekri aklè an lèt detache.

Enfòmasyon sou patwon an

Tanpri ekri ak karaktè ki ap fasil pou li. Ajoute lòt paj si ou genyen enfòmasyon sou plis twa (3) patwon.

Patwon: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Eta: _____ Kòd Postal: _____

Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____

Patwon: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Eta: _____ Kòd Postal: _____

Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____

Patwon: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Eta: _____ Kòd Postal: _____

Si travay la pat nan Leta Nouyòk, mete ki eta: _____

Total Salè Bwi pou peryòd de baz ou altènativ

Mete total salè bwa chak trimès pou chak patwon/trimès ki make. Konsilte Detèmina finansyè pi resan ou si ou bezwen èd.

Trimès : _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès : _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès : _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès : _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès : _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès: _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès: _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès: _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès: _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Trimès: _____ - _____ \$ _____ , _____ . _____

Konfirmasyon

Mwen konfime enfòmasyon anlè yo kòrèk epi mwen konnen lalwa pini moun pou fo deklarasyon yo. Mwen rekonèt n ap fè mwen konnen rezulta demann mwen.

Siyati Obligatwa

dat

kòd rejonal nimewo telefòn

Enstwiksyon pou voye li tounen

Ou dwe ranpli avi sa a ak tout atachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÒTAN ! an.

Faks: 518-457-9378. Avi sa a se paj kouvèti ou. Endike kantite paj total yo

OSWA



Voye li pa Lapòs: New York State

Department of Labor, P.O. Box 15130, Albany,
NY 12212-5130



Reklame avantaj yo chak semèn sou sitwèb www.labor.ny.gov oswa rele Tel-Service nan nimewo 888-581-5812.



Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.labor.ny.gov



Pou jwenn èd, gade tiliv ki bay enfòmasyon pou moun ki fè reklamasyon sou sitwèb www.labor.ny.gov/uihandbook.



Department of Labor
PO Box 15130
Albany, NY 12212-5130
www.labor.ny.gov

ENPÔTAN!

Nou dwe resevwa fòm sa a nan yon dèle dis (10) jou almannak apre Dat ou te Voye dènye Detèminasyon Avantaj Finansye ou. **Tanpri ekri aklè an lèt detache. Si ou pa fè sa, nou pa kapab travay sou fòm sa a.**

ASIRANS CHOMAJ

Demann Peryòd de baz altènatif

Mete enfòmasyon sa yo	NON: _____ NIMEWO SEKIRITE SOSYAL _____ ADRES: _____ VIL: _____ ETA: _____ KÒD POSTAL: _____ DAT DEMANN NAN TE ANTRE ANVIGÈ: _____ DAT ANE ALOKASYON AN TE FINI: _____
Enfòmasyon nou mande pou fòm nan	<p>Si ou vle itilize Peryòd de baz altènatif pou alokasyon chak semèn nan monte:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Itilize yon plim ak lank nwa ou ble pou ou ranpli enfòmasyon sou patwon ak salè yo anba a ; • Mete nenpòt dokimantasyon ki ka bay prèv salè ou tankou: sou chèk, fòm W-2, fòm 1099, koupon, chèk, poubwa, bonis, manje, lojman, komisyon, konje peye ak dosye travay ak/ou peman. • Pa voye orijinal, fè kopi tout dokimantasyon soutyen nan yon sèl bò on papye $8\frac{1}{2} \times 11$; • Ekri non ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nimewo telefòn ou nan chak attachman; Pa voye orijinal yo. • Ou dwe ranpli avi sa a ak tout attachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÔTAN ! an. <p>Si salè dènye trimès ou te pi gwo pase «Salè trimès pi wo a» yo ki sou Detèminasyon alokasyon finansye ou an, lè ou itilize peryòd de baz lan sa ka monte alokasyon ou yo. Si wi chwazi itilize Peryòd de baz altènatif pou demann nan, ou pap nan mezi pou ou itilize salè sa a pou fè yon lòt reklamasyon yon lot fwa.</p>
Etap 1 Enfòmasyon sou dènye trimès la	<p>Dènye trimès la fini avan dat demann nan antre anvigè: _____ / _____ / _____ a _____ / _____ / _____ Mwa jou .ane Mwa jou .ane</p> <p>Konsilte Detèminasyon alokasyon finansye kote w ap jwenn dat trimès la epi konpare salè chak semèn pou peryòd de baz altènatif ak dosye ou yo, epi koché kaz apwopriye anba a epi pase a etap yo di ou an.</p> <p><input type="checkbox"/> Salè chak trimès pou peryòd de baz altènatif yo pa kòrèk oubyen pa konplè (pase sou etap 2) <input type="checkbox"/> Salè chak trimès pou peryòd de baz altènatif yo pa kòrèk (pase sou etap 3)</p>
Etap 2 Enfòmasyon Sou salè	<p>Bay enfòmasyon nou mande yo anba a, atache dokimantasyon ki bay prèv travay ou ak yon paj an plis si ou genyen enfòmasyon sou plis pase twa (3) patwon.</p> <p>NON ANPLWAYE AN: _____ SALE BWI CHAK TRIMÈS _____ \$ ADRÈS ANPLWAYE AN: _____ VIL: _____ ETA: _____ KÒD POSTAL: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____</p> <p>NON ANPLWAYE AN: _____ SALE BWI CHAK TRIMÈS _____ \$ ADRÈS ANPLWAYE AN: _____ VIL: _____ ETA: _____ KÒD POSTAL: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____</p> <p>NON ANPLWAYE AN: _____ SALE BWI CHAK TRIMÈS _____ \$ ADRÈS ANPLWAYE AN: _____ VIL: _____ ETA: _____ KÒD POSTAL: _____ Si ou te fe travay pat fè travay la: _____</p>
Etap 3 Atestasyon	<p>Mwen konfime enfòmasyon anlè yo kòrèk epi mwen konnen lalwa pini fo deklarasyon yo. Mwen konprann nap fè mwen konnen rezulta demann mwen an. Mwen konprann si mwen itilize Peryòd de baz altènatif, mwen pap ka itilize salè sa yo si m fè yon reklamasyon yon lòt fwa.</p> <p>Siyati Obligatwa _____ dat _____ kòd reyjonal nimewo telefòn _____</p>
Etap 4 Enstwiksyon pou voye li tounen	<p>Ou dwe ranpli avi sa a ak tout attachman yo epi nou dwe resevwa yo nan delè ki ekri anlè mesaj ki make ENPÔTAN ! an. FAKS: 518-457-9378 OU LAPÒS: New York State Department of Labor</p> <p>Avis sa se paj kouvèti ou. Mete total nom paj ki genyen</p> <p> Albany, N.Y. 12212-5130</p>



Reklame alokasyon chak semèn ou sou entènèt oubyen rele Tel-Service
1-888-457-8560.



Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nou: www.labor.ny.gov



Konsilte Gid enfòmasyon pou moun k ap reklame alokasyon

DEMANN KANTITE LAJAN ALOKASYON KI BAZE OU SEMÈN TRAVAY

Pou reklame kantite lajan alokasyon yo ki baze sou semèn travay yo, ou dwe ranpli fòm sa epi voye nan adrès Depatman Travay ki endike anwo a, avèk yon egzanz jistifikasyon salè epi salè pou chak semèn travay peryòd debaz ki endike anba a. Nou dwe resevwa li nan dis jou almannak apre dènye Detèminasyon Avantaj Lajan ou. Pa voye orijinal fich salè ou yo, paske yo pap retounen yo ba ou. Demann montan alokasyon ki baze sou semèn travay kapab trete avan tout demann re-konsidérasyon fin egzamine epi peryòd debaz ki te etabli dwe rive nan fin li. N ap ba ou enfòmasyon sou mezi ki konsène demann ou nan yon dèle de twa semèn apre nou resevwa dokiman ou yo.

Ranpli sèlman pati devan fòm sa si ou te travay pou yon sèl patwon oswa si ou te travay pou de patwon oswa plis. Youn apre lòt. Si ou te travay pandan menm semèn (yo) pou de patwon ou plis, ranpli fèy kalkil ki dèyè fòm lan epi transfere ransèyman ki koresponn yo nan paj devan fòm sa. Si ou gen plis sèt patwon pandan peryòd debaz, fè yon lis ki genyen enfòmasyon sa yo sou yon fèy papye diferan epi atache l ak fòm sa.

Tanpri ekri an lè detache epi aklè

Non Fanmi: _____ Prenon: _____ Dezyèm Prenon: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kò Postal: _____

Nimewo Sekirite Sosyal: XXX – XX - _____

Peryòd Debaz: Depi _____ Jiska _____

(Antre dat sa yo nan T402 yo te bay anvan an, Detèminasyon Avantaj Lajan)

A. Non ak adrès patwon an	B. Konbyen tan Peryòd peman an te dire (pa egzanz: chak semèn, chak 15 jou, etc...)	C. Total semèn peye yo pandan peryòd debaz lan	D. Total salè yo pandan Peryòd debaz lan
1.			\$
2.			\$
3.			\$
4.			\$
5.			\$
6.			\$
7.			\$
E. Total Semen Ak Sale Pou Peryòd Debaz Lan			\$
F. Total Semen Travay Nan Fey Travay Ki Fèt An Menm Tan Yo (pa dèyè)			

G. Fòmil nouvo kalkil

- Divize total salè yo pa total semèn yo (chif pi ba a ant **E** ak **F**) pou kalkile salè mwayen an pa semèn.....\$_____
- Divize total salè mwayen chak semèn nan liy 1 an pa 2 pou ou jwenn kantite lajan alokasyon pwopoze baze sou semèn ak salè yo. Pousantaj la pa kapab depase \$435 dola.....\$_____
- Mete montan alokasyon aktyèl nan dènye Avantaj finansye T402 ou.....\$_____
- Retire liy 3 nan liy 2. Montan sa a dwe egal a ou plis pase 5\$ pou ou resevwa yon montan alokasyon rekalkile ki baze sou semèn ak salè yo.....\$_____

Atestasyon : Mwen konfime tout enfòmasyon ak dokiman mwen bay yo kòrèk ak egzat. Mwen rekonèt yo ka verifye enfòmasyon sa yo epi yo ka pran sanksyon si ta gen fo deklarasyon.

Siyati: _____ Dat : ____ / ____ / ____ Nimewo telefòn: _____

FÈY KALKIL SALÈ TOTAL DOSYE TRAVAY KI FET AN MENM TAN NAN PERYÒD DEBAZ LAN

SS# XXX-XX-_____ NON : _____ Peryòd Debaz : De _____ / _____ a _____ / _____

SEmen Yo →	*
ANPLWAYE YO ↓	

EE FOTO KOPI EÒM SA A S/OU/ TE TRAVAY BOU/BIS BASEZ ANB/ WAVE BANDAN PERIOD DEBAZ / AN

ENTWICKLUNG.

1. *Fè yon lis tout Dat semèn nan fini (Dimanch) pou total peryòd debaz ou an. Konsilite fòm **T402 – Detèminasyon avantaj lajan** pou ou ka wè dat Peryòd debaz ou yo.
 2. Mete yon tchèk-mak (✓) nan tablo anba a pou chak semèn kote ou te travay pou chak patwon nan Peryòd debaz la.
 3. Fè total nom semèn pou chak patwon, epi mete salè ki koresppon a chak patwon devan fòm sa a.
 4. Itilize tablo sa a pou ou konte chak semèn ou te koche yon kaz. Konte chak semèn yon sèl fwa menm si genyen plis passe yon **kaz ki koche pou semèn sa a**. Sa pral genyen total semèn ou te travay pandan peryòd debaz la. Mete chif sa a nan liy F devan fòm sa a.

Fè foto kobi epi atache tout près travay ou pou tout semèn vo pou chak patwon. Pa vove dokiman oriijinal yo.

ENSTWIKSYON POU DEMANN SOU KANTITE LAJAN ALOKASYON BAZE SOU SEMEN TRAVAY YO

Ou gen dwa pou jwenn alokasyon ak kantite lajan alokasyon nou te detèmine dapre yon fòmil ki itilize lajan ou te fè nan trimès pi wo nan Peryòd debaz lan. Selon travay ou fè nan pase ou, ou kapab genyen dwa pou ou resevwa montan alokasyon chak semèn ki pi wo baze sou mwatye mwayen salè chak semèn ou. Pou ou mande yon revizyon montan alokasyon chak semèn ou, ou dwe fè tout bagay sa yo :

- Nou dwe resevwa demann ou nan dis jou almannak apre dat dènye Detèminasyon Avantaj Lajan ou.
- Yo fini etabli peryòd debaz ou an.
- Ou dwe genyen omwen 20 semèn de travay nan peryòd debaz ou an. Yon semèn travay defini tankou yon peryòd kòmanse lendi a dimanch kote yo te peye ou yon salè pou yon travay pou yon patwon ki kouvri pa Lwa ki sou asirans chomaj nan Eta New York.
- Ou dwe bay tout prèv de total semèn salè ou ak travay pou **tout** peryòd debaz yo. Prèv nou aksepte yo se sous chèk, anvlop pewòl, oswa chèk ki anile. Prèv ou dwe montre non patwon ou, peryòd peman/dat peman, salè ak non ak/oswa nimewo Sekirite Sosyal ou. Montan alokasyon yo kalkile an fonksyon ak pa janm kapab pi wo pase montan alokasyon maksimòm ki anvigè.
- Pousantaj avantaj ki baze sou yon mwatye salè mwayen pa semèn dwe se omwen **\$5.00** plis pase kantite lajan avantaj chak semèn ki baze sou fòmil salè pa trimès nan fòm dènye Detèminasyon Avantaj Lajan ou.

Demann pou montan alokasyon ki baze sou semèn travay yo diferan de Demann pou re-konsiderasyon an.

Demann pou Re-konsiderasyon an diskite nan Seksyon 4 tiliv moun ki fè reklamasyon an: "Konbyen lajan k ap nan avantaj yo chak semèn?" Ou pa ka fè yon demann pou montan alokasyon baze sou semèn travay avan ou finalize peryòd debaz w ap itilize an ak ke yon detèminasyon te fèt konsènan tout Demann pou rekonsiderasyon.

Sou lòt bò a gen yon egzanp yon Demann ki fèt pou Pousantaj ki Baze sou fòm Semèn Travay. Egzanp lan sipoze yon reklamasyon avantaj ki fèt nan 4^{yèm} trimès 2013 epi salè patwon yo te rapòte nan Sistèm Rapòtaj Salè Eta New York nan peryòd bazik debaz 1ye jiyè 2012 jiska 3 0 jwen 2013.

Patwon	Sale Yo				Peryòd Debaz
	2/2013	1/2013	4/2012	3/2012	
Good Construction, Inc.	\$5,000	\$6,594	\$7,812	\$1,379	\$20,781
Better Construction, Inc.	\$640				\$640
Best Construction, Inc.				\$6,440	\$6,440
Total	\$5,640	\$6,594	\$7,812	\$7,815	\$27,861

Nan egzanp sa a, salè moun ki fè reklamasyon an, ki baze sou en vennsizyèm (1/26) salè trimès ki pi gwo a, se \$300 dola. Pou moun ki gen salè \$3,575 oswa mwens nan pi bon trimès la, montan avantaj pa semèn nan baze sou en vennsenkyèm (1/25).

Montan baze sou travay chak semèn ak salè, ki tankou prèv ki akseptab, fè \$309. (Gade kalkil yo nan paj 2 enstwiksyon yo).

REMAK: Si ou te travay pou plis pase yon patwon nan menm semèn nan pandan youn oswa plis semèn, ou dwe ranpli Fèy Kalkil Salè Total anvan dèyè fòm Demann pou Montan ki Baze sou Semèn Travay. Nan egzanz ki anba la a, semèn total ki sou liy **F** pi piti pase kantite total semèn yo jan sa endike sou liy **E** akòz travay anmenmtan nan peryòd debaz la.

Egzanz – Demann pou montan alokasyon baze sou semèn travay yo

A. Non ak adres patwon an	B. Konbyen tan Peryòd peye an te dire : (pa egzanz : chak semèn, chak 15 jou, elatriye...)	C. Total semèn peye yo pandan peryòd debaz lan	D. Total salè yo pandan Peryòd debaz lan
1. Good Construction, Inc. Anytown, NY 10101	de fwa pa semèn	43	\$ 20,781.00
2. Better Construction, Inc. Anytown, NY 10101	de fwa pa semèn	2	\$ 640.00
3. Best Construction, Inc. Anytown, NY 10101	chak semèn	8	\$ 6,440.00
4.			
5.			
6.			
7.			
E. Total Semen Ak Sale Pou Peryòd Debaz Lan		53	\$ 27,861.00
F. Semèn total ou te travay nan Fèy Kalkil Salè Total la		45	

G. Fòmil pou nouveau kalkil, Egzanz

1. Divize total salè an pa total semèn yo (pi piti ki nan Liy E oswa F) pou kalkile.....\$619.13
2. Divize salè mwayen pa semèn nan pa 2 pou rive nan montan ki pwopoze a ki baze sou semèn ak salè a. Montan an pa kapab depase \$435.....\$309.57
3. Antre montan avantaj ou nan moman an ki nan dènye fòm Detèminasyon Avantaj Lajan T402 ou.....\$300.00
4. Soustrè liy 3 nan liy 2. Kantite lajan an **dwe** se \$5 oswa plis pou resevwa pouvantaj ki re-kalkile ki baze sou semèn yo ak salè a.....\$9.57

Egzanz 1 2 3 4 5 6 7 8 9 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52

Semèn yo→	7/01/12	7/08/12	7/15/12	7/22/12	7/29/12	8/05/12	8/12/12	8/19/12	8/26/12		4/01/12	4/08/12	4/5/12	4/21/12	4/29/12	5/06/12	5/3/12	5/20/12	5/27/12	6/03/12	6/10/12	6/17/12	6/24/12		
Patwon ↓	7/01/12	7/08/12	7/15/12	7/22/12	7/29/12	8/05/12	8/12/12	8/19/12	8/26/12		4/01/12	4/08/12	4/5/12	4/21/12	4/29/12	5/06/12	5/3/12	5/20/12	5/27/12	6/03/12	6/10/12	6/17/12	6/24/12		
A				✓	✓	✓	✓	✓	✓		✓	✓	✓	✓			✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓		
B																					✓	✓			
C	✓	✓		✓	✓	✓	✓	✓	✓																
Etc.																									
	X															X	X								

Lejann:	
X	= Pa gen travay ki disponib
*	= Semèn 10-39; endike 26 semèn pou "A"

Semèn Brit	53
Semèn Anmenmtan	8
Semèn Nè	45

Demann Odyans Moun ki Mande Konpansasyon

Dènye kat (4) dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) ou: _____

Non ou (an lèt detache): _____

Ou kapab mande yon odyans sou Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI) nan de (2) fason, sou entènèt oswa pa lapòs.

- Pou mande yon odyans sou entènèt, konekte nan kont NY.Gov ou. Klike sou ikòn anvlop la anwo adwat paj-ekran My Online Services ou. Answit kreye yon nouvo mesaj nan imèl. Chwazi "Hearings and Appeals" (odyans ak kontestasyon) nan meni dewoulan an kòm premye liy sijè a, ak "I want to request a hearing" (mwen vle mande yon odyans) kòm dezyèm liy sijè.
- Pou mande yon odyans pa lapòs, ranpli fòm sa a epi siyen li. Voye li nan adrès ki anlè fòm sa a. Ekri **sèlman** nan espas nou bay nan fòm sa a. **PA** ekri deyò maj yo ni padèyè. Si ou bezwen plis espas, itilize yon fèy papye blan 8 ½ x 11 pouz. Sonje pou ekri non ou ak kat (4) dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou sou tout papye w ap voye yo. Pa agrafe paj yo.

ENPÒTAN: Pou pwoteje dwa ou pou resevwa avantaj UI ou ka gen dwa pou resevwa, tanpri kontinye konfime pou avantaj UI ou chak semèn, toutotan ou p ap travay.

Mwen pa dakò avèk **Avi Detèminasyon (yo)** ki gen dat _____/_____/_____ (mwa, jou, ane), epi mwen mande yon odyans poutèt sa. Rezon (ou pa oblige bay li):

Si ou mande yon odyans sou yon detèminasyon ki te fèt depi plis pase 30 jou, tanpri endike rezon ki fè ou anreta nan lè ou fè nou konnen:

Non Dènye Patwon: _____

Adrès fizik travay la (mete kote ou te ale pou travay souvan):

Ri	Vil	Eta	Kòd Postal
----	-----	-----	------------

Nimewo Telefòn Travay: (_____) _____

Èske ou ta renmen odyans ou fèt nan yon lang ki pa Anglè? Wi Non

Si ou reponn wi, nan ki lang ak nan ki dyalèk? _____

Dat ou pa disponib pou yon odyans: _____

Adrès Imèl: _____ Telefòn: (_____) _____

Adrès Postal: _____ Apatman/Etaj: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Siyati _____ Dat la _____

Pou jwenn enfòmasyon sou Biwo Defansè Moun ki Mande Konpansasyon UI, epi pou wè yon vidéyo sou fason pou prepare pou yon odyans, ale sou sitwèb nou nan <http://labor.ny.gov/ui/claimantinfo/claimant-advocate.shtm>.

Eksplikasyon pou Ranpli Fòm Enskripsyón Elektè

1. Ranpli fòm Enskripsyón Elektè ou jwenn imedyatman apre fèy eksplikasyon sa a.
2. Detache li nan tiliv sa a avèk anpil prekosyon, epi mete li nan yon anvlop la. Sonje pou mete adrès pou retounen an ak tem kòrèk la.
3. Voye li ba Komisyón Eleksyon Konte ki nan konte kote w ap viv la (gade lis ki anba paj sa a). *Pa voye fòm sa a nan Depatman Travay (Department of Labor)! Nou pa kapab travay sou li epitou si ou fè sa n ap voye li retounen ba ou. Sa ap lakòz ou jwenn reta nan enskripsyón ou.*

New York City 32 Broadway, 7th Fl. New York, NY 10004 (212) 487-5300	Chenango 5 Court St. Norwich, NY 13815 (607) 337-1760	Franklin 355 West Main St. Ste. 161 Malone, NY 12953 (518) 481-1663	Lewis 7660 N. State St. Lowville, NY 13367 (315) 376-5329	Oneida Union Station 321 Main St. 3rd Fl. Utica, NY 13501 (315) 798-5765	Putnam 25 Old Route 6 Carmel, NY 10512 (845) 808-1300	Schuyler County Office Bldg. 105 9th St., Unit 13 Watkins Glen, NY 14891 (607) 535-8195	Ulster 284 Wall St. Kingston, NY 12401 (845) 334-5470
